

**MAKNA SIMBOLIK UBARAMPE WONTEN UPACARA TRADHISI
WETON TIRON ING DESA BUMIREJO KULON PROGO**

SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening
Muh Karesa
NIM 13205241041

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI UNIVERSITAS
NEGERI YOGYAKARTA
2020**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Nilai Simbolik Ubarampe wonten Upacara
Weton Tiron ing Desa Bumirejo, menika sampun pikantuk palilah saking
pembimbing saba samapta dipunuji



Yogyakarta, 2 februari 2020

Pembimbing


Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum

NIP. 196210081988032001

PENGESAHAN


Skripsi kanthi irah-irahan Makna Simbolik Ubarampe Wonten Upacara Tradhisi
Weton Tiron Ing Desa Bumirejo Kulon Progo dipunandharaken wonten
pendadaran ing sangajengipun *dewan penguji* tanggal 17 maret 2020
saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
1. Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum	Ketua Penguji		5/4-2020
2. Nur Hidayati, Spd, M.Hum	Sekretaris Penguji		7/4 2020
3. Dr. Afendy Widayat, M.Phill	Penguji Utama		6/4 2020

Yogyakarta April 2020
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,




Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum
NIP. 196210081988032001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : Muh Karesa

NIM : 13205241041

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandharaken bilih panaliten menika minangka asiling padamelan kula piyambak. Sapangertosan kula, panaliten menikaboten kaisi materi ingkang dipunserat dening tiyang sanes, kejawi namung perangan tartamtu ingkang kulapendhet minangka dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan karya ilmiah ingkang umum.

Seratan ing wedaharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kabukti wedharan menikaboten leres, saestu dados tanggeljawab kula.

Yogyakarta, 2 Februari 2020

Panyerat



Muh Karesa

SESANTI

Tatag, teteg, bakal tutug.

PISUNGSUNG

Kanthi raos sukur dhumateng Gusti Allah.

Karya ilmiah menika kula pisungsungaken dhateng
Bapak kaliyan Ibu ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga.

PRAWACANA

Puji sokur ing ngarsa Dalem Gusti Allah ingkang tansah paring lumubering rahmat dhateng panyerat, saengga skripsi kanthi irah-irahan “**Makna Simbolik Ubarampe Wonten Upacara Weton Tiron Ing Desa Bumirejo**” menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar sarjana pendidikan*.

Awit saking pambiyantu kangge nyusun skripsi menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya ingkang mbiyantu kados kaserat wonten ing ngandhap menika.

1. Ibu Dr.Sri Harti Widdyastuti, M. Hum., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin kangge nyusun skripsi menika.
2. Bapak Afendy Widayat, M.Phill., minangka pangarsaning Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring wewarah supados skripsi menika saged dipunrampungaken kanthi lancar.
3. Ibu Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum., minangka *pembimbing* ingkang sampun paring wewarah kanthi sabar kangge ngrampungaken skripsi kanthi lancar.
4. Ibu Avi Meilawati S.Pd, MA., minangka *Penasehat Akademik* ingkang sampun paring *nasehat* salaminipun sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
5. Sedaya dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring seserepan wonten ing pasinaon kuliah.
6. Para *staf* Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring pambiyantu anggenipun proses panyeratan skripsi menika saengga ndadosaken lancar sadayanipun.
7. Tiyang sepuh kekalih saha sedaya kulawarga ingkang sampun paring pambiyantu saha donga pangestu.

8. Sedaya kanca – kanca kula ingkang wonten ing Tirirenggo, saha kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu saha *semangat*.
9. Warga Desa Bumirejo ingkang sampun paring pambiyantu supados saged lancar anggenipun ngrampungaken skripsi menika.
10. Sedaya *pihak* ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal awit saking pambiyantunipun.

Panyerating skripsi menika taksih gadhah kekurangan. Awit saking menika, panyerat gadhah pangajab supados pamaos paring panyaruwe saha pamrayogi kangge nyampurnakaken panaliten menika. Panaliten menika mugi-mugi saged caos paedah dhateng sedaya ingkang maos.

Yogyakarta, 24 Februari 2020

Panyerat,



Muh Karesa

WOSING SERATAN

IRAH-IRAHAN	Kaca i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING SERATAN.....	ix
<i>DAFTAR TABEL</i>	xii
<i>DAFTAR GAMBAR</i>	xiv
<i>DAFTAR GAMBAR LAMPIRAN</i>	xiv
<i>DAFTAR LAMPIRAN</i>	xvi
SARINING PANALITEN.....	xix

BAB I PAMBUKA

A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	4
C. Watesaning Perkawis	5
D. Wosing Perkawis	5
E. Ancasing Panaliten	6
F. Paedahing Panaliten	6

BAB II GEGARANING *TEORI*

A. Andharan <i>Teori</i>	8
--------------------------------	---

1. Kabudayan	8
2. <i>Folklor</i>	9
3. Upacara Tradhisi	11
4. Upacara Bancakan Weton	12
5. <i>Makna Simbolik</i>	13
B. Panaliten Ingkang Jumbuh.....	15
C. Nalaring Pikir.....	17

BAB III METODE PANALITEN

A. Jinising Panaliten	19
B. <i>Data</i> Panaliten	19
C. <i>Sumbering Data</i>	20
D. Cara Ngempalaken Data	21
E. Pirantining Panaliten	23
F. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i>	24
G. Caranipun Nganalisis <i>Data</i>	24

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Deskripsi Setting Panaliten	26
1. Andharaning Papan Upacara Bancakan Weton	26
2. Para Paraga Upacara Bancakan Weton	28
a. <i>Kependudukan</i>	29
a. <i>Sistem Religi</i>	30
B. Prosesi Upacara Bancakan Weton	31
1. Cecawis	34
a. Wadhah Sajen Bancakan	35
b. Sajen Bancakan Weton	35
1) Sekul Tigan	36
2) Gudhangan	39
3) Jenang-jenangan	41

4) Sekar Pancawarna	45
5) Jajan Pasar	47
6) Dhamar Kambang	50
7) Unjukan Kopi, Teh, Toya Pethak	52
8) Dupa	55
9) Wajib	56
2. Lampahing Adicara	57
a. Masrahaken Sajen	58
b. Mbongkar Sajen	62
C. <i>Makna Simbolik</i> Sajen	65
1. Sekul Tigan	65
2. Gudhangan	68
3. Jenang Gangsal	69
4. Jenang Abrit lan Pethak	75
5. Sekar Pancawarna	77
6. Jajan Pasar	79
7. Damar Kambang	81
8. Unjukan Kopi, Teh, Toya Pethak	82
9. Dupa	83
10. Wajib	84
D. Paedah Upacara Bancakan Weton	86
1. Paedah Religi	86
2. Paedah <i>Psikologis</i>	87
3. Paedah Sosial	88
4. Paedah Pelestari Tradhisi	90

BAB V PANUTUP

A. Dudutan	91
B. Pamrayogi	93
C. <i>Implikasi</i>	93

KAPUSTAKAN	94
<i>LAMPIRAN</i>	96

DAFTAR TABEL

	Kaca	
Tabel 01: Panaliten ingkang jumbuh.....		16

DAFTAR GAMBAR

	Kaca
Gambar 1. <i>Denah Lokasi Upacara Weton Tiiron</i>	27
Gambar 2. Sekul Tigan Inkgang Awujud Golog.....	38
Gambar 3. Sekul Tigan Inkgang Awujud Tumpeng	39
Gambar 4. Gudhangan	41
Gambar 5. Jenang-jenangan	44
Gambar 6. Sekar Pancawarna	47
Gambar 7. Jajan Pasar	50
Gambar 8. Damar Kambang..	51
Gambar 9. Unjukan Kopi, Teh, Toya Pethak	54
Gambar 10. Dupa	56
Gambar 11. Wajib	57

DAFTAR GAMBAR LAMPIRAN

	Kaca
Gambar 1. Sayur Gudhangan.....	97
Gambar 2. Jenang among werni 7.....	98
Gambar 3. Bumbu Gudhanganingkang badhe dipunkukus.....	99
Gambar 4. Jajan pasar.....	99
Gambar 5. Kembang Among.....	100
Gambar 6. Unjukan among.....	100
Gambar 7. Sekul Tigan.....	101
Gambar 8. Dupa.....	102
Gambar 9. Dhamar Kambang.....	102
Gambar 10. Bapak Supardal ingkang badhe masrahaken Sajen.....	103
Gambar 11. Sekul Tigan.....	104
Gambar 12. Sayur Gudhangan kaliyan Sekul Tigan.....	105
Gambar 13. Jenang-jenangan.....	105
Gambar 14. Unjukan Kopi, Teh, Toya Pethak kaliyan Kinang.....	106

Gambar 15. Sekar Panca Warna.....	107
Gambar 16. Dhamar Kambangan.....	107
Gambar 17. Jajan Pasar.....	108
Gambar 18. Wajib.....	108
Gambar 19. Sajen Weton Tiron ingkang sampun dipuntata.....	109
Gambar 20. Mbah Iman (Ny) bongkar sajen.....	109
Gambar 21. Jenang-jenangan ingkang dipunwadhahi gelas	111
Gambar 22. Sekul Tigan	112
Gambar 23. Bumbu gudhangan kaliyan sayur	113
Gambar 24. Unjukan, kinang,kaliyan rokok	114
Gambar 25. Sekar among.....	114
Gambar 26. Jajan Pasar	115
Gambar 27. Damar Kambang.....	116
Gambar 28. Dupa.....	116
Gambar 29. Arta wajib	117
Gambar 30. Pak Triyono nata sajen.....	117

Gambar 31. Pak Triyonoingkang badhe masrahaken sajen.....	118
Gambar 32. Bahan kangge damel jenang-jenangan	119
Gambar 33. Jajan Pasar.....	120
Gambar 34. Unjukan among, rokok, korek,kaliyan wajib.....	121
Gambar 35. Sekul Tigan.....	122
Gambar 36. Dupa Kangge among.....	123
Gambar 37. Dhamar kambang.....	123
Gambar 38. Sekar among.....	124
Gambar 39. Sajen ingkang badhe dipuntata.....	124
Gambar 40. Pak Kari ingkang masrahaken sajen.....	125

DAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
Lampiran I : Cathetan <i>Lapangan Observasi</i>	97
Lampiran II : Cathetan <i>Lapangan wawancara</i>	126
<i>Kerangka Analisis Upacara Weton Tiron</i>	151

MAKNA SIMBOLIK UBARAMPE WONTEN UPACARA WETON TIRON ING DESA BUMIREJO

Dening Muh Karesa NIM 13205241041

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken prosesi lampahing upacara weton tiron, *makna simbolik* sajen ing salebeting upacara bancakan weton sarta paedahipun upacara bancakan weton tumrap warga panyengkuyung.

Panaliten menika migunakaken *metode* panaliten *kualitatif*. Caranipun ngempalaken *data* migunakaken *observasi partisipasi* saha *wawancara mendalam*. Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak kanthi ngginakaken *kamera foto*, *perekam* saha piranti kangge nyerat. Caranipun nganalisis *data* ngginakaken *teknik analisis induktif*. Caranipun ngesahaken *data* mawi *triangulasi sumber* lan *metode*.

Asiling panaliten nedahaken bilih: (1) prosesi lampahing upacara weton tiron kaperang dados tiga rerangken: (a) cecawis upacara ingkang awujud nyepakaken wadhah sajen, cecawis sajen ing salebeting upacara bancakan weton. (b) lampahing upacara bancakan weton awujud masrahaken sajen bancakan weton (c) ngedum bancakan. (2) *Makna simbolik* sajen ingkang dipunginakaken ing salebeting upacara bancakan weton menika kangge mahyakaken raos kurmat dhateng kaki among nini among kaliyan sedulur sekawanipun supados dipunparingi remen anggenipun momong lan nyuwun kaslametan lan kawilujengan saha gampil anggenipun ngupados rejeki ing gesangipun. (3) Paedah upacara bancakan weton tumraping warga panyengkuyung inggih menika (a) paedah *religi*, (b) paedah *psikologis* (c) paedah *sosial*, (d) paedah nglestantunaken kabudayan.

BAB I

PAMBUKA

A. Dhasaring Panaliten

Indonesia inggih menika salah satunggaling nagari ingkang gadhah maneka warna kabudayan. Kabudayan wonten Indonesia maneka warna wujudipun, kadosta kesenian, *arsitektur*, basa, karya sastra, adat istiadat, kapitadosan, upacara tradhisi, lan sapinunggalanipun. Maneka warna wujud kabudayan menika sumebar wonten sedaya daerah, lan taksih dipunlestantunaken. Salah satunggaling masarakat Indonesia ingkang taksih nguri-uri kabudayan inggih menika masarakat Jawi.

Salah satunggaling kabudayan ingkang taksih dipunlestantunaken dening masarakat Jawi inggih menika bab upacara tradhisi. Brataxiswara (2000: 9) ngandharaken bilih upacara *Tradisi* menika arupi gambaran sadaya rantaman, tindakan, saha subasita ingkang dipunatur dening tata *nilai* warisan turun-tumurun saking *generasi* dhateng *generasi* salajengipun ingkang arupi *manifestasi* tata pagesangan masarakat Jawa ingkang sarwa ngatos-atos supados menawi nindakaken pakaryan gadhah kawilujengan lair ugi batos. Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi bilih upacara tradhisi menika salah satunggaling wujud kabudayan ingkang dipunwarisaken turun-tumurun saking para leluhur. Upacara tradhisi menika dipunadani dening masarakat kangge mengeti prastawa ingkang dipunanggep penting. Upacara tradhisi menika awujud prosesi ritual ingkang dipuntindakaken dening masarakat utawi pribadhi. Upacara tradhisi

ingkang katindakaken dening kelompok utawi masarakat kanthi cara sesarengan utawi gotong royong, tuladhanipun : upacara tradhisi labuhan, upacara tradhisi saparan, upacara tradhisi grebegan lan sapinunggalanipun, wondene upacara tradhisi ingkang dipuntindakaken dening *perorangan*, lan sipatipun kangge diri pribadi tuladhanipun upacara bancakan weton.

Upacara bancakan weton inggih menika salah satunggaling upacara tradhisi ingkang taksih dipuntindakaken dening saperangan tiyang masarakat Jawi ingkang gadhah kapitadosan leluhuripun utawi kejawen. Upacara bancakan weton dipunlampahi selapan sepisan saben malem dinten kelairanipun miturut dinten pasaran lan *kalender* jawi. Upacara bancakan weton anggenipun nindakaken wonten tata caranipun piyambak, inggih menika caos ubarampe lan sesajen lan masrahaken sajen. Salah satunggaling jinis upacara tradhisi bancakan weton inggih menika upacara tradhisi bancakan Weton Tiron.

Upacara tradhisi bancakan Weton Tiron menika katindakaken dening saperangan tiyang ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo ingkang taksih gadhah kapitadosan kejawen. Saperangan masarakat ingkang taksih nindakaken upacara menika pitados bilih saben tiyang menika wonten pamomongipun, pramila kedah dipunwujudi saben dinten kelairanipun. Budiono Herusastoto ngandharaken bilih sistem upacara *religius* menika gadhah ancas kangge madosi hubungan antawisipun manugsa kaliyan Gustinipun, dewa-dewa, utawi makhluk ghoib. Sistem upacara *religius* menika dados *lambang* lan *simbol* sedaya *konsep-konsep* ingkang wonten ing sistem kapitadosan (1991:148). Saking andharan Budiono Herusastoto menika saged dipunmangertosi bilih

upacara tradhisi menika saged awujud upacara ingkang asipat religius. Upacara tradhisi menika saged dados piranti kangge sesambetan kaliyan Gustinipun.

Upacara tadhisi bancakan Weton Tiron wonten Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo menika beda kaliyan upacara bancakan weton sanesipun, mliginipun kaliyan panaliten sakderengipun ingkang katindakaken dening Monica Valent Minanda ing Desa Tirengga, Bantul. Ingkang beda menika perangan ubarampe ingkang dipunginakaken. Ubarampe utawi isinipun sajen bancakan Weton Tiron menika maneka warni, ingkang awujud sajen pangan kadosta jenang-jenangan, pisang, gudhangan, sekul tigan, jajan pasar, kopi, teh, lan toya pethak. Sajen ingkang awujud *non* pangan kadosta sekar, udud, lan wajib. Saben isinipun sajen ingkang dipunginakaken wonten kathah lan antawisipun setunggal lan setunggalipun ngewrat *makna simbolik* ingkang beda-beda. Cassirer (wonten ing Herusatoto.1991: 10) ngandharaken bilih manungsa boten nate mriksani, nemtokaken, lan mangertos donya menika kanthi langsung ananging saking *simbol*.

Upacara tradhisi bancakan Weton Tiron wonten ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah Kabupaten Kulon Progo menika unik saha narik kawigatosanipun panaliti. Ingkang dipunwastani unik menika menawi dipuntingali saking asal-usulipun Weton Tiron menika saking tembung Weton kaliyan Tiron. Weton ateges dinten lairipun, Tiron menika saking tembung tiru utawi niru. Tiru menika ateges nggambaraken kadadosanipun manungsa. Sedaya dipungambaraken utawi dipunsimbolaken ngangge maneka warna ubarampe. Weton Tiron menika ateges niru utawi nggambaraken kadadosanipun manungsa

ingkang dipunpengeti saben dinten wetonipun kanthi sarana ubarampe kaliyan donga-donga.

Ubarampe ingkang dipunginakaken menika antawisipun sekul tigan, jenang-jenangan, damar kambangan, sekar setaman ingkang sajodho lan sanesipun. Ubarampe ingkang dipunginakaken menika ngemu teges ingkang beda-beda. Awit saking menika panaliti gadhah pepingin naliti bab ubarampe Weton Tiron mliginipun babagan *makna simbolik*.

B. Underaning Perkawis

Miturut dhasaring panaliten ingkang sampun dipunpanggihaken, saged dipunidentifikasi perkawis inggih menika :

1. ubarampe wonten ing upacara bancakan weton.
2. *makna simbolik* wonten ubarampe bancakan weton.
3. *nilai filosofis* wonten ubarampe weton.
4. *prosesi* lampahing upacara weton
5. donga ing *prosesi* lampahing upacara weton
6. kapitadosan tiyang ingkang nindakaken upacara weton
7. paedah kangge warga masarakat Desa Bumireja

C. Watesaning Perkawis

Miturut underaning perkawis saged dipunwatesi perkawis ingkang wigati, inggih menika:

1. *Prosesi* lampahing upacara bancakan weton.
2. Ubarampe ingkang dipunginakaken wonten upacara bancakan weton ing Desa Bumirejo.
3. *Makna simbolik* ubarampe ingkang dipunginakaken wonten upacara bancakan weton ing Desa Bumirejo. .
4. Paedah upacara bancakan Weton Tiron.

D. Wosing Perkawis

Miturut watesaning perkawis, wosing perkawis inggih menika:

1. Kadospundi prosesi lampahing upacara bancakan weton ing Desa Bumiireja?
2. Menapa kemawon ubarampe ingkang dipunginakaken wonten upacara bancakan weton ing Desa Bumirejo?
3. Kadospundi *nilai simbolik* ubarampe ingkang dipunginakaken wonten upacara bancakan weton ing Desa Bumirejo?
4. Menapa kemawon paedahipun upacara Weton Tiron menika?

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten menika kapanggihaken adhedhasar wosing prakawis, ingkang dados ancasing panaliten kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken prosesi lampahing upacara bancakan Weton Tiron wonten ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo
2. Ngandharaken maneka warna ubarampe ingkang dipunginakaken wonten upacara bancakan Weton Tiron.
3. Ngandharaken *makna simbolik* wonten ing upacara bancakan Weton Tiron.
4. Ngandharaken paedahipun upacara Weton Tiron menika kangge diri pribadi kaliyan masarakat.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten *makna simbolik* ing upacara bancakan Weton Tiron wonten Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo menika dipunajab supados saged paring mupangad dhumateng tiyang sanes. Paedah panaliten menika wonten kalih inggih menika paedah *teoritis* lan paedah *praktis*.

1. Paedah *Teoritis*

Panaliten Upacara bancakan Weton Tiron wonten ing Desa Bumirejo menika saged paring pamrayogi kangge panaliti ingkang nliti babagan upacara tradhisi weton. Asiling panaliten menika saged nambah wawasan ngengingi upacara tradhisi mliginipun upacara bancakaan weton, lampahing adhicara, *makna simbolik*, lan paedahipun.

2. Paedah *Praktis*

Paedah *praktis* saking panaliten menika saged paring *informasi* utawi nambah seserepan dhateng masarakat saha pamaos gayut kaliyan *makna simbolik* bancakan Weton Tiron. Wondene paedah sanesipun inggih menika :

- a. Saged mangertos prosesi lampahing upacara tradhisi Weton Tiron ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo.
- b. Saged mangertos *makna simbolik* ubarampe wonten upacara tradhisi Weton Tiron ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo.
- c. Saged mangertos paedahipun upacara tradhisi Weton Tiron ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo.

Kangge masarakat Desa Bumirejo supados saged nglestantunaken upacara tradhisi bancakan Weton Tiron manika kanthi sae. *Inventarisasi* lan *dokumentasi* upacara tradhisi Weton Tiron ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo menika dereng nate dipuntindakaken, saengga asiling panaliten menika saged dados sumbangan *data* lan *referensi* babagan upacara tradhisi wonten ing Kabupaten Kulon Progo.

BAB II

GEGARANING TEORI

A. Andharan Teori

1. Kabudayan

Koentjaraningrat (1985: 181) ngandharaken bilih kabudayan miturut asal-usuling tembung inggih menika saking tembung “buddayah” wujud majemuk saking “budhi” ingkang ateges budi utawi akal. Kabudayan inggih menika asiling cipta, karsa, lan raosing manungsa. Kabudayan menika asiling akal lan pikir tiyang gesang saking wungu dumugi tilem.

Koentjaraningrat (1985: 186) ugi manggihaken menawi wujud kabudayan menika kaperang dados tiga. Wujud kabudayan kasebut kados ing ngandhap menika :

1. Wujud kabudayan ingkang asipat *abstrak*, papanipun wonten penggalhipun manungsa.
2. Wujud kabudayan minangka *sistem sosial*, inggih menika sedaya tumindak manungsa nalika sesambetan kaliyan tiyang sanes ing masarakat.
3. Wujud kabudayan ingkang awujud *kongkret*, minangka asiling karyanipun manungsa.

Tegesipun, kabudayan menika gadhah tigang wujud inggih menika ingkang sepisan ingkang awujud ide utawi pamanggih, paugeran-paugeran ing masarakat lan sapiturutipun. Ingkang kaping kalih saged awujud tumindak saking masarakat, lan kaping tiga wujud budaya ingkang *kongkrit* minangka asiling karya manungsa.

Miturut Tashadi (1992: 1) kabudayan mujudaken asiling budi lan dayaning manungsa ingkang saged ngangkat drajadipun manungsa minangka kawulaning Gusti ingkang langkung luhur drajadipun tinimbang *makhluk* sanesipun, kadosta kewan lan tetuwuhan.

Saking pangertosan ing inggil menika saged dipundudut menawi budaya menika asiling budi saking tiyang gesang ingkang awujud pamanggih, tumindak, lan *karya kongkrit* manungsa.

2. Folklor

Folklor menawi dipuntingali saking asalipun basa, menika saking basa inggris, inggih menika saking tembung “*folk*” lan “*lore*”. “*Folk*” ateges “*rakyat, bangsa*” lan “*lore*” ateges “*tradhisi, pengetahuan*”, menawi *folklor* menika ateges cariyos saking rakyat.

Miturut Alan Dundes (Danandjaja, 2007:1-2) *folk* inggih menika saperangan tiyang ingkang gadhah *ciri fisik, sosial*, lan kabudayan sami, lajeng *lore* menika saperangan kabudayan sampun dipunwarisaken kanthi cara lisan utawi ingkang dipunparingi tuladha *gerak isyarat* utawi piranti pembantu. Dados *folklor* menika saperangan tiyang ingkang gadhah *ciri fisik, sosial*, lan kabudayan sami, saengga saged dipunbedakaken saking kelompok sanesipun.

Folklor miturut Harold Buvand (Hutomo, 1991:8) kaperang dados tiga, inggih menika:

a. *Folklor lisan (verbal folklore)*

Folklor lisan inggih menika folklor ingkang wujudipun boten seratan. Tuladhanipun folklor lisan inggih menika basa rakyat, geguritan, cariyos rakyat, tembang lan sapinunggalanipun.

b. *Folklor non lisan (non verbal folklore)*

Folklor non lisan ingkang wujudipun boten lisan, senajan dipunujaraken mawi *lisan*. Kaperang dados kalih, inggih menika *material* lan *non material*. *Folklor material* menika ingkang awujud artefak tuladhanipun *arsitektur* rakyat, ageman lan pangangge, obat tradhisional, dhaharan lan unjukan, lan sapanunggalane. Wondene ingkang *non material* menika wujudipun antawisipun *gerak isyarat* tradhisional, lan *musik* rakyat.

c. *Folklor sebagian lisan (partly verbal folklore)*

Folklor sebagian lisan menika wujudipun campuran antawisipun *folklor lisan* lan *non lisan*. Folklor ingkang kalebet ing kelompok menika antawisipun kapitadosan rakyat, dolanan rakyat, *adat istiadat*, lan sapanunggalanipun.

Saking andharan menika saged dipundudut bilih *folklor* menika asiling kabudayan ingkang ngrembaka ing masarakat kanthi cara *lisan*, awujud *lisan*, *non lisan*, lan *semi lisan*. Wondene upacara tradhisi bancakan weton menika kalebet *folklor semi lisan*.

3. Upacara Tradhisi

Masarakat Jawi ing gesangipun menika wonten tatanan paugeran ingkang sumberipun saking kasunyatan. Tatanan paugeran menika dados dhasar masarakat Jawi anggenipun nglampahi gesang. Tatanan paugeraning menika dados wiwitaning *adat-istiadat* utawi tradhisi Jawi ingkang sakmenika sampun kenging pangaribawa agami kadosta saking Agama Hindhu, Budha, Islam, Kristen, lan sapanunggalanipun. Andharan menika nedahaken bilih tiyang Jawi menika luwes, saged nampi budaya saking sanesipun ananging ingkang boten nentang *prinsip-prinsip* tradhisi ingkang sampun wonten kawit rumiyin.

Tatanan paugeran gesang tiyang Jawi menika dipunwujudaken ing upacara-upacara tradhisi. Wiwit saking rahimipun ibu menika wonten upacara tradhisi ingkang kedah dipunlampahi. Jumbuh kaliyan andharanipun Pranoto (2007: 25) bilih tata upacara ing kabudayan Jawi dipunwiwiti saderengipun manungsa lair dumugi sedanipun. Upacara tradhisi menika dipunlampahi kangge mengeti kedadosan ingkang wigatos.

Saking pangertosan menika saged dipunmangertos bilih upacara tradhisi menika upacara ingkang dipunwarisaken saking setunggal *generasi* ing *generasi* saklajengipun. Upacara tradhisi menika wonten kathah antawisipun; (1) tingkeban, (2) babaran, (3) brokohan, (4) bancakan weton, (5) kekah, (6) tedhak siten, (7) khitanan lan sapanunggalanipun. Masarakat Jawi nindakaken upacara tradhisi minangka salah satunggaling cara nguri-uri kabudayan.

4. Upacara Bancakan Weton

Ing masarakat Jawi, upacara tradhisi tasih dipuntindakaken. Salah satunggaling upacara tradhisi ingkang tasih dipuntindakaken inggih menika upacara bancakan weton. Bancakan ateges wujud rasa sukur dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Kuwaos ingkang dipunwujudaken ngedum dhaharan. Isinipun dhaharan menika sekul gudhangan, tigan godhog, lan jajan pasar.

Harmanto (1999: 53) ing Ensiklopedi Kebudayaan Jawa ngandharaken bancakan inggih menika :

“pernyataan rasa syukur kepada Tuhan Yang Maha Esa atas keberhasilannya. Pernyataan tersebut direalisasikan dalam bentuk di antaranya: (1) selamat dengan kenduri, dan (2) membagikan makan kepada anak-anak. Selamat dengan kenduri diantaranya bancakan brokohan “bancakan kelahiran anak”, bancakan weton “bancakan hari lahir”. Perlengkapan yang diperlukan dalam bancakan diantaranya nasi urap(gudhangan), telur ayam rebus, dan juga jajan pasar.”

Saking pangertosan menika, bancakan ateges wujud raos sukur dhumateng Gusti Allah awit sedaya ingkang sampun dipungayuh. Bancakan menika dipunwujudaken kanthi genduren utawi ngedum dhaharan. Wernipun bancakan menika wonten kalih inggih menika bancakan brokohan kaliyan bancakan weton.

Miturut Kamus Besar Bahasa Indonesia (2007: 1272) pangertosan weton inggih menika *“hari lahir seseorang dengan pasarannya (Legi, Paing, Pon, Wage, Kliwon)”*. Tuladhanipun Senin Pon, Rebo Wage, Kemis Kliwon lan sanesipun. Jumbuh kaliyan andharan kasebat menawi miturut W.J.S Poerwadarminta (1939: 662) ing **Baoesastra Djawa weton** ateges *“dina kalairan”*.

Ing tradhisi masarakat Jawi, umumipun lare dipundamelaken bancakan weton namung sepisan nalika umuripun selapan. Saenipun bilih bancakan weton dipundamel kanthi rutin amargi miturut Pranoto (2007: 34) weton menika dados “*kakuwatan lan kalemahan*”. Dados kakuwatan ateges dipunkukuhaken dados manungsa ingkang jangkep dene *kelemahan* menika, menawi wonten tiyang ingkang boten remen saged nyerang ngginakaken weton menika. Awit saking menika Pranoto (2007: 34) ngandharaken bilih bancakan menika boten dipunpirsani saking klenikipun amargi slametan menika tandha pangucapan sukur lan nyuwun kawilujengan dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Kuwaos kanthi bantuanipun “Kakang kawah adhi ari-ari getih puser”.

Saking pamanggih-pamanggih ingkang sampun dipunandharaken menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih bancakan weton menika wujud rasa sukur lan sarana nyuwun kawilujengan dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Kuwaos ingkang dipunwujudaken slametan ing dinten pasaran lairipun.

5. ***Makna simbolik***

Budiono (1991:10) ngandharaken bilih, tembung *simbol* menika saking basa Yunani, inggih menika *symbolos* ingkang ateges tandha utawi ciri ingkang ngandharaken bab tartamtu kaliyan tiyang sanes. Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* anggitanipun W.J.S Poerwadarminto bilih *simbol* utawi *lambang* inggih menika satunggaling tandha kadosta gambar, lengana, tumindak, lan sapiturutipun ingkang gadhah teges tartamtu. Tuladhanipun werni pethak ingkang gadhah teges suci, gambar padi minangka lambang *kemakmuran*, lan sapanunggalanipun.

Spradley (2006:134) ngandharaken bilih *simbol* menika objek utawi prastawa menapa kemawon ingkang nedahaken ing perkawis tartamtu. Sedaya simbol ngewrat tigang unsur inggih menika :

1. *Simbol*

piranti, tandha, utawi *ciri* ingkang ngemu teges.

2. Setunggal rujukan utawi langkung.

Rujukan inggih menika piranti ingkang dados rujukanipun *simbol*. Piranti menika saged awujud menapa kemawon ingkang saged dipunpenggalihaken manungsa.

3. Gayutanipun antawisipun simbol kaliyan rujukan.

Supados dados *simbol*, antawisipun tandha kaliyan rujukan kedah wonten gayutanipun. Rujukan menika dados *makna* utawi menapa ingkang dipunkajengaken.

Miturut Cassirer (wonten ing Herusatoto. 1991: 10) manungsa boten nate mriksani, nemtokaken, lan mangertos donya menika kanthi langsung ananging saking *simbol*. Ginanipun *simbol* menika dados pangantar mangertos donya ing njawinipun manungsa. Herusatoto (1991:10) ngandharaken bilih *Simbol* wonten ing kabudayan Jawi gadhah ancas 1) tandha utawi pengetan *kegiatan* tartamtu, ingkang saged dipunwujudaken patung, candhi, lan relief. 2) *Media* pangantara wonten ing *religi* a) nimbali arwah *nenek moyang* kangge dipunsuwuni berkah caranipun menika ngangge sajen, mantra lan sapanunggalipun, b) maringi pangan kangge *makhluk halus* kanthi *mbakar* menyan lan perkakas ingkang dipunremeni, c) *mbujuk makhluk halus* ingkang awon supados sumingkir ngginakaken

perkakas-perkakas saengga nolak bala 3) media kangge mbeta *pesan* utawi pitutur.

Wonten ing panaliten menika dipunpundhut *makna simbolik* saking sesajinipun. Miturut Endraswara (2006: 207) bilih sesaji menika wacana simbol ingkang dipunginakaken minangka sarana kangge *negosiasi spiritual* dhateng bab-bab gaib. Babagan menika dipuntindakaken supados para pamomong ingkang tansah njagi saben siyang dalunipun dipunparingi remen. Kanthi cara maringi pangan sacara *simbolik* dhateng para pamomong, dipunkajengaken supados purun mbiyantu gesangipun manungsa. Wonten ing upacara Weton Tiron simbol kasebat wujudipun ubarampe utawi sesaji ingkang arupi jenang-jenangan, sekar among, sekul tigan, lansapiturutipun kaliyan donga-donga. Babagan menika gadhah makna ingkang sipatipun ngormati para pamomongipun.

B. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten menika jumbuh kaliyan panaliten sanes ingkang rumiyin sampun nate dipuntaliti. Panaliten ingkang jumbuh ugi naliti bab *makna simbolik* upacara bancakan weton, inggih menika panalitenipun Monica Valent Minanda, Mahasiswi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2009.

Irah-irahan Panaliten Monica menika “*UPACARA BANCAKAN WETON WONTEN ING TRIRENGGO BANTUL*”, ngandharaken bab prosesi lampahing upacara, *makna simbolik* sajen ingkang dipunginakaken, saha paedahipun kangge masarakat Desa Tirengga. Panaliten kula kaliyan panalitenipun Monica menika sami ngrembag babagan *makna simbolik* upacara bancakan weton. Bedanipun

wonten *objek* papan panaliten ingkang beda kaliyan panalitenipun Monica, menawi Monica ing Desa Trirengga, Bantul, kula wonten Desa Bumireja, Kulon Progo.

Tabel 01: **Panaliten ingkang jumbuh**

Monica Valent Minanda	Muh Karesa
Papan panaliten wonten ing Desa Trirengga, Kecamatan Bantul, Kabupaten Bantul	Papan panaliten wonten ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo
Ancasing panaliten 1. kangge mangertosi prosesi lampahing upacara bancakan weton. 2. kangge mangertosi <i>makna simbolik</i> sajen ingkang dipunginakaken saklebeting upacara bancakan weton 3. kangge mangertosi paedahipun upacara bancakan weton	Ancasing Panaliten 1. Kangge ngandharaken prosesi lampahing upacara Weton Tiron 2. Kangge ngandharaken ubarampe Weton Tiron 3. Kangge ngandharaken <i>makna simbolik</i> ubarampe Weton Tiron 4. Kangge ngandharaken paedah upacara Weton Tiron
Prosesi Upacara Bancakan Weton 1. Damel sajen 2. Masrahaken sajen 3. Maringaken sajen ing aruman 4. Ngedum sajen bancakan	Prosesi Upacara Weton Tiron 1. Damel sajen 2. Masrahaken sajen 3. Bongkar sajen
Isinipun sajen 1. Tumpeng	Isinipun sajen 1. Sekul tigan ingkang isinipun sekul liwet

2. Tigan godhog	kaliyan tigan godhog.
3. Gudhangan	2. Jenang-jenangan werni 7 inggih menika jenang cemeng, jenang kuning, jenang abrit, jenang pethak, jenang ijem, kaliyan jenang gendhis jawi.
4. Jenang-jenangan werni 4 inggih menika jenang abrit, jenang pethak, jenang baro-baro, kaliyan jenang blowok.	3. Gudhangan
5. Jajan pasar werni 7.	4. Sekar among ingkang isinipun sekar 5 werni sajodo-sajodo
6. Sekar among wujudipun wonten sekar setaman kaliyan sekar wonang waning.	5. Unjukan kopi, teh, toya pethak, kinang, susur, rokok, korek.
7. Wajib wujudipun arta bebas jumlahipun.	6. Dupa
8. Khotokan ingkang wujudipun jangan kangge lawuh sega tumpeng.	7. Jajan pasar werni 7
	8. Damar kambang
	9. Wajib wujudipun arta ingkang ganjil jumlahipun

C. Nalaring Pikir

Kabudayan inggih menika asiling budi utawi cipta, karsa, lan raosing manungsa. Kabudayan saged awujud maneka warna, wonten ingkang *kongkret* lan *abstrak*. Salah satunggaling asiling budaya inggih menika folklor. *Folklor* asipat *anonim*, tradhisional, lan ngrembaka mawi *lisan*. Jinising *folklor* maneka warni, wonten ingkang awujud *dongeng*, *mitos*, *legenda*, upacara tradhisi, lan sapanunggalanipun. Salah satunggaling jinis *folklor* ingkang karembag inggih menika upacara tradhisi, mliginipun upacara tradhisi weton. Upacara dinten kelairan menika kalebet *folklor* jawi, amargi asipat *anonim*, lan ngrembaka mawi

lisan lan saperangan seratan. Wondene *fokus* panaliten ngrembag babagan ubarampe wonten ing upacara tradhisi bancakan weton, mliginipun prosesi upacara weton, ubarampe ingkang dipunginakaken, *makna simbolik*, kaliyan paedahipun.

BAB III

METODE PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten *makna simbolik* bancakan Weton Tiron menika migunakaken metode panaliten *kualitatif*. Panaliten *kualitatif* inggih menika salah satunggaling metode panaliten ingkang asifat *deskriptif*. Panaliten menika dipunlampahi kanthi cara ngandharaken babagan prosesi upacara Weton Tiron, ubarampe ingkang dipunginakaken, *makna simbolik* ubarampe, kaliyan paedah ingkang saged dipunpendhet. Miturut Moloeng (2007:3) panaliten *kualitatif* inggih menika salah satunggaling metode panaliten ingkang ngasilaken data deskriptif awujud tetembungan ingkang dipun serat utawi dipunlisanaken saking masarakat utawi tiyang ingkang dipungatosaken.

Ing panaliten menika panaliti nindakaken panaliten langsung kaliyan narasumber ing lapangan supados saged manggihaken *data deskriptif*. Panaliten menika gadhah ancas mangsuli perkawis bab bancakan Weton Tiron, inggih menika ngandharaken prosesi upacara Weton Tiron, ubarampe ingkang dipunginakaken wonten Weton Tiron, *makna simbolik* saking ubarampe Weton Tiron, kaliyan mupangat ingkang saged dipunpendhet saking WetonTiron.

B. Seting Panaliten

Seting panaliten wonten kalih, inggih menika seting papan lan seting wekdal.

1. Papan panaliten kula lumampah ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo. Panaliti milih papan menika amargi ing desa

menika taksih wonten ingkang nindakaken upacara bancakan weton,tiron, sarta *key informan* ingkang manggen ing desa menika.

2. Wekdal panaliten menika wonten ing sasi Desember 2019 ngantos Januari 2020. Wekdal panaliten menika dipunjumbuhaken kaliyan dinten kelairanipun 4 narasumber, supados saged mirsani langsung anggenipun nglaksanakaken upacara Weton Tiron. Panaliten sepisan ing dinten Rebo Pon 4 Desember 2019 wonten dalemipun Bapak Supardal, panaliten kaping kalih ing dinten Selasa Legi 17 desember 2019 wonten dalemipun Mbah Iman, panaliten kaping tiga ing dinten Minggu Legi 22 Desember 2019 wonten dalemipun Bapak Triyono, lajeng panaliten ingkang punkasan ing dinten Kemis Pahing 2 Januari 2020 wonten dalemipun Bapak Karibun.

C. Sumber Data Panaliten

Sumber data panaliten ing panaliten menika inggih menika *informaan/narasumber* ingkang taksih nindakaken tradhisi upacara bancakan Weton Tiron. Tiyang ingkang taksih nindakaken menika ingkang langkung mangertosi babagan upacara Weton Tiron, amargi tiyang menika ingkang nglampahi saengga langkung mangertos.

Narasumber ing panaliten menika kaperang dados kalih, ingkang sepisan *key informan*, inggih menika tiyang ingkang gadhah *informasi pokok* ingkang gayut kaliyan tradhisi upacara bancakan Weton Tiron. Ingkang dados *key informan* wonten panaliten menika Bapak Supardal minangka salah satunggaling sesepuh wonten Desa Bumirejo. Bapak Supardal menika lenggah wonten Dusun Bangeran, dusun ingkang wonten pojok wetan Desa Bumirejo kanthi yuswa 56

taun. Bapak Supardal sampun nglaksanakaken upacara Weton Tiron nalika taksih lare alit, nalika semanten upacara bancakanipun dipundamel dening tiyang sepuhipn. *Narasumber* kaping kalih inggih menika *informan*, tiyang ingkang taksih nindakaken upacara bancakan weton. *Informan* wonten panaliten menika wonten 3 inggih menika Bapak Tri minangka warga Dhusun Senik, Bapak Karibun minangka warga Dhusun Jogahan, kaliyan Mbah Iman Minangka Warga Dhusun Bangeran.

D. Caranipun Ngempalaken Data

Wonten ing panaliten menika cara kangge ngempalaken data inggih menika:

1. Observasi Partisipasif

Observasi partisipasif inggih menika panaliten kanthi cara panaliti tumut ing lapangan lan mriksani langsung *prosesi* upacara masrahaken bancakan menika. *Obseravsi partisipasif* menika gadhah ancas supados panaliti saged pikantuk data kanthi cara *pengamatan* langsung. Asiling *pengamatan* menika dados dhasar kangge nindakaken *wawancara* lan *observasi* panaliten saklajengipun.

Wonten ing *observasi parsitipatif* menika panaliti badhe nglampahi *observasi parsitipasif aktif* inggih menika turut nyengkuyung wonten ing damel sesaji Weton Tiron kaliyan *prosesi* bongkar sajen. Panaliti ugi *berpartisipasi tidak aktif* amargi wonten Weton Tiron menika panaliti anggenipun *observasi* namung badhe ningali *prosesi* pasrah sajen Weton Tiron. Kanthi *observasi parsitipasi aktif* kaliyan *partisipasi tidak aktif*

menika panaliti langkung prayogi anggenipun pikantuk data saha *informasi* amargi panaliti nglampahi piyambak upacara Weton Tiron.

Observasi partisipasif menika dipunlaksanakaken saking tanggal 2 desember ngantos 31 Desember 2019 wonten 3 dhusun ing Desa Bumirejo inggih menika Dhusun Senik, Dhusun Bangeran, lan dhusun Jogahan. Observasi menika mbetahaken 2 dinten saben narasumber dados saking 4 *narasumber* mbetahaken 8 dinten *observasi partisipasif*. Wekdal *observasi* menika dipunpendhet miturut dinten wetonipun saben *narasumber*, saking dinten H weton dumugi dinten enjingipun. Saking *observasi* menika saged dipuntingali kadospundi, persiapan damel sajen weton, *prosesi* lampahing adicara Weton Tiron, lan *prosesi* bongkar sajen Weton Tiron.

2. *Wawancara mendalam*

Wawancara mendalam inggih menika salah satunggaling proses pados seserepan kanthi cara ingkang cetha, bebas, tinarbuka wonten ing *fokus* setunggal masalah. Miturut Herdiyansyah, *wawancara mendalam* inggih menika *teknik* anggenipun ngempalaken data ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken katrangan lisan saking pawicanten kaliyan informan (2010:64). Wonten ing panaliten menika panaliti ngrantem pandangan-pandangan supados *wawancara* menika saged *fokus* lan *terarah*, saengga bibar *wawancara* menika saged pikantuk data ingkang sami kaliyan ingkang dipunkajengaken.

3. *Dokumentasi*

Dokumentasi dipunginakaken kangge ngasilaken *data* ngengingi wujud ing bukti-bukti upacara Weton Tiron wonten ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo. *Data Dokumentasi* menika kangge njangkepi *data-data* panaliten supados langkung akurat. Wondene pirantos *dokumentasi* menika antawisipun :

- a. Kamera, kangge mendhet dokumentasi awujud *foto* utawi gambar menapa kemawon ingkang dipunbetahaken kange panaliten.
- b. *Voice recorder*, kangge ngrekam sedaya menapa kemawon ingkang dipunbetahaken kangge panaliten.
- c. Buku catetan, kangge nyatet sedaya seserepan saking *informan*.

E. **Pirantining Panaliten**

Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak (*human instrument*). Panaliti nglibataken piyambakipun wonten upacara bancakan Weton Tiron ing Desa Bumireja. Miturut Moelong (2012: 168) “*peneliti menjadi instrumen penelitian karena peneliti sekaligus menjadi perencana, pengumpul data, penganalisis, penafsir kata, dan pelapor hasil penelitian*”. Panaliti minangka *human instrument* anggenipun ngempalaken *data* mbetahaken piranti pambantu. Piranti menika antawisipun buku cathetan, *voice recorder*, lan *kamera*. Buku cathetan menika kangge nyerat menapa kemawon seserepan saking *informan*, *voice recorder* menika kangge *ngrekam* lampahing wawancara kaliyan *informan*, saha *kamera* kangge *dokumentasi foto* prosesi upacara bancakan Weton Tiron menika.

F. Cara Ngesahaken Data

Kangge ngesahaken *data*, panaliti ngginakaken *teknik triangulasi*. Supados asiling *data* panaliten *valid*. Endraswara (2006: 206) ngandharaken bilih teknik *triangulasi* data awujud data ganda ingkang dipunkempalaken, sumber data menika langkung saking setunggal sumber ingkang paring *informasi*.

Saking andharanipun Endraswara saged dipunpendhet dudutan bilih teknik *triangulasi* menika ngempalaken *data* saking kathah *narasumber*, lajeng dipuntandhingaken asiling wawancara kaliyan isi *dokumen* ingkang wonten gayutanipun kaliyan panaliten menika, awit saking menika sedaya prekawis ingkang dados *fokus* saged katingal *sistematik* saha saged dipuntanggjawabaken.

Teknik *triangulasi* ingkang dipunginakaken inggih menika teknik *triangulasi metode* lan *triangulasi sumber*.

1. *Triangulasi sumber data* inggih menika manggihaken data kanthi cara pados data saking *sumber informan* ingkang kathah. *Data* saking sedaya informan kalawau lajeng dipuntandhingaken kaleresanipun.
2. *Triangulasi metode* inggih menika mbandingaken *data* kanthi ngginakaken metode ngempalaken *data* ingkang beda. Caranipun kanthi nandhingaken asiling data saking *observasi* kaliyan wawancara.

G. Caranipun Nganalisis Data.

Ing panaliten menika, panaliti migunakaken metode analisis *induktif*. Analisis *induktif* menika *analisis data* ingkang *spesifik (khusus)* saking lapangan dados *unit-unit*, lajeng dipundamel *kategorisasi*. *Data* ingkang sampun dipunpendhet lajeng dipunproses kanthi cara *kategorisasi*. *Kategorisasi data*

kalawau lajeng dipunpilah ingkang ngewrat data ingkag wigatos, lajeng dipunkategorisasi malih lan dipundamel *rangkuman inti*.

Proses *analisis* saking *observasi partisipasif*, *wawancara mendalam*, *foto saha rekaman*. Data-data kalawau dipundamel *kategorisasi* supados langkung cetha lajeng dipunpriksa *keabsahan datanipun* saha damel dudutan. Menawi sampun antawisipun kategori setunggal lan sanesipun dipungayutaken lajeng dipunandharaken kaliyan gambar saha katranganipun kanthi runtut.

.

.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Deskripsi Setting Panaliten


1. Andharaning Papan Upacara Bancakan Weton

Desa Bumirejo, salah setunggaling desa ingkang dumunung wonten ing Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo, Daerah Istimewa Yogyakarta, ingkang wiyaripun kirang langkung 825,6135 hektar. Ing Desa Bumirejo menika wonten 15 padhukuhan inggih menika Padhukuhan Carikan, Padhukuhan Dukuh, Padhukuhan Cabean, Padhukuhan Kalangan, Padhukuhan Senik, Padhukuhan Jogahan, Padhukuhan Bangeran, Padhukuhan Bonosoro, Padhukuhan Tempel, Padhukuhan Ngipik, Padukuhan Gegunung, Padhukuhan Panggang, Padhukuhan Degolan, Padhukuhan Pereng, lan Padhukuhan Sempu. Agengipun Desa Bumirejo menika kirang langkung 825,6135 Ha. Wates wilayah Desa Bumirejo inggih menika :

- a. Sisih ler : Desa Demangrejo, Desa Srikayangan
- b. Sisih kidul : Desa Tirtorahayu, Desa Wahyuharjo
- c. Sisih kilen : Desa Wahyuharjo, Desa Demangrejo, Desa Srikayangan
- d. Sisih wetan : Desa Jatirejo

Gambar 01:PetaDesa Bumirejo (Doc.Karesa)

Papan Panaliten upacara bancakan Weton Tiron menika wonten ing Padhukuhan Jogahan, Padhukuhan Senik, kaliyan Padhukuhan Bangeran, ing ngandhap menika *denah* papan upacara Weton Tiron ing Padhukuhan Jogahan, Padhukuhan Senik, lan Padhukuhan Bangeran.



Gambar 01: **Denah Upacara Weton Tiron** (Doc. Karesa)

Katrangan :

1. Pasar Bangeran
2. RS Rizki Amalia Medika
3. Pasar Ppatragaten
4. Rumah Bapak Karibun
5. Rumah Bapak Supardal
6. Rumah Mbah Iman
7. Rumah Bapak Tri

Ingkang dados papan dipunadani upacara Weton Tiron wonten dalemipun Bapak Supardal, Bapak Karibun, Mbah Iman, kaliyan Bapak Tri. Wondene dalemipun Bapak Supardal kaliyan Mbah Iman menika mlebet Pahukuhan Bangeran, dalemipun Bapak Karibun wonten ing Padhukuhan Jogahan, lan Dalemipun BapakTri wonten Padhukuhan Senik. Sedaya padukuhan menika kalebet Desa Bumirejo. Sedaya prosesi upacara Weton Tiron wonten ing dalemipun piyambak-piyambak saking nyawisaken sajen, masrahaken sajen, dumugi bongkar sajen.

2. Paraga Upacara Weton Tiron

Upacara tradhisi Weton Tiron ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo menika dipunlaksanakaken saben neptunipun. Menika ateges antawisipun tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun menika boten saareng anggenipun ngadani. Neptu menika dipunlaksanakaken saben selapanpisan utawi saben 35 dinten sepisan. Ingkang damel Weton Tiron menika boten wonten watesan umuripun, saking lare alit, tiyang enem, dumugi tiyang

sepuh. Tiyang ingkang tiyang ingkang taksih pitados kaliyan kapitadosan leluhur utawi kejawen. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*.

“...kanggo wong-wong sing nglaksanaake Weton Tiron kuwi mau, istilane dina kelairane. dina karo tanggal kelairane wong kuwi mau, umpamane dina kelairane wong kuwi mau dina kemis legi, nah selapan dina pisan diupacarani” (CLW 01)

Saking andharan *narasumber* menika saged dipunmangertosi bilih upacara Weton Tiron menika adhedhasar dinten lairipun, dados boten saben tiyang menika sami.

Para paraga upacara Weton Tiron badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Kependudukan

Kanthi adhedhasar data monografi Desa Bumirejo tahun 2018 saged dipunmangertosi cacahing penduduk Desa Bumirejo wonten 9.355 tiyang, 4564 jaler lan 4701 estri. Paraga Weton Tiron menika limrahipun tiyang ingkang sampun dewasa, ateges tiyang menika sampun mangertos tata caranipun damel kaliyan masrahaken sajen. Bancakan weton kangge lare alit utawi lare enem limrahipun dipundamel lan dipunpasaraken dening tiyang sepuhipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 03*.

“Kalau saya pribadi secara turun-temurun, mbah-mbah saya dulu selalu diperingati hari lahirnya, dulu waktu saya kecil sering dibuatkan among oleh orang tua saya, sekarang sudah dewasa sudah bisa bikin among sendiri.” (CLW 03)

Tegesipun:

“Menawi kula piyambak saking jaman simbah-simbah kula sampun dipunpengeti dinten wetonipun, rumiyin nalikataksi alit among kula dipundamelaken dening tiyang sepuh kula, sakmenika sampun dewasa sampun saged damel among piyambak”. (CLW 03)

Informan wonten panaliten menika rata-rata yuswanipun sainggilipun 30 taun dumugi 64 taun . Menika adhedhasar miturut *informan* ingkang dipuangsaken ugi adhedhasar data identitas para *informan*. Salah satunggaling *informan* wonten ing panaliten menika Bapak Supardal ingkang sampun nindakaken Weton Tiron awit saking lare alit, lan mangertos babagan Weton Tiron. Bapak Supardal menika *informan* ingkang dipunsepuhaken dening masarakat ingkang nindakaken Weton Tiron sanesipun.

b. Sistem Religi

Miturut buku monografi Desa Bumireja taun 2018 cacahing penduduk ingkang ngrasuk agami Islam wonten 9.256 tiyang, ingkang ngrasuk agami Kristen 17 tiyang, lan agami Katholik wonten 82 tiyang. Wondene ingkang ngrasuk agami Hindhu lan Budha boten wonten. Ananging kasunyatan wonten lapangan boten sedaya warga Desa Bumireja ngrasuk agami ingkang dipunakeni Pamarentah Indonesia , taksih wonten warga ing pagesangan ngugemi lan nguri-uri kapitadosan leluhuripun. Tiyang ingkang nglaksanaken upacara Weton Tiron menika taksih gadhah kapitadosan kejawen lan ing pagesangan boten nindakaken *syariat* agami ingkang dipunakeni pamarentah. Menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*.

“...karena termasuk keyakinan, tidak bisa. Ning nek orang jawa seperti kita ini, karena mbah -mbahku jawa, leluhurku jawa jadi saya hanya ikut mbah-mbahku dulu...” (CLW 04)

Saking pamanggih ing ingggil sagrd dipundudut bilih kapitadosan masarakat ingkang nindakaken Weton Tiron menika islam kejawen.

B. Prosesi Upacara Weton Tiron

Prosesi upacara bancakan Weton Tiron dipuntindakaken warga masarakat panyengkuyung kangge mengeti ambal warsa saben selapan dinten sepisan miturut dinten wetonipun piyambak-piyambak. Saben tiyang menika wetonipun boten sami, saengga saben tiyang beda anggenipun damel sajen weton. Wonten ing panaliten menika narasumber ingkang dipunpanggiaken gadhah weton ingkang beda-beda, Bapak Supardal, Mbah Iman, Bapak Tri, kaliyan Bapak Karibun menika beda dinten lairipun. Bapak Supardal lair dinten rebo pon, Mbah Iman lair dinten selasa legi, Bapak Tri lair dinte minggu legi, saha Bapak Karibun dinten kemis paing.

Wonten ing panaliten menika saben narasumber mbetahaken tigang dinten kangge nglaksanakaken prosesi Weton Tiron. Prosesi dipunwiwiti kanthi cara pasa ngapit, saking dinten saderengipun wetonipun dumugi dinten saksampunipun weton. Pasa ingkang dipunlaksanakaken menika boten wajib, ateges saged dipuntilar ananging langkung sae dipunsarengi kaliyan pasa ngapit. Ingkang dipunsebat pasa ngapit menika pasa tigang dinten ngapit dinten wetonipun, umpamanipun gadhah weton dinten minggu legi pasanipun dinten sebtu kliwon, minggu legi, kaliyan senin pahing. Pasa ngapit ingkang sae menika pasa mutih, ateges namung dhahar dhaharan ingkang werni pethak, boten dhahar manis kaliyan asin. Prosesi pasa mutih menika dipunwiwiti kanthi mandi besar utawi siram kramas. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*

“Langkung sae, pasti yang ingkang badhe nglamapahi Weton Tiron menika ditindaki pasa ngapit mas, niku pasa ngapit tegese niku telung dina telung bengi niku dilakoni pasa mutih mas. Niku langkung sae pas malem Weton Tiron pun nggih dipunlampahi, saklajengipun menika sampun mulai, menika mandi basah utawi mandi kramas, nindakaken pasa mutih menika ingkang dipunwastani pasa mutih mas, menika sanes kaliyan pasa romadhon lho niku, nuwunsewu mas, niku kok ana imbal jasane saiki ramangan mengko mangan, ning nek nindakake pasa mutih, mulai masuk pasa wontene namung niku boten wonten saur. dadi wontenipun nindakaken pasa mutih, niku tetep siji nang papan sing peteng tegese nang senthong tengah, sing peteng, boten papane, boten, nanging sepisan, ora kena nyuara sing ora apik, krungu swara elek ya batal, aja maneh nggawe rajapati ya wes batal. Dadi selama 3 hari menjalankan pasa mutih menika tetep suci tetep bener, ora duwe pikiran elek, ora nyuara elek.”(CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 04*

“persiapannya, sebelum kita melaksanakan upacara Weton Tiron, lebih baik lagi jika dibarengi dengan berpuasa, puasanya orang jawa itu puasa ngapit mas, jadi puasanya itu 3 hari ngapit hari weton kita.”(CLW 03)

Tegesipun:

“persiapanipun, sakderengipun upacara Weton Tiron menika, langkung sae bilih dipunsarengi kaliyan siyam, siyamipun tiyang jawi menika siyam ngapit mas, dados siyamipun menika tigang dinten ngapit dinten wetonipun.” (CLW 03)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih Weton Tiron menika langkung sae bilih dipunsarengi kaliyan siyam ngapit, siyam ngapit menika tigang dinten wiwit saking setunggal dinten saderengipun weton dumugi setunggal dinten sasampunnipun weton. Siyam menika sipatipun boten wajib.

Ing dinten wetonipun, wanci sonten bibar jam kalih, limrahipun sampun nyiapaken kabetahan ingkang badhe dipunangge wonten Weton Tiron, kadosta pados jajan pasar, pados sekar panca warna, damel gudhangan, damel jenang-jenangan, damel sekul tigan, lan sapiturutipun. Sedaya bahan ingkang dipunsiyapkan supados boten kesesa anggenipun damel sajen. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*

“prosesinya, dimulai dari persiapan itu dimulai sejak pukul lima, ya sebelum jam lima juga nggak apa-apa, tapi ditutup jangan sampai diinjak-injak cecak...”(CLW 04)

Tegesipun

“prosesinipun, dipunwiwiti saking jam gangsal sonten, nanging sakderengipun jam gangsal nggih boten menapa-menapa, nanging dipuntutupi sampun ngantos dipunidak-idak cecak...”(CLW 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03*

“Biasanya pas sorenya, misal saya lahir minggu legi, itu berarti malam minnggunya sebelum jam 6, itu udah mulai bikin, lalu antara jam 6-12 itu sudah bisa dipasrahkan istilahnya.”(CLW 03)

Tegesipun:

“limrahipun, ing wanci sonten, tuladhanipun kula lair ing dinten minggu legi, ateges sakderengipun jam 6, sampun damel ubarampenipun, lajeng antawisipun jam 6-12, menika sampun saged dipunpasrahaken”(CLW 03)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih damel sesajen sampun wiwit saking siyangipun. Sajen dipundamel siyang supados boten kesesa menawi badhe dipunpasrahaken.

Wanci ingkang sae kangge kangge miwiti *prosesi* pasrah sajen upacara Weton Tiron menika dalu bibar magrib dumugi jam 12. Ing wanci menika sampun boten pedamelan saengga saged dedonga kanthi khusuk. Menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*

“Wektune, nek dina kelairane, umpamane Resa laire minggu pon, disiapkan setelah magrib malam minggu pon, kalau tidak bisa waktunya repot, ditinggal bepergian, bisa paginya tapi jangan sampai melebihi pukul 12.”(CLW 04)

“wong semedi sing khusyuk kuwi pada karo ngibadhah, kuwi sing paling apik kan malam hari, waktunya sunyi, tidak terganggu apa-apa, aktifitas kerja tidak ada, tapi siang hari juga nggak apa-apa, misalnya kita pergi mendadak misalnya. Itu waktu yang mendasar, tapi kalau tidak juga tidak apa-apa.” (CLW 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening *informan 03*

“Biasanya pas sorenya, misal saya lahir minggu legi, itu berarti malam minggunya sebelum jam 6, itu udah mulai bikin, lalu antara jam 6 sampai 12 itu sudah bisa dipasrahkan istilahnya.” (CLW 03)

Tegesipun:

“limrahipun ing wanci sonten, umpamanipun kula lair ing dinten minggu legi, menika ateges dinten malem minggu sakderengipun jam 6 sonten, sampun miwiti damel sajen, lajeng antawisipun jam 6 dumugi 12 menika sampun dipunpasrahaken.”

Saking pamanggih ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih wanci ingkang sae kangge masrahaken sajen menika wanci dalu. Wanci ingkang dipunpilih dalu amargi ing wanci dalu menika sampun boten wonten pedamelan, wancinipun tiyang leren, wayahipun sepi, saaengga anggenipun pasarah sajen menika saged *fokus* lan *khusyuk*.

Prosesi upacara Weton Tiron menika dipunwiwiti saking lampah masrahaken sajen dumugi bongkar sajen. Awit saking menika saderengipun ngawontenaken upacara bancakan weton langkung rumiyin dipunwiwiti kanthi cecawis upacara. Cecawis upacara bancakan weton kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Cecawis

Upacara tradhisi Weton Tiron anggenipun ngadani menika wonten ingkang dipuncawisaken rumiyin. Cecawis ingkang dipuntindakaken menika ngengingi ubarampe ingkang dipunginaaken ing saklebeting upacara Weton Tiron inggih menika wadhah kangge sajen lan sajen bancakan Weton Tiron.

a. Wadhah sajen bancakan

Wadhah kangge sajen bancakan ingkang kedah dpuncawisaken rumiyen menika wonten maneka warni. Ciri ingkang cacahipun 7 kangge wadhah jenang, gelas cacahipun tiga kangge wadhah toya kopi, teh, lan toya pethak, mangkok kangge wadhah toya sekar, piring kangge wadah sekul lan gudhangan, sarta besi kangge wadhah jajan pasar. Wadhah kangge sajen menika kedah resik pramila kedah dipuncuci rumiyin sakderengipun kangge wadhah sajen. Andhaharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*.

“persiapan gawe sajen ya semua resik, piring, ciri sing dienggo wadah ya harus bersih” (CLW 04)

Saking pamanggih ing inggil saged dippunpendhet dudutan bilih sakderengipun damel sesajen sedaya wadhah dipuncuci supados resik.

b. Sajen bancakan Weton Tiron

Sajen bancakan Weton Tiron dipunginakaken kangge mengeti dinten kelairan saben selapan sepisan. Isinipun sajen ingkang dipunginakaken antawisipun tiyang estri lan jaler boten wonten bedanipun. Isinipun sajen menika wonten maneka warni jenang, sekar pancawarna, damar kambang, jajan pasar 7 werni, sekul tigan, gudhangan, wedhang kopi, teh, toya pethak, rokok, kaliyan korek, lan dupa. Sedaya sajen menika kangge ngopah-opahi sedaya sadulur lan pamomong ingkang sampun kersa ngancani lan momong awakipun saben dinten, saking tumimbal lair dumugi pejah. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*

“...Weton Tiron menika minangka mrengeti dinten kelairanipun piyambak – piyambak mas, wong sing duwe weton kelairane dhewe kuwi perlu diprengeti, dadi mrengeti dinten kelairan utawi ngopah – opahi kaki among nini among sing momong jiwa ragane kula panjenngan piyambak - piyambak...”

Andharan menika dipun sengkuyung dening pratelanipun *informan 01*

“Weton Tiron kuwi ngelingi karo uripe, eling karo kelairan, eling karo uripe karo sing duwe kelairan kuwi mau ateges Weton Tiron, nah nganti diwujudke nganggo ubarampe...” (CLW 01)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih Weton Tiron menika kangge mengeti dinten kelairanipun piyambak-piyambak. Para paraga pitados bilih saben tiyang menika wonten ingkang ngemong saengga kedah dipunopah-opahi kanthi sarana ubarampe.

Caranipun damel sajen bancakan Weton Tiron badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

1) Sekul Tigan

Sekul tigan ingkang dipunginakaken wonten sajen Weton Tiron menika awujud sekul liwet ingkang dipunparingi tigan godhog. Sekul tigan menika dipundamel saking sekul liwet, ingkang diipunparingaken wonten piring lajeng dipunparingi tigan godhog utawi kukus. Sekulipun saged dipuncithak kanthi wujud tumpeng utawi golog. Sekul tumpeng menika wujudipun ngrucut kados caping, lajeng dipunparingi tigan godhog, wondene golog menika wujudipun bunder kados bal. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*

“...sekul tigan utawi sekul suci ulam sari menika saking sekul liwet mas, lajeng dipuncithak golog utawi tumpeng, terus dipunparingi tigan ayam kampung...” (CLW 02)

Andharan kasebut dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*.

“...sekul suci ulam sari kuwi ya sega sing ana endhoge, segane sega liwet biasa, endhogge endhog ayam kampung, sing wis mateng ...” (CLW 04)

Saking andharan ing inggil saged dipuntingali bilih dipundamel saking sekul liwet. Sekul menika saged dipunbentuk awujud golog utawi tumpeng. Golog menika wujudipun bunder kados bal wondene tumpeng menika wujudipun kados gunungan.

Anggenipun damel sekul tigan, uwos diliwet ngantos mateng. Menawi sampun mateng dipunler rumiyin ngantos adhem supados gampil dipuncithak. Sasampunipun dipuncithak sekul dipunparigaken wonten piring. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“ gawene ya nek segane wis mateng didhem dhisik ben gampang dichitak.”(CLW 01)

Andharan kasebut dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*.

“...segane tumpeng ya mung tak bentuk dewe nggo tangan” (CLW 04)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih anggenipun damel sekul tigan, sekul dipunler ngantos adhem rumiyin supados gampil dipunchitak. Sekul dipunchitak kanthi sarana tangan.

Tigan ingkang dipuginakaken wonten sajen Weton Tiron menika tigan ayam kampung. Cacahipun tigan ingkang kangge sajen menika namung setunggal. Tigan ayam kampung menika dipungodhog utawi dipunmangsak kanthi dipunkukus wonten liwet. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“...endhoge nganggo ndhog pitik jawa, dikukus bareng liwet utawa digodhog bar gudhangan, ning yen kepepete ora ana endhog pitik jawa diganti endhog pitik lehor, utawa endhog liyane ya ora apa-apa”(CLW 01)

Andharan kasebut dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“...kalau telur bisa ditumpangke nggon liwet, yang bagus ya telur ayam kampung, tapi kalau kepepete ndak ada, diganti pakai telur laine ya ndak apa-apa” (CLW 04)


Saking pamanggih ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih tigan ingkang dipunginakaken inggih menika tigan ayam kampung. Tigan ayam kampung menika saged dipungantos tigan sanesipun menawi boten wonten tigan ayam kampung.



Tigan ayam
kampung

Sekul ingkang
sampun
dipuncithak
golog

Gambar 02 : **Sekul Tigan ingkang Awujud Golog**
(Doc.Karesa)



Gambar 03 : **Sekul Tigan ingkang Awujud Tumpeng**
(Doc.Karesa)

2) Gudhangan

Gudhangan ing sajen upacara Weton Tiron menika ngginakaken bahan-bahan bayem, kangkung, kacang lanjaran, thokolan, lan wortel ingkang dipungodhog lajeng dipunparingi bumbu. Kacang lanjaran sayuran ingkang pokok lan anggenipun masak boten dipunpotong, menika dados pangajab supados dipunparingi yuswa ingkang panjang. Anggenipun damel bumbu ingkang dipungatosaken supados ngginakaken klapa ingkang taksih enem. Caranipun damel bumbu gudhangan menika, klapa enem dipunparut lajeng dipun campur

bumbu bawang, brambang, tumber ron salam, gendhis jawi lan sareng ingkang dipunuleg lajeng dipunkukus wonten liwet. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“gudhangan kuwi ya isine sayur warna-warna ana bayem, kangkung kacang lanjaran, thokolan, wortel, digodhog trus dinehi bumbu kambil sing wis dikukus.” (CLW 01)

“bumbune ya ana brambang, bawang, tumber, godhong jeruk karo gula jawa, diuleg campurke parutan kambil nom, banjur dikukus.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 03*.

“*gudhanganmya dibuat dari sayur-sayuran seperti bayem, kacang panjang wortel, kangkung, kecambah yang direbus terus dikasih bumbu parutan kelapa muda yang direbus atau dikukus.*” (CLW 03)

Teegesipun :

“gudhanganipun menika dipundamel saking sayur ingkang dipungodhog, kadosta bayem, kacang lanjaran, wortel, kangkung, thokolan, lajeng dipunparingi bumbu parutan klapa enem ingkang sampun dipungodhog utawi dipun kukus..”(CLW 03)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih gudhangan menika saking maneka warna sayuran ingkang dipungodhog. Sayuran ingkang sampun dipungodhog lajeng dipunparingi bumbu klapa enem.

Bumbu gudhangan saged ugi dipun mangsak kanthi cara bawang, brambang, tumber, ron salam, gendhis jawi, lan sareng ingkang dipunuleg lajeng dipungangsa ngantos ambetipun wangi nembe klapa enem parut dipunlebetaken.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“...bumbu gudhangane ya ana brambang, bawang, uyah, tumber , gula jawa, godhong salam, diuleg, terus dicampur parutan kambil enom, lagi dikukus apa ditumpange liwet.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“...bumbunipun menika lengkap mas, wonten brambang, bawang, tumbar, gendhis jawi, lajeng dipuncampur kaliyan parutan klapa enem, lajeng dipunbungkus ro pisang, lajeng dipuntumpangke wonten liwet...” (CLW 02)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih bumbu gudhangan menika saking parutan klapa enem ingkang dipuncampur maneka rempah lajeng dipungodhog utawi kukus. Maneka rempah menika awujud brambang, bawang, tumbar , sarem, gendhis jawi, lan ron salam.



Gambar 04 : **Gudhangan**
(Doc.Karesa)

3) **Jenang Among**

Jenang ingkang dipunginakaken wonten sajen Weton Tiron menika cacahipun wonten 7 inggih menika jenang ingkang werni cemeng, jenang werni kuning, jenang werni abrit, jenang werni pethak, jenang werni ijem, lan jenang erni abrit (gendhis jawi). Jenang- jenang menika dipundamel saking maneka warni bahan. Jenang cemeng ingkang werni menika dipundamel saking tepung

ketan cemeng ingkang dipuncampur toya lajeng dipunmangsak ngantos mateng.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*

“...jenang ingkang werni cemeng menika salipun saking tepung uwos ketan ireng mas, dicampur toya lajeng dipundamel jenang..”(CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03*

“jadi jenangnya itu dibuat dari bahan yang berbeda, kalau jenang hitam itu dari tepung beras hitam yang digiling” (CLW 03)

“dados jenangipun menika saking maneka warna bahan, menawi jenang cemeng menika saking tepung uwos ketan cemeng” (CLW 03)

Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi bilih jenang werni cemeng menika asalipun saking ketan cemeng ingkang sampun dipungiling, lajeng dipunmangsak kaliyan toya ngantos mateng.

Jenang kuning menika dipundamel saking tepung jagung kaliyan toya ingkang dipunmangsak ngantos mateng. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *Informan 03*

“jenang warna hijau dibuat dari kacang hijau yang digiling,”(CLW 03)

“jenang werni ijem menika dipundamel saking kacang ijem ingkang sampun dipungiling” (CLW 03)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“jenang ijem dari tepung kacang hijau” (CLW 04)

Saking andharan ingkang sampun kababar saged dipunmangertosi bilih jenang werni ijem menika asalipun saking kacang ijem ingkang sampun dipungiling, lajeng dipunmangsak kaliyan toya ngantos mateng.

Jenang abrit menika saking tepung uwos abrit ingkang dipunmangsak kaliyan toya ngantos mateng. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *Informan 02*

“...Loro, jenang abang, seka bubur abang asale saka beras abang niku nek cara islame disebut amaroh panjenengan...” (CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03*

“...jenang warna merah itu dari beras abang yang digiling...” (CLW 03)

“...jenang abrit menika saking uwos abrit ingkang dipungiling...” (CLW 03)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih jenang werni abrit menika asalipun saking uwos abrit ingkang sampun dipungiling, lajeng dipunmangsak kaliyan toya ngantos mateng.

Jenang pethak menika saking tepung uwos ingkang dipuncampur kaliyan toya lajeng dipunmangsak ngantos mateng. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *Informan 02*

“...bubur putih asale saka beras biasa kuwi nang wetan, sing disebut mutmainah...” (CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03*

“...jenang putih itu dibuat dari tepung beras putih...” (CLW 03)

Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi bilih jenang werni pethak menika asalipun saking uwos ingkang sampun dipungiling, lajeng dipunmangsak kaliyan toya ngantos mateng.

Lajeng jenang abrit (gendhis jawi) menika saking tepung uwos ingkang dipun mangsak kaliyan toya lan gendhis jawi ngantos mateng. Andharan menika jumbuh kaliyan patelanipun *informan 04*

“...jenang yang dua itu dari tepung beras putih, ning sing siji dikeki gula jawa utawa gula abang.” (CLW 04)

Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi bilih jenang abrit menika asalipun saking uwos ingkang sampun dipungiling, lajeng dipunmangsak kaliyan toya lan gendhis jawi ngantos mateng.



Gambar 05 : **Jenang-jenangan**
(Doc.Karesa)

Katrangan :

1. Jenang abrit (gendhis jawi)
2. Jenang ijem (saking tepung kacang ijem)

3. Jenang cemeng (saking tepung uwos ketan cemeng)
4. Jenang jenar (saking tepung jagung)
5. Jenang pethak (saking tepung uwos)
6. Jenang abrit (saking tepung uwos abrit)
7. Jenang pethak (saking tepung uwos)

4) Sekar panca warna

Sekar among ingkang dipunginakaken wonten upacara Weton Tiron menika sekar panca warna. Sekar panca warna menika awujud gangsal werni sekar. Sekar pancawarna awujud sekar setaman inggih menika sekar mawar abrit, mawar pethak, melati, kanthil, lan kenanga. Kasebat sekar setaman menika sedaya sekar ingkang wonten prataman ingkang maneka warni jinisipun, pramila kapendhet wujuding sekar mawar, melati, kenanga, lan kanthil minangka rajaning sekar.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 03*

“Bisa kembang setaman, yang penting 5 macam, kembang mawar merah, mawar putih, melati, kenanga, kanthil atau bunga yang diambil dari taman, sepasang-sepasang.” (CLW 03)

Tegesipun:

“Saged sekar setaman, wujudipun 5 werni, sekar mawar pethak, mawar abrit, melati, kenanga, kanthil utawi sekar ingkang dipunpendhet saking taman, sajodo-sajodo” (CLW 03)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 01*

“sekar pancawarna ki ya ana mawar abang, mawar putih, kanthil, kenanga, melati, kuwi loro-loro” (CLW 01)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih sekar ingkang limrah dipunginakaken menika sekar setaman. Sekar setaman inggih menika

mawar abrit, mawar pethak, kanthil, kenanga, kaliyan melati. Sekar setaman menika dipunpendhet kalih saben sekar.

Sekar ingkang limrah dipunginakaken menika sekar setaman, ananging sekar setaman boten dados pathokan. Sekar ingkang dipunginakaken saged dipunpendhet saking sekar sanesipun menawi boten wonten sekar setaman. Ingkang dados pathokan sekar pancawarna menika jumlahipun kedah gangsal werni. Sekar among menika saged dipungantos, sekar blimbing, sekar kenikir, sekar gayam utawi sekar sanesipun ingkang wonten sakiwa-tengenipun griya.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*

“...kembang pancawarna sajodo-sajodo, kembang mawar ya abang putih, kanthil loro, kenanga loro, melati ya loro. Kalau nggak ada, ya, kembang blimbing, kembang gayam, atau kembang apa saja yang penting pancawarna...” (CLW 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 01*

“ya isa wae diganti nganggo kembang liyane sing penting ana limang macem” (CLW 01)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih sekar setaman menika sipatipun boten wajib. Sekar setaman menika saged dipungantos sekar sanes ingkang wonten sakiwa tengenipun. Sekar setaman menika saged dipungantos sekar blimbing, sekar gayam, utawi sekar sanesipun.

Sekar panca warna menika anggenipun ngginakaken sajen dipunsukakaken wonten wadhah ingkang sampun kaisi toya pethak. Wadhahipun saged awujud mangkok uawa besi. Toya ingkang dipunginakaken menika toya pethak utawi bening, saged dipunpendhet saking sumur utawa sumber toya sanesipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 03*

“airnya air putih biasa, bisa dari sumur utawa sumber air liane”(CLW 03)


Tegesipun:

“toyanipun toya pethak biyasa, saged saking sumur utawi sumber sanesipun” (CLW 03)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 01

“sekar pancawarna? Wadhahe isa nganggo mangkok utawa gelas sing diiseni banyu, banyune banyu putih, nggo banyu sumur ya kena sing penting resik mengko nek wis diiseni banyu njur kembange dinehke kono.” (CLW 01)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih sekar setaman menika dipunwadhahi wonten mangkok ingkang dipunisi toya. Toyanipun toya bening saged saking sumur utawi sumber sanesipun.



Gambar 06 : **Sekar Pancawarna**
(Doc.Karesa)

5) Jajan pasar

Jajan pasar menika ateges jajanan ingkang dipunsade wonten peken. Dados menika isinipun saged menapa kemawon ingkang dipunsade wonten peken. Isinipun jajan pasar menika werni , menika saged awujud bahan pangan, woh-wohan, utawi barang sanesipun ingkang dipunsade wonten peken. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*

“jajan pasar itu ya, semua yang ada dipasar, yang penting 7 macam kanggo mengeti dina 7 pekenan 5” (CLW 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“jajan pasar menika isinipun menapa kemawon ingkang wonten pasar mas, dados isinipun saged maneka werni. saged woh-wohan utawi bahan pangan”(CLW 02)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih jajan pasar menika saged awujud menapa kemawon ingkang dipunsade wonten peken. Jajan pasar menika saged awujud woh-wohan utawi bahan pangan.

Wujudipun jajan pasar menika limrahipun awujud bahan pangan kados woh-wohan, pisang, apel, pelem, utawi woh-wohan sanesipun. Woh-wohan ingkang limrah dipunginakaken inggih menika pisang. Pisang ingkang sae inggih menika pisang raja, ananging saged dipungantos pisang sanesipun kadosta pulut utawa bandung. Sanesipun woh-wohan jajan pasar saged awujud pangan kados tempe, tape, lan sanesipun andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*

“jajan pasar mas, isinipun sedaya ingkang wonten peken mas, saged wujud woh-wohan kados pisang raja utawi pulut, bahan pangan kados tempe, tape utawi sadean wonten peken sanesipun”(CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 01*

“jajan pasar kuwi kanggo mrengeti dina 7 lan pasaran 5 sing ditambah rina lan wengine, isine jajan pasar kuwi ya ana gedhang setangkep, sing apik ya gedhang raja, terus digenepi woh wohan liyane.” (CLW 01)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih jajan pasar ingkang sae menika isinipun wonten pisang rajanipun, menawi boten wonten saged dipungantos pisang pulut lajeng dipunjangkepi kaliyan woh-wohan sanesipun.

Cacahipun jajan pasar ingkang kedah dipunsiapaken menika werni pitu. Cacahipun jajan pasar menika miturut cacahing dinten wonten ing jawi. Tuladhanipun jajan pasar wonten pisang raja setangkep, apel, pelem, jeruk, tempe, tape, kaliyan pir, cacahipun wonten 7 werni. Jajan pasar wonten sajen menika dipunwadhahaken wonten besi utawi wadhah sanesipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*

“Jajan pasar itu ya, semua yang ada dipasar, yang penting 7 macam kanggo mengeti dina 7 pekenan 5” (CLW 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“...jajan pasar disitu juga ada 7 macam, bebas pokoknya,...”(CLW 03)

“...jajan pasar wonten 7 werni, wujudipun bebas...” (CLW 03)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih jajan pasar menika kangge mengeti dinten kaliyan pasaran ingkang wonten saenggacacahipun kedah 7 werni. angka 7 menika minangka simboling dinten ingkang wonten ing jawi inggih menika dinten senin dumugi ahad.



Gambar 07 : **Jajan Pasar**
(Doc.Karesa)

6) Damar kambang

Damar kambang menika dipundamel saking lempung ingkang sampun dipunbentuk kadosta senthir. Damar kambang menika dipundamel kadosta damel grabah. Lempung ingkang dipuncampur kaliyan toya lajeng dipunbentuk damar kambang, lajeng dipunpepe lan dipunbakar.

Damar kambang menika saged ngginakaken lisah klenthik kangge bahan bakaripun. Sanesipun lisah klenthik lisah troli ugi dipunginakaken. Lisah klenthik langkung limrah dipunginakaken amargi langkung gampil dipunpadosi. Damar kambang menika saged dipungantos menapa kemawon ingkang dados obor kadosta dian utawi senthir.. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun
informan 03

“disitu ada damar kambang yang terbuat dari tanah liat, yang dikasih sumbu dan minyak goreng...” (CLW 03)

Tegesipun :

“wonten damar kambang ingkang dipundamel saking lempung, lajeng dipunparingi sumbu kaliyan lisah klenthik...” (CLW 03)

Andharan kasebut dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*.

“...damar kambang, sing uripe saking lisah klenthik...” (CLW 02)

Saking pamanggih inggil saged dipunmangertosi bilih damar kambang menika dipundamel saking lempung. Damar kambang menika dipunsukani sumbu kaliyan lisah klenthik lajeng dipunurupaken dados sulihing obor.



Gambar 8 : **Damar Kambang**
(Doc.Karesa)

7) Unjukan Kopi, teh, toya pethak, rokok, lan kinang

Unjukan kopi, teh, toya pethak, kinang, rokok, korek menika dados setunggal paket. Maneka warna ubarampe menika dipuntata dados setunggal. Unjukan kopi, lajeng teh wonten tengah, lajeng toya pethak dipunsandhing kaliyan kinang susur, rokok, lan korek. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“...terus ubarampene ana kopi, teh, wedhang putih, rokok, korek karo kinang dadi siji, wedhange ya digawe legi...” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03*

“...ada air 3 macam, teh, kopi, dan wedhang bening, kalau dilengkapi ada rokok, kinang, susur...” (CLW 03)

“wonten toya 3, inggih menika teh, kopi, lan toya pethak, menawi badhe dipunjangkepi wonten rokok, kinang kaliyan susur...” (CLW 03)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih unjukan wonten sajen menika wonten tigang werni inggih menika kopi, teh, kaliyan toya pethak. Unjukan kopi, teh, kaliyan toya pethak menika dipunjangkepi kaliyan kinang, susur, rokok, kaliyan korek.

Unjukan wonten ing upacara Weton Tiron menika wonten 3, inggih menika wedhang kopi, wedhang teh, lan toya pethak. Kopi ingkang dipunginakaken menika kopi item utawi cemeng, dipundamel ngagem toya anget utawi panas. Kopi ingkang dipunginakaken merkipun bebas. Unjukan teh dipundamel tubruk ateges boten dipunsaring, dipundamel ngangge toya anget utawi panas. Teh ingkang dipunginakaken menika bebas. Unjukan toya petak menika toya bening anget utawi panas. Kopi, teh, toya pethak dipuntata jejer. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*

“unjukan kopi,teh,toya pethak menika mas, dipundamel manis, ngangge jarang panas utawi anget, kopine kopi item, tehe tubruk. Perkara jeneng utawa *merk*, kuwi ora dadi masalah“(CLW 02)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih unjukan kopi, teh, kaliyan toya pethak menika dipundamel manis kaliyan migunakaken jarang panas. Unjukan teh dipundamel tubruk. Teh kaliyan kopinipun saged migunakaken *merk* menapa kemawon.

Unjukan kopi, teh, toya pethak menika lajeng dipunsandhing kaliyan susur kaliyan kinang, susur lan kinang menika isinipun inggih menika ron suruh, mbako, kaliyan injet. Ron suruh, mbako, kaliyan injet menika dipunbuntel dados setunggal dipunsanding kaliyan unjukan kopi, teh, lan toya pethak. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*


“kinang susur kuwi isine ana godhong suruh, mbako, karo injet, kuwi dibuntel didakne siji, ditali ben ora uwal”(CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“...terus ana kopi, teh, wedhang putih, kinang, susur, rokok, karo reke sisan”(CLW 04)

Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi bilih kinang kaliyan susur menika isinipun wonten mbako, injet, lan ron suruh, lajeng dipuntali dados setunggal. Kinang kaliyan susur menika lajeng dipunjangkepi kaliyan rokok kalih kaliyan rekipun.

Ses utawi rokok lan korek. Rokok kaliyan korek menika dados setunggal paket, boten wonten pathokannipun *merk* rokok ingkang dipunginakaken, saged rokok linthing utawi rokok *filter*, dados antawisipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun saged beda. Korek ingkang dipunginakaken ugi bebas saget korek jres utaw penthol, saged ugi korek gas.



Gambar 09 : **Unjukan Kopi, Teh, Toya Pethak, Ses, kaliyan Kinang** (Doc.Karesa)

Katrangan

- | | |
|----------------|-----------|
| 1. Kopi | 5. Rokok |
| 2. Toya Pethak | 6. Kinang |
| 3. Teh | |
| 4. Korek | |

8) Dupa

Menika awujud kayu tipis kados sundhuk ingkang limrahipun cacah 3, dipunparingaken wonten gelas ingkang sampun dipunisi kaliyan uwos. Dupa menika saged tumbas wonten peken. Cacahipun dupa menika boten wonten pathokanipun, dados antawisipun setunggal tiyang kaliyan tiyang sanesipun saged beda-beda. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*

“loro duparatus, cacahe 3 ditancepke nang gelas sing wis dinei beras, disulet pas masrahake sajen...” (CLW 04)


Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03*

“...terus ada dupa yang diletakkan didalam gelas yang sudah diisi beras...”
(CLW 03)

Tegesipun :

“...lajeng wonten dupa ingkang dipunparingaken wonten gelas ingkang sampun diisi beras...” (CLW 03)

Saking andharan ing inggil saged dipunpedhet dudutan bilih dupa menika limrahipun cacah tiga, diparingaken wonten gelas ingkang dipunparingi uwos supados saged tumancep. Dupa lajeng dipunbakar nalika dipupasaraken.



Gambar 10 : **Dupa**
(Doc.Karesa)

9) **Wajib**

Wajib menika minangka sarana kangge njangkepi sajen. Wajib ing upacara Weton Tiron menika wujudipun arta. Arta ingkang dipunginakaken menika boten wonten pathokanipun ananging cacahipun kedah ganjil, antawisipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun saged beda-beda. Arta ganjil wonten sajen menika tuladhanipun 2100 rupiah, 1100 rupiah, 2300 rupiah, lan sapiturutipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“dinehi duwit 2100 kanggo wajib, sebenarnya ya nggak harus 2100, ning ya gandeng nggo nggenepi kekurangane sajen ya jumlahe ya ganjil ben isa genep” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“...lajeng wonten wajib ingkang awujud arta...” (CLW 02)

Saking pamanggih ingkang sampun kababar menika saged dipunmangertosi bilih wajib menika wujudipun arta ingkang cacahipun ganjil. Cacahipun menika kedah ganjil supados saged jangkepi sajen.



Gambar 11 : **Wajib**
(Doc.Karesa)

2. Lampahing Adicara

Lampahing adicara menika kaperang dados kalih rerangken. Rerangken upacara Weton Tiron inggih menika masrahaken sajen kaliyan mbongkar sajen. Pasrah sajen menika dipunadani ing dinten wetonipun wondene bongkar sajen ing dinten saklajengipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*

“ubarampe sampun tumata, adus kramas supados badanipun resik, lajeng dipunpasrahaken, benjang dipunbongkar.” (CLW 02)

Saking andharan kasebat rerangken adicara Weton Tiron ingkang sepisan siram wajib supados badanipun resik lajeng dipunpasrahaken. Bibar dipunpasrahaken lajeng siyangipun dipunbongkar.

a. Masrahaken sajen

Sedaya sajen ingkang sampun dipuntata wonten ing senthong. Wonten ing senthong menika anggenipun masrahaken. Masrahaken sajen menika wonten donganipun piyambak. Isinipun donga menika ingkang sepisan atur pakurmatan datheng kaki among nini among sarta sedaya seduluripun ingkang sampun kersa momong saben rina lan dalunipun. Isinipun donga ingkang kaping kalih inggih menika atur panyuwunan supados dipunparingi kawilujengan, umur panjang, kasarasan lan saged ugi panyuwunan pribadi. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“...ya Weton Tiron kuwi intine ben ngerti karo uripe, supaya diwenahi umur panjang, kaslametan, kamulyan, kabegjan...” (CLW 01)

Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi bilih Weton Tiron menika dados sarana kangge dedonga marang Gusti Pangeran supados tansah dipunparingi umur panjang, kaslametan, kamulyan, lan kabegjan.

Tiyang jawi menika pitados bilih bayi menika wonten ingkang ngancani inggih menika ingkang dipunsebat tutup banyu urip, kakang kawah, getih tuntunan, kaliyan adhi ari-ari, dipuntingali saking tembung *kedokteran* tutup banyu urip menika air ketuban ingkang ngancani nalika bayi wonten kandungan, kakang kawah menika ketuban ingkang sampun medal saderengen jabang bayi lair pramila dipunsebat kakang kawah, getih tuntunan menika darah nifas ingkang medal sakderengipun bayi lair pramila dipunsebat getih tuntunan utawi ingkang nuntun bayi lair wonten ing donya, lajeng adhi ari-ari menika ari-ari ingkang medal pungkasan bibar bayi lair saengga dipunsebat adhi ari-ari. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“lha tutup banyu urip, kakang kawah, getih tuntunan , adhi ari-ari kuwi sedulur dhewe sing metu bareng jabang bayi lair, tutup banyu urip kuwi sing bungkus jabang bayi nalika ing kandungan, trus kuwi mau mecah metu banyu ketuban sing diarani kakang kawah, lha bar kakang kawah njedul, njur metu getih tuntunan, sing nuntun jabang bayi lair, bar kuwi njedul jabang bayine ditututi adhi ari-ari.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“ jadi ketika si A itu lahir didunia, itu tidak sendiri, ada yang mengikuti, kalau yang lahir bareng itu kakang kawah adhi ari-ari..” (CLW 04)

Tegesipun :

“dados nalika si A menika lair wonten ing donya, menika boten piyambakan, wonten ingkang sareng lair inggih menika kakang kawah adhi ari-ari” (CLW 04)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih saben tiyang menika gadhah sedulur ingkang mijil sareng inggih menika ingkang dipunwastani tutup banyu, kakang kawah, getih tuntunan, kaliyan adhi ari-ari.

Saben tiyang gesang menika gadhah pamomongipun piyambak-piyambak. Wonten *hasanah* kabudayan jawi pamomong menika dipunsebut sedulur papat kaliyan kaki among nini among. Kaki among nini among menika tansah njagi saben rina lan dalunipun, pramila kedah dipunopah-opahi supados remen anggenipun momong. Sarana kangge ngopah-opahi kaki among nini among menika dipunwujudaken kanthi sarana ubarampe kaliyan donga ingkang dipunwaos nalika masrahaken sajen. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*

“ untuk menghormati kaki among nini among itu diwujudkan dalam sesajen bancakan itu tadi dan doa, jadi dalam doanya itu semua yang menyertai dalam proses kehidupan kita dari kita masih dalm kandungan sampai kita nanti mati itu disebutkan semuanya, lha dalam doanya nanti itu ada yang bunyinya ndherek nyelameti kaki among nini among sing momong awakku serina lan sewengine lan ugi nyelameti sedulur papat lima pancer yoiku tutup banyu urip, kakang kawah, getih tuntunan, lan adhi ari-ari, sedulurku

sing metu saking marga ina lan sing ora metu saking marga ina, miwah kadangkula sing karawatan lan sing ora karawatan sarta sedulurku sing metu bareng sadina lan sedulurku pitu estri jaler, menika sekul suci ulam sari sampeyan ganda sampeyan rasa...” (CLW 03)

Tegesipun

“kangge ngormati kaki among nini among menika dipunwujudaken kanthi sarana ubarampe weton kaliyan donganipun, dados wonten donganipun menika sedaya ingkang ngancani kita nalika taksih wonten kandungan dumugi kita pejah menika dipunsebataken, donganipun menika waosanipun ndherek nyelameti kaki among nini among sing momong awakku serina lan sewengine lan ugi nyelameti sedulur papat lima pancer yoiku tutup banyu urip, kakang kawah, getih tuntunan, lan adhi ari-ari, sedulurku sing metu saking marga ina lan sing ora metu saking marga ina, miwah kadangkula sing karawatan lan sing ora karawatan sarta sedulurku sing metu bareng sadina lan sedulurku pitu estri jaler, menika sekul suci ulam sari sampeyan ganda sampeyan rasa...” (CLW 03)

Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi bilih donga kaliyan ubarampe menika dados sarana kangge sarana ngopah-opahi kaki among nini amongipun supados dipunparingi remen anggenipun momong.

Nalika badhe masrahaken sajen ageman kedah rapi, badannipun suci lan papanipun resik, amargi masrahaken menika kados dene kita sowan marang gusti Allah. Tiyang ingkang badhe masrahaken sajen langkung rumiyin siram kramas, utawi siram wajib. Masrahaken kedah madhep mantep lan suci. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“Persiapane ya kabeh ki resik, klambine resik, awake resik, papane ya resik, nek kabeh wes cumepak njuk dipasrahke” (CLW 01)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih masrahaken sajen menika kados tiyang ngibadah, sedayanapin kedah resik, badan, rasukan, kaliyan papanipun kedah resik lan suci.

Sasampunipun sedaya sampun siap ubarampe kaliyan badanipun sampun resik kalajengaken maos donga. Ing ngandhap menika *transkrip* waosan donga upacara Weton Tiron.

Bismilahirrohmannirrohim

Assalamualaikum wa alaikumsalam warohmatullohi wabarokatu

Menika niat kulo wilujengan titipanipun bapak ibu kula lan niat kula wilujengan dinten kelairan kula malem ... lan ugi wilujengan kaki among nini among sing momong awaku serinane lan sewengine lan ugi wilujengan sedulur papat lima pancer yoiku tutup banyu urip, kakang kawah, getih tuntunan, lan adhi ari-ari, sedulurku sing metu saking marga ina lan sing ora metu saking marga ina, miwah kadangu sing karawatan lan sing ora karawatan sarta sedulurku sing metu bareng sadina lan sedulurku pitu estri jaler, menika sekul suci ulam sari sampeyan ganda sampeyan rasa mbok bilih wonten kekuranganipun kula nyuwun pangapunten ingkang kathah.

Khususon

Sedulurku papat kang dumunung ing badanku kabeh

Sedulurku tuwa kang ana ing brang lor, kang aran aluamah kang asale dumadi saka sari-sarining lemah kang nuwuhake kuku, rambut, lan mripatku, reksanen ragaku, kempiten nyawaku, inditen sukma, aja nganti belah pisah, iki ana parigawe gedhe rewang-rewangana aku aluamah, ndak suwun supaya ... ana seja ala balekna ana seja becik bacutna iya ingsun sedulur ira kang sejati

Sedulurku tuwa kang ana ing brang kulon, kang aran supiyah kang asale dumadi saka sari-sarining angin kang nuwuhake daging, otot, lan bebayuku, reksanen ragaku, kempiten nyawaku, inditen sukma, aja nganti belah pisah, iki ana parigawe gedhe rewang-rewangana aku supiyah, ndak suwun supaya ... ana seja ala balekna ana seja becik bacutna iya ingsun sedulur ira kang sejati

Sedulurku tuwa kang ana ing brang kidul, kang aran amaroh kang asale dumadi saka sari-sarining geni kang nuwuhake kulit lan getihku, reksanen ragaku, kempiten nyawaku, inditen sukma, aja nganti belah pisah, iki ana parigawe gedhe rewang-rewangana aku amaroh, ndak suwun supaya ... ana seja ala balekna ana seja becik bacutna iya ingsun sedulur ira kang sejati

Sedulurku tuwa kang ana ing brang wetan, kang aran mutmainah kang asale dumadi saka sari-sarining banyu kang nuwuhake untu, lan balung sumsumku, reksanen ragaku, kempiten nyawaku, inditen sukma, aja nganti belah pisah, iki ana parigawe gedhe rewang-rewangana aku mutmainah, ndak suwun supaya ... ana seja ala balekna ana seja becik bacutna iya ingsun sedulur ira kang sejati

Limo badan, enem roh idlofi, pitu rasa, wolu nurmuhammad, sanga dununge urip jangkungana awaku lan uripku supaya bisa dadi wong kang teguh, slamet, rahayu, wilujeng, lan supaya bisa dadi wong kang sabar, ridho, lan syukur, tuntunen supaya uripku bisa bali manunggal kalawan sejatine urip tunggal kang asipat qodhim azali tan kena owah gingsir ing kahanan jati.

Ugi ndherek mengeti dinten pitu pekenan gangsal nyuwun wilujeng saknjabane wangon lan saklebet wangon, sak pangandhapipun lan sak panginggilipun wonten pundhi papan ingkang kula ambah.

Al fatihah

Bismillahirrahmaanirrahiim. Alhamdullillaahi rabbil'aalamiin. Arrahmaanir rahiim. Maaliki yaumidiin. Iyyaaka na'buduwa iyyaaka nasta'iin. Ihdinash shiraathal mustaqiim. Siraathal ladziina an'amta 'alaihim. Ghairil maghdhuubi 'alaihim waladh dhaallin.

Tegesipun :

Kanthi nama Allah Ingkang Maha Asih lan Maha Penyayang. Sedaya puji kagem Allah, Tuhan sakjagad raya. Ingkang maha Asih lan Maha Penyayang. Ingkang dados panguwasa ing dinten piwalesan. Namung panjenengan ingkang kawula nyuwun pitulungan. Paringa petunjuk kawula mergi ingkang lurus inggih menika mergi tiyang-tiyang ingkang sampun keparing nikmat; sanes dalan ingkang tiyang-tiyang ingkang dimurkai lan sanes tiyang ingkang sesat. Kula nyuwun ampun dhumateng Allah ingkang Maha Agung.

b. Bongkar sajen

Dipunbongkar ateges sajen menika dipunlorot saking papanipun. Sedaya ubarampe dipunpendhet lan dipunpilah saking papanipun. Papan kangge pasrah sajen dipunresiki supados saged dipunginakaken kangge kabetahan sanesipun.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“Bongkar sajen kuwi tegese ya kabeh ubarampene dijupuk seka kamar, sajene dipilih endi sing kena dipangan endi sing ora, wadhah-wadhahe kabeh diresiki, kamare ya diresiki ben kena nggo liyane.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“Bongkar sajen menika sedaya ubarampenipun dipunpendheti, lajeng papanipu kangge sembahyang menika dipunresiki.” (CLW 02)

Saking andharan inggil saged dipunmangertosi bilih adicara bongkar sajen menika ateges sedaya sesaji ubarampe Weton Tiron dipunpendhet saking papanipun.

Sesajen Weton Tiron bibar dipunpasrahaken boten langsung dipunbongkar, ananging dipuntenga siyangipun utawi gantos dinten. Tiyang jawi pitados bilih dinten menika gantos nalika bibar jam 12 siyang, pramila bongkar sajen menika wayahipun bibar jam 12 siyang utawi sonten saksampunipun wangsul saking pedamelan. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 03*

“Siapkan, dipasrahkan, sudah ta? Sudah ditaruh diruangan sendiri, besok sore pukul 3 baru dibongkar. Tapi ya dibongkar langsung ya nggak apa-apa, tapi ya cara sembahyang kurang etis.” (CLW 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03*

“Biasanya sajen dibongkar setelah ganti hari, biasanya pas sore hari sehabis pulang kerja” (CLW 03)

Tegesipun :

“Limrahipun sajen menika dipunbongkar menawi sampun gantos dinten, limrahipun pas sonten saksampunipun bibar saking nyambut damel.” (CLW 03)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih wekdal kangge bongkar sajen Weton Tiron menika menawi sampun gantos dinten, limrahipun sajen dipunbongkar sonten jam 3 utawi sasampunipun wangsul saking pedamelan.

Sajen weton menika dipunbongkar dening tiyang ingkang gadhah wetonipun, Langkung sae ingkang bongkar menika ingkang gadhah among. nanging bongkar sajen menika saged sanes tiyang ingkang gadhah among. Tuladhanipun tiyang ingkang gadhah pedamelan tebih, utawi dereng saged

wangsul, menika saged nyuwun tulung anggenipun bongkar sajen kaliyan anggota kulawarganipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*.

“sing luwih apik sajen kuwi dilorot karo sing duwe among, sing duwe gawe, mergane kuwi rak wis dadi tanggung jawabe, lha kuwi sing luwih apik, ning yen kepeksane ora isa ya ora apa-apa, gak ada paksanaan kan saben wong kahanane ora pada, nek ndhilalah pas ana gawean sing ora kena ditinggal, njur ora isa mulih nglorot sajen, kuwi isa dipasrahke karo keluwargane, mbuh kuwi bojone apa anake, itu bisa.”(CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“lebih bagus kalau yang bongkar itu yang punya gawe, jadi kalau misal Mas Resa yang punya among ya Mas Resa yang bongkar, tapi kalau misal mas resa sedang ada kerja diluar dan ndak bisa pulang untuk bongkar sajen, minta tolong keluarganya ya ndak ada apa-apa”(CLW 04)

Tegesipun:

“langkung sae bilih ingkang bongkar menika ingkang gadhah among, dados umpaminipun Mas Resa ingkang gadhah among ya Mas Resa ingkang bongkar, nanging umpaminipun Mas Resa wonten padamelan tebih lan boten saged wangsul kangge bongkar sajen, menika saged nyuwun tulung kulawarganipun”

Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi bilih sajen Weton Tiron menika langkung sae dipunbongkar dening tiyang ingkang gadhah among, nanging saged dipunbongkar dening tiyang sanes menawi ingkang gadhah among boten saged.

Sajen Weton Tiron dipundhudhah kanthi cara dipunpendhet sekedhik-sikedhik lan dipunpilah ingkang taksih saged dipunmaem lan boten. Sajen ingkang boten saged dipunmaem kados dupa, sekar pancawarna, lan jenang-jenangan dipunbucal wonten jogangan lajeng sanesipun ingkang taksih saged

dipunmaem kados jajan pasar menawi kathah saged dipunparingaken tangga tepalih. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“...sorene, kira kira jam 3 sajene dibongkar, dilorot mboko sethithik, dipilih sing iseh isa dipangan didheweke, nek kira-kira turah okeh ya isa dinehke kiwa-tengene” (CLW 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03*

“...biasanya kalau lebih, jajan pasarnya sebagian saya kasihkan tetangga, atau saya kasihkan teman ditempat kerja” (CLW 03)

Tegesipun:

“...limrahipun menawi kathah, jajan pasaripun kula bagi kaliyan tangga tepalih utawi kanca ing papan padamelan” (CLW 03)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih sajen ingkang sampun dipunbongkar menika saged dipunbagi kaliyan tangga tepalih, limrahipun ingkang dipunbagi menika jajan pasaripun.

C. Makna simbolik

1. Sekul Tigan

Sekul tigan wonten sajen Weton Tiron menika awujud sekul liwet ingkang dipunparingi tigan godhog. Sekul tigan utawi ingkang dipunsebat sekul suci ulam sari menika kangge simbol pakurmatanipun datheng kaki among nini among ingkang sampun kersa njagi kita saben siyang lan dalunipun supados ngganda lan dhahar sari-sarinipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*

“Oh nggih, sekul ulam sari menika kangge ngopah- opahi kaki among nini among kang momong jiwa ragane sampeyan supados diparingi remen anggenipun momong, menika diopah-opahi supados ngreksa, ngganda, lan dhahar sari-sarine, boten kok mangan ngetemel ngene iki mas.” (CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 01*

“sega endhog kuwi kanggo ngopah-opahi sik jenenge kaki among nini among, yen cara kulon ya malaikat, nek nang jawa ya kaki among nini among. Kaki among nini among kuwi sing njaga ro ngancani saben rina wengine mula kudu dingerteni, carane ya nganggo ubarampe Weton Tiron ngene iki.”(CLW 01)

Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi bilih sekul tigan menika minangka sarana kangge ngopah-opahi kaki among nini among ingakng sampun momong saben siyang lan dalunipun.

Sekul tigan menika dipunsebat sekul suci ulam sari, menika saking 3 tembung inggih menika sekul suci, ulam, kaliyan sari. Sekul suci menika saged ateges sekul, ulam menika saged ateges ayam utawi ingkung, lan sari menika ateges tigan. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*

“Ubarampene, Sekul suci ulam sari, kuwi sega ditumpangi ndog, yen ana ya ingkung...” (CLW 04)

Saking pamanggih ing inggil menika saged dipunmangertosi bilih sekul tigan menika sejatosipun sekul ulam sari, inggih menika sekul tigan ingkang dipunparingi ingkung ayam.

Sekul tigan menika seged awujud tumpeng. Tumpeng menika saking tembung tumuju lempeng. Miturut Poerwadarmaninta (1939: 614) ingih menika sega diwangun. Miturut Tashadi, dkk (1994 : 77-78) tumpeng menika ngemutaken manungsa tansah eling dhumateng gusti Allah ingkang sampun paring gesang lan raga sakisinipun kangge gesang manungsa. Moertjipto (1997:93) ngandharaken tumpeng menika ateges panyuwunan dhumateng Gusti Allah supados pangajabipun saged kelaksanan lan nyuwun tinebihna saking panggoda saking kulawarga.

Tumpeng dipundamel saking sekul ingkang wujudipun ngrucut. Wonten ing pucuk tumpeng menika dipunparingi tigan godhog. Tigan dados pralambang wiwitanipun gesang menika saking tigan dados tigan menika ateges manungsa tansah eling sangkan utawi asalipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“Iha nek tumpeng kuwi ateges hubungan tumuju lempeng, hubungan karo gustimu karo sapada-pada...” (CLW 01)

Saking andharan ing inggil saged dipunmangertosi bilih sekul tigan ingkang awujud tumpeng menika dados simboling hubungan antawisipun Gusti kaliyan titahipun.

Sekul tigan menika saged awujud golog. Wujudipun sekul golog menika *bunder* kados bal. Cacahipun tiga, menika nyimbolaken gologing tekad manungsa kangge nglampahi ajaranipun para leluhur. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“...Iha yen sega dibentuk golog kuwi tegese gologing tekad kanggo nglakoni ajarane para leluhur iki” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03*

“telur itu sebagai simbol benih manusia, nasi yang dibuat bentuk golog itu sebagai wujud tekad manusia yang harus kuat, termasuk dalam menjalani ajaran leluhur kita ini.”

Tegesipun:

“tigan minangka simboling manungsa, sekul ingkang dipundamel golog menika minangka wujuding tekad manungsa ingkang kedah kiyat, kalebet wonten ing nindakaken ajaraning leluhur menika.”

Saking pamanggih-pamanggih ing inggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih sekul tigan ingkang awujud golog menika minangka simbolinnng tekading manungsa ingkang badhe nglaksanakaken Weton Tiron menika.

2. Gudhangan

Gudangan menika dipundamel saking sayur-sayuran ingkang dipungodhog. Isinipun wonten kacang lanjaran, bayem, kangkung, mbayung, wortel, thokolan, kaliyan bumbu klapa. Sayuran wonten sajen menika gadhah *makna simbolik* supados tiyang ingkang damel Weton Tiron menika tansah seger badanipun kados sayur-sayuran gudangan, bayem menika pangajab supados diparingi tentrem manah kaliyan penggalhipun, kacang panjang utawi kacang lanjaran ingkang boten dipunpotong menika ateges supados diparingi umur panjang lan saged nglanjari kabecikan, thokolan menika supados kabecikan menika saged tukul lan ngrembaka ngantos sakiwa tengenipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“...ana gudangane ana bayeme kuwi ben tentrem, kacang lanjaran kuwi ya supaya bisa njalari kabecikan marang sakturune,, thokolan, kuwi ben ngrembaka tekan sakiwa tengene...” (CLW 01)

“...sega tumpeng sing dilingkari gudangan kuwi tegese ben duwe umur panjang ben isa nglanjari kanggo sakturun-turun awake dhewe lan kiwa tengene, tokolan ya ben isa ngrembaka.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening *informan 04*

“gudhangan kuwi yang dari kacang panjang, thokolan, dan sayur lainnya, itu supaya badannya si A yang melakukan weton itu diberi umur panjang, rejekinya banyak, dan badan yang sehat, segar. (CLW 02)..”

Saking pamanggih-pamanggih ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih gudhangan menika dados simboling pangajab manungsa supados tansah dipunparingi yuswa ingkang panjang, penggalih ingkang tentrem, saged paring pituladhan kabecikan datheng turunipun kaliyan sakiwa tengenipun.

3. Jenang Among

Jenang menika katelah saking jeneng utawi nama. Jeneng utawi nama menika nedahaken *identitas* utawi asal-usuling diri. Jenang menika nyimbolaken bilih manungsa menika kedah mangertos asal-usulipun utawi jatidirinipun. Gangsal jenang menika nyimbolaken bilih manungsa menika sejatosipun kadadean saking 4 unsur inggih menika, siti, bayu, agni, kaliyan toya. Siti ingkang werni cemeng menika dipunsimbolaken jenang ingkang wernipun cemeng, bayu utawi angin menika dipunsimbolaken jenang ingkang wernipun kuning, lajeng geni ingkang panas menika dipunsimbolaken jenang werni abrit, saklajengipun toya menika dipunsimbolaken jenang ingkang werni pethak. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“jenang kuwi seka jeneng, jeneng dadi jenang. Jeneng kuwi nduduhake identitas menungsa, lha jenang papat kuwi nduduhake kadadeane manungsa kuwi seka patang perkara, seka lemah, seka angin, seka geni, seka banyu. Kuwi nduduhake kadadeane manungsa, supaya manungsa kuwi ngerti jati dirine, ngerti karo uriye.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03*

“jenang dalam sesaji ini mengingatkan kita akan asal-usul manusia itu dari 4 unsur didunia yaitu tanah, udara, api, dan air. Keempat element itu yang menyusun jasad atau badan manusia, makanya dalam sesaji itu jenang hijau sebagai badan dikelilingnya 4 macam jenang yang mana menjadi simbol keempat unsur itu.” (CLW 03)

Tegesipun:

“jenang wonten sesajen menika ngelingaken bilih manungsa menika asal-usulipun saking 4 unsur ing donya inggih menika siti, bayu, agni, kaliyan toya. Sekawan unsur menika ingkang dados asalipun jasad utawi badanipun manungsa, pramilaing sesajen menika jenang ijem papanipun wonten tengah, dipunubengi kaliyan 4 unsur ingkang dados simbol 4 unsur menika.” (CLW 03)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih jenang ijem, jenang cemeng, jenang kuning, jenang abrit, kaliyan jenang pethak menika dados *simbol* badaning manungsa ingkang kadadosan saking lemah, geni, angin, kaliyan toya.

Jenang menika wonten 5 werni; jenang werni ijem, jenang werni cemeng, jenang werni jenar, jenang werni abrit, lan jenang werni pethak. Jenang ijem, cemeng, jenar, abrit, lan pethak dipuntata kanthi cara jenang ijem wonten tengah, jenang cemeng wonten sisih ler, jenang kuning wonten sisih kilen, jenang abrit wonten sisih kidul, lan jenang pethak wonten sisih wetan. Tata caranipun nata menika nyimbolaken bilih badan utawi sukma sejatinipun tiyang gesang menika tansah dipunubengi kaliyan nepsuning manungsa, inggih menika napsu aluamah, supiyah, amaroh kaliyan mutmainah. Saben napsu menika gadhah papanipun piyambak-piyambah, aluamah wonten sisih ler, supiyah wonten sisih kilen, amaroh, wonten sisih kidul, lan mutmainah wonten sisih wetan. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 03*

“...disitu ada jenang warna hiiiau, jenang warna hijau ditengah,itu simbol sukma sejati manusia yang ada dipusat inti tubuh manuisia, kemudian dikelilingi jenang 4 macam, yaitu jenang warna hitam, kuning, merah, dan putih. Disitu sebagai simbol nafsunnya manusia yang meliputi sukma sejati, warna hitam biasanya orang jawa menyebutnya nafsu aluamah, disitu digambarkan dengan jenang warna hitam, kemudian jenang warna merah disimbolkan sebagai nafsu amarahnya manusia, kemudian ada jenang warna kuning menyimbolkan nafsu sufiyah manusia, dan jenang warna putih yang menyimbolkan nafsu mutmainahnya manusia.” (CLW 03)

Andharan kasebut dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 01*

“Banjur jenang ireng kuwi kanggo mrengeti kedadeane awake dhewe kuwi saka sari-sarining bumi, sing kasebut aluamah, jenang abang kasebut amaroh kedadeane saka sari-sarining geni, jenang kuning kuwi kedadeane saka sari-sarining angin, sufiyah, jenang putih kuwi nerangake kedadeane saka sari-sarining banyu kang kasebut mutmainah, nah jenang ijem kuwi kasebut badan, sing ngurung, amengku hawa patang perkara kuwi mau,” (CLW 01)

Saking andharan ingkang sampun kababar ing inggil saged dipunmangertosi bilih jenang cemeng, jenang kuning, jenang abrit, kaliyan jenang pethak menika wonten tata caranipun nata. Jenang cemeng minangka simboling napsu aluamah wonten sisih ler, jenang kuning minangka simboling napsu supiyah wonten sisih kilen, jenang abrit minangka simboling napsu amaroh wonten sisih kidul, lan jenang pethak minangka simboling napsu mutmainah ing sisih wetan.

Jenang werni ijem kadamel saking tepung kacang ijem, papanipun wonten satengahing jenang cemeng, abrit, jenar, pethak. Jenang ijem nyimbolaken pancer utawi badaning manungsa. Papanipun wonten tengah menika nyimbolaken bilih badan menika ingkang dados wadhah lan punjering sekawan nepsunipun manungsa inggih menika napsu aluamah, supiyah, amaroh, lan mutmainah.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“...nah jenang ijem kuwi kasebut badan, sing ngurung, amengku hawa patang perkara kuwi mau...” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“...jenenge pancer, 5 pancer, pancere urip iki awak, sing mengku patang perkara, kiblat papat lima pancer, pancere ya awakmu dhewe...” (CLW 04)

Saking pamangggih ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih jenang ijem menika minangka simboling pancer utawi badanipun manungsa. Pancer utawi badan menika ingkang dados wadhahing nepsunipun manungsa.

Jenang werni cemeng kadamel saking tepung uwos ketan cemeng, papannipun wonten sisih ler. Menika nyimbolaken bilih manungsa menika kadadean saking sari-sarining siti. Jenang cemeng ugi nyimbolaken nepsu aluamahipun manungsa. Nepsu aluamah menika gayut kaliyan sifat serakahipun manungsa. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“jenang ireng sing saka ketan ireng, kuwi nyimbolake nepsu aluamah sing asale kuwi saka sari-sarine lemah. Nepsu aluamah kuwi duweni sipat serakah, angah-angahe gedhe, mula kudu dingerteni supaya bisa dipapakake nang kasuwargane.”

Andharan menika dipusengkuyung dening pratelanipun *informan* 03

“...warna hitam biasanya orang jawa menyebutnya nafsu aluamah, disitu digambarkan dengan jenang warna hitam...”(CLW 03)

Tegesipun:

“...werni cemeng menika limrahipun dipunsebat nepu aluamah, dening tiyang jawi dipungambaraken ngagem jenang werni cemeng...” (CLW 03)

Saking andharani ingkang sampun kababar saged dipunpendhet dudutan bilih jenang cemeng menika simboling nepsu aluamahing manungsa. Nepsu aluamah menika kadadosan saking sari-sarining lemah, gadhah sipat serakah lan papanipun wonten sisih ler.

Jenang werni kuning kadamel saking tepung jagung. Jenang menika nyimbolaken bilih manungsa kadadeanipun saking sari-sarinipun angin, ugi tansah mbetahaken angin wonten pagesangan. Jenang menika ugi nyimbolaken napsunipun manungsa inggih menika supiyah. Nepsu supiyah menika jumbuh

kaliyan rasa kaendahan, remen marang tiyang sanes, asmara uatwi birahinipun manungsa. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“bubur kuning kuwi nyimbolke nepsu supiyah, sing kedadeane seka angin, papane nang kulon. nepsu supiyah kuwi nepsu sing seneng karo kaendahan, contone kaya rasa seneng karo wong wedok kuwi sing nggerake ya nepsu supiyahe menungsa, asmara, birahi kuwi sing nggerakake nepsu supiyah” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“Lha ketelune bubur kuning sing asalipun seka jagung kuning menika dipunsebut supiyah kuwi nek cara islame, sing asal saka angin kuwi nang kulon papane mas” (CLW 02)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih jenang kuning menika minangka simboling nepsu supiyahipun manungsa. Nepsu supiyah menika kadadosanipun saking sari-sarinipun angin, nepsu supiyah menika nepsu birahinipun manungsa papanipun wonten sisih kilen.

Jenang werni abrit menika kadamel saking tepung uwos abrit. Jenang menika nyimbolaken bilih manungsa kadadeanipun saking sari-sarinipun geni. Jenang menika ugi nyimbolaken napsunipun manungsa inggih menika amaroh. Nepsu amaroh menika gayut kaliyan sipat angkara. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“lha nek jenang abang sing asale seka beras abang kuwi nyimbolake asale manungsa kuwi ya seka geni. Nek nang jawa nepsu sing seka geni kuwi jenenge amaroh, amaroh kuwi kaya rasa nesu, mangkel, mendekel, kuwi sing nggerakake nepsu amaroh” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“jenang abang kuwi nepsu amarohnya manusia” (CLW 04)

Saking andharan ingkang sampun kababar ing inggil saged dipunmangertosi bilih jenang abrit menika simboling nepsu amarohing manungsa.

Nepsu aluamah menika kadadosan saking sari-sarining geni, papanipun wonten sisih kidul.

Jenang pethak menika kadamel saking tepung uwos. Jenang menika nyimbolaken bilih manungsa kadadeanipun saking sari-sarinipun toya, ugi tansah mbetahaken toya wonten pagesangan. Jenang menika ugi nyimbolaken napsunipun manungsa inggih menika mutmainah. Nepsu mutmainah menika kasebutipun nepsu putih, menika gayut kaliyan sipat kabecikan. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 03*

“jenang putih itu menyimbolkan nafsunya manusia yang disebut nafsu mutmainah. Nafsu mutmainah itu nafsu putih, keinginan untuk berbuat baik, rajin sembahyang, dan sebagainya tapi ini juga nafsu jadi harus berhati-hati, jangan sampai kita nanti merasa paling benar dan sebagainya.”

Tegesipun:

Jenang pethak menika nyimbolaken nepsunipun manungsa ingkang dipunsebat nepsu mutmainah. Nepsu mutmainah menika nepsu pethak, rasa Tetulung, sregep sembahyang lan sapiturutipun, ananging menika ugi nepsu, dados kedah ngatos-atos, ampun ngantos kita gadhah raos ingkang paling bener lan sanesipun” (CLW 03)

Saking andharani ingkang sampun kababar saged dipunpendhet dudutan bilih jenang pethak menika simboling nepsu mutmainahipun manungsa. Nepsu mutmainah menika kadadosan saking sari-sarining toya, papanipun wonten sisih ler.

Sedaya andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih jenang ijem, jenang cemeng, jenang jenar, jenang abrit, kaliyan jenang pethak menika simbolipun badan utawi pancer menika boten saged pisah kaliyan 4 nepsunipun inggih menika nepsu aluamah ingkang kadadosan saking siti, supiyah ingkang kadadosan saking bayu, amaroh ingkang kadadosan saking geni, kaliyan

mutmainah ingkang kadadosan saking toya. Jenang ijem dipuntata ing satengahing 4 jenang menika gadah simbol bilih badan menika kadadosan saking campuranipun 4 unsur menika.

4. Jenang abrit (gendhis jawa) lan jenang pethak

Menungsa wonten donya menika boten lair piyambak ananging wonten asal-usulipun inggih menika saking tiyang sepuhipun. Tiyang sepuh menika minangka asal-usuling manungsa ingkang damel lan ngukir jiwa raganipun. Tiyang sepuh menika ingkang tansah ngancani saking kita wonten kandungan dumugi dewasa, tiyang sepuh menika gadhah *andil* wonten gesanging manungsa, pramila wonten ing sajen Weton Tiron menika dipundamel jenang ingkang dados simboling tiyang sepuhipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“Jenang abang karo putih kuwi sing dadi simboling wong tuwa, kenapa kok ndadak nganggo jenang putih karo abang? Mergane apa? Lha sing jenenge Weton Tiron iki kanggo mengeti dina kelairane, supaya bisa ngerti asal-usule, ngerti karo uripe, kamangka wong urip nang donya iki ora lair seka watu nanging seka bapak lan ibu sing ngukir jiwa ragane, ya jiwa ragaku, ya jiwa ragamu” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 03*

“jadi jenang putih dan jenang gula jawa ini sebagai simbol orang tua kita yang telah mengukir jiwa raga kita, dan menjaga kita hingga dewasa” (CLW 03)

Tegesipun

“dados jenang pethak kaliyan jenang gendhis jawi menika kangge *simbol* tiyang sepuhipun kita ingkang sampun ngukir jiwa lan raganipun kita, sarta njagi kita dumugi dewasa”(CLW 03)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunmangertosi bilih jenang abrit kaliyan pethak menika nyimbolaken asal-usulipun manungsa menika saking tiyang sepuhipun supados saged bektos dhateng tiyang sepuhipun..

Jenang kalih ingkang wonten sisih kidul menika kadamel saking tepung uwos, jenang abrit menika kadamel saking uwos beras ingkang dipunparingi gendhis jawi. Jenang abrit kaliyan jenang petak menika kangge simbol pakurmatan dhateng tiyang sepuhipun ingkang sampun ngukir jiwa raga lan nggula wentah wiwit saking lair dumugi kita dewasa. Jenang abrit menika minangka pralambangipun ibu, jenang pethak minangka pralambangipun bapak.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*

“Nah, jenang abang lan putih, jenang abang lan putih menika saking bapa lan biyunge panjenengan, jenang abang saking biyunge sampeyan, jenang putih menika saking bapane sampeyan minangka lantaran dumadosipun wujudipun sampeyan, menika diprengeti” (CLW 02)

Andharan menika dipun sengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“...Jenang abang lan jenang putih sijine kuwi kanggo nguri-uri, caos bektos marang wong tuane dhewe, sing ngukir jiwa ragane dhewe, kawit nang kandungan nganti dewasa...” (CLW 04)

Saking andharan ing inggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih jenang abrit (gendhis jawi) menika simboling ibu lan jenang pethak menika simboling bapak. Jenang abrit kaliyan jenang pethak menika dados *simbol* pakurmantan datheng tiyang sepuhipun.

5. Sekar pancawarna

Sekar ingkang dipunginakaken ing upacara Weton Tiron menika dipunwastani sekar pancawarna. Wonten sekar among menika isinipun wonten 5 werni sekar inngkang sajodo-sajodo inggih menika sekar mawar abrit kalih, sekar mawar pethak kalih, sekar kenanga kalih, sekar melati kalih, lan sekar kanthil kalih, limrahipun sekar ingkang dipunginakaken menika sekar setaman. Miturut pamanggihipun Jendra (1991: 54) sekar menika lambang arum, menika jumbuh kaliyan maknaipun sekar pancawarna wonten ing Weton Tiron. Wonten ing Weton Tiron sekar panca warna ateges arum, arum wonten mriki supados tiyang ingkang dipunamongi menika tansah dipunparingi badan ingkang sehat lan gadhah kapribadhen ingkang sae kados wanginipun sekar panca warna lan saged ngarumaken namanipun tiyang sepuh. Andharan menika jumbuh kaliyan *informan* 01.

“kembang pancawarna kuwi tegese supaya bisa ngambar arum pribadhine kaya kembang kuwi, sing nglakoni upacara Weton Tiron.” (CLW 01)

Andharan kasebut disengkuyung dening pratelanipun *informan* 04

“...kembang panca warna ki menghiasi awak, badane si A yang nggawe Weton Tiron, supaya kuat mengku hawa patang perkara.” (CLW 04)

Saking pamanggih ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilih sekar panca warna menika dados simbol pangajabipun manungsa supados saged gadhah kapribaden ingkang sae kados arumipun sekar.

Sekar panca warna menika wujudipun sekar gangsal ingkang sajodo dipunparingaken wonten mangkok ingkang dipunparingi toya pethak. Sekar panca warna menika simboling sukma sejatinipun manungsa kaliyan nafsuning manungsa ingkang wonten 4 inggih menika nepsu aluamah, supiyah, amaroh,

kaliyan mutmainah. Sajodo menika ateges pasangan kalih *unsur* ingkang dados setunggal utawi nyawiji, wondene mangkok ingkang isinipun toya pethak menika ateges badaning manungsa. Sekar pancawarna menika simboling pangajabing manungsa supados sukma sejati kaliyan hawa nepsu sekawan wau saged nyawiji wonten badaning manungsa saengga saged gadhah kapribaden ingkang sae.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 03*

“Kembang 5 macam itu sebagai simbol doanya manusia supaya diberi kepribadian yang harum layaknya kembang 5 warna. Nah dalam badannya manusia itu ada yang namanya sukma sejati, dan sedulur 4. Sedulur 4 itu diwujudkan sebagai nafsunya manusia itu sendiri. Nah seperti kembang 5 warna itu diharapkan agar antara 4 nafsu itu dapat menyatu sehingga tidak ada yang dominan.” (CLW 03)

Tegesipun:

Sekar panca warna menika minangka simbol donganipun manungsa supados tansah dipunparingi kapribaden ingkang sae kados arumipun sekar panca warna. Wonten badanipun manungsa menika wonten ingkang namanipun sukma sejati, lan sedulur 4, sedulur 4 menika awujud nepsunipun manungsa piyambak, kados sekar panca warna menika dipunajab supados antawisipun nepsu 4 kaliyan sukma sejati menika saged nyawiji saengga boten wonten ingkang *dominan*.”

Saking pamanggih-pamanggih ingkang sampun kababar saged dipunpendhet dudutan bilih sekar pancawarna menika ateges pangajab tiyang ingkang ngadani Weton Tiron menika saged kiyat anggenipun meper hawa napsunipun saengga saged sae pribadinipun kados wanginipun sekar panca warna.

6. Jajan pasar

Jajan pasar menika sedaya jajanan ingkang wonten ing pasar. Jajan pasar menika wujudipun sedaya ingkang dipunsade wonten peken, dipunpendhet 7 werni jajanan. Jajan pasar minangka simbol pasaran ingkang dipunangge dening

masarakat jawi inggih menika pahing, pon, wage, kliwon, kaliyan legi. Jajan pasar dipunpendhet werni 7 minangka simboling dinten ingkang wonten jawi inggih menika ahad, senin, selasa, rebo, kemis, jumuah, lan sebtu. Jajan pasar 7 werni menika minangka simboling dinten lan pasaran ingkang wonten ing jawi.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*

“jajan pasar 7 macam, sebagai simbol dina lan pasaran dijava. Jadi kalau masyarakat jawa itu petungannya menggunakan hari dan pasaran, kalau dijava hari itu ada 7 hari, kalau pasaran ada lima pahing, pon, wage, kliwon, legi. Hampir dalam semua hal masarakat jawa itu menggunakan petung, Weton Tiron ya begitu, diprengeti setiap hari lainnya sesuai hari dan pasarnya.”

Saking pamanggih ingkang sampun kababar saged dipunmangertosi bilih jajan pasar werni 7 menika minangka simboling dinten kaliyan pasaran ingkang dipunginakaken dening masarakat jawi.

Dinten lan pasaran menika limrah dipunginakaken wonten masarakat jawi ing saben dintenipun. Wonten pagesangan masarakat jawi dinten lan pasaran dipunginakaken kangge ngetang petung, tuladhanipun petung kangge miwiti tandur, petung kangge ngetanng tanggal tanggal hajatan lansapiturutipun. Jajan pasar menika dados wujuding panyuwunan datheng Gusti ingkang yasa dinten lan pekenan ingkang saben rina lan dalunipun dipunambah tiyang jawi supados dipunparingi kaslametan wonten pundi papan kemawon. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*.

“jajan pasar werna 7, menika ndherek mrengeti, nek ubarampenipun lengkapipun menika ngedalaken kalawetune bumi, sadreming ndadosaken rejeknipun pangeran ganjaranipun kang kuwaos pratandha ndherek mrengeti dinten pitu pasaran lima, kang yasa dina lan pasaran sing panjenengan ambah sak rina lan wengine wonten pundi papan sik diambah panjenengan njaluk diwelasi diasahi wong sak lemahing bumi kureping langit. Lha ingkang saporu malih menika ndherek mrengeti datheng kaki lan

nini ingkang yasa dina lan pasaran ingkang sakmenika dipunagem sadaya titah siyang dalunipun tansah jinangkuning kawilujengan sedayanipun. Nek panjenengan duwe pedamelan, pedamelan menika njaluk diwelasi diasahi, neng endi papan sing dilenggahi sampeyan, niku ndang gampang, isa entuk, isa diunggahke pangkate, ten riku niku mas. Niku prengetan dina pitu pasaran lima, dadi nek tembunge rada dhuwur sithik tembunge memule, memule artine ngluhurake mas, ngluhurake sing yasa dina lan pasaran, kaki lan nini sing yasa dina lan pasaran.” (CLW 02)

Andharan menika dipun sengkuyung dening pratelanipun *informan 03*.

“... Kemudian disitu ada jajan pasar, kenapa ada 7 macam, itu sebagai wujud permohonan manusia kepada Sang Maha Pencipta bahwa ketika manusia tumimbal lahir ke alam mayapada itu kakinya harus menginjak tanah, nah disitu, manusia itu harus selalu memohon kepada Sang Maha Pencipta, agar bisa selamat, makanya dalam doanya nanti ada kata-kata “duh gusti ingkang maha suci, nyuwun slamet, rahayu, wilujeng wonten papan pundhi ingkang kulo ambah” kata-kata itu diwujudkan dalam bentuk jajan pasar, jadi sebagai wujud permohonan manusia kepada Sang Maha Pencipta, agar selalu diberi keselamatan dimanapun kakinya menginjak, kita akan selalu diberi perlindungan sang maha pencipta...” (CLW 03)

Tegesipun:

“... lajeng wonten jajan pasar, kenging menapa wonten 7 werni? Menika minangka wujud donganipun manungsa dhateng Gusti ingkang Maha Pangripta bilih nalika manungsa tumimbal lair wonten ing donya, sukunipun kedah midhak wonten siti, nah saking menika tiyang gesang menika kedah tansah nyenyuwun marang gusti ingkang maha Pangripta supados tansah pinaringan slamet, rahayu, lan wilujeng wonten pundhi papan kemawon tetembungan menika dipunwujudaken jajan pasar minangka wujud panyuwunannipun datheng Sang maha Pangripta supados tansah dipunparingi keselamatan wonten pundipapan kemawon...” (CLW 03)

Saking pamanggih-pamanggih ingkang sampun dipunadharakeen menika saged dipunpendhet dudutan bilih jajan pasar menika simbol pangajabing manungsa supados tansah dipunparingi kaslametan wonten pundhi papan kemawon.

7. Damar kambang

Wonten ing *hasanah* budaya jawi jagading manungsa menika wonten kalih inggih menika jagad alit lan jagad ageng. Wonten ing jagad ageng wonten surya ingkang dados pepadhang ing jagad, semanten ugi wonten ing jagad alitipun manungsa wonten cahya ingkang dados pepadhang ing gesanging manungsa ananging cahya menika badhe *redup* menawi manungsa menika boten saged memper hawa napsunipun. Minangka simboling cahyaning manungsa dipundamel damar kambang.

Damar kambang utawi damar kambangan menika senthir saking lempung gesangipun saking lisah klenthik. Uruping damar kambang ingkang madhangi papan kangge masrahaken sajen menika dados simbol oboring agesang ingkang tansah paring pepadhang ing jagad, inggih jagad ageng lan jagad alitipun saengga anggenipun tumindak menika sae boten damel cilakaning liyan. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*.

“damar kambang madangi jagade kang gawe among, ya jagad cilik lan jagad gedhe si gawe among. Ananging cahya kuwi mau isa cilik yen ora isa meper hawa patang perkara kuwi mau, yen jagad cilike wis peteng kira-kira nang jagad gedhene kepiye? Mesthi ya melu peteng ta?” (CLW 01)

Andharan kasebut dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*.

“Damar kambang, sing uripe saking lisah klenthik, menika nyepetke minangka dedamaring agesang utawi oboring urip mas, nggih oboring kula, nggih oboring gesang tiyang ingkang nindakaken Weton Tiron menika” (CLW 02)

Saking pamanggih-pamanggih ingkang sampun dipunandharaken saged dipunadharaken saged dipunpendhet dudutanipun billih damar kambang menika simbol oboring agesang, bilih saben manungsa menika gadhah cahya ingkang tansah paring pepadhang datheng jagad alit lan jagad agengipun manungsa.

8. Unjukan Kopi, Teh, Toya Pethak, Rokok, kaliyan Kinang

Tiyang jawi pitados bilih saben tiyang menika wonten ingkang njagi saben rina lan dalunipun, inggih menika kaki among nini among. Unjukan teh, kopi, toya pethak, ses, kaliyan kinang menika dados setunggal *paket*. Wedhang, ses, kaliyan kinang lan susur menika dados simbol pakurmatanipun tiyang ingkang damel Weton Tiron kaliyan kaki among lan nini among, supados dipunparingi remen anggenipun momong, saged dipunparingi kaslametan lan kawillujengan. Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*.

“unjukan kopi, teh, toya pethak, menika kangge ngopah- opahi kaki among nini among kang momong jiwa ragane sampeyan supados diparingi remen anggenipun momong, slamet wilujeng ingkang dipun emong. Lan menika ingkang saporu malih kangge ngopah-opahi, menika sedulur nunggal bareng lair panjenengan, yaiku tutup, banyu urip, kakang kawah lan getih tuntunan, adhiari-arine sampeyan, sing metu saking marga ina, lan sing ora metu saking marga ina, sedulure sampeyan sing karawatan lan sing ora karawatan, sarta sedulure sampeyan 7, nek panjenengan jaler, jaler estri, nek panjenengan estri, menika estri jaler. Nek sik estri niku ya wadone 6 kakunge 1, yen sik njenengan kakung jalere 6 wadone 1...” (CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 01*.

“wedhang kopi, teh, wedhang putih kuwi kangge ngormati kaki among nini among sing momong awakmu serina lan sewengine, ya nek cara kulon jenenge malaikat, ning kuwi ya mung aran. Ibarate blegere menungsa, kuwi yen ana tamu diundang ning ra dikeki wedhang, nesu apa ora? ngamok ora?” (CLW 01)

Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutan bilih unjukan kopi, teh, toya pethak, ses, kaliyan kinang menika simbol pakurmatan datheng kaki among nini amongipun supados dipunparingi remen anggenipun momong.

9. Dupa

Dupa wonten sajen weton tiron menika dipunginakaken kanthi cara dipunbakar. Kebuling dupa bakal sumebar wonten ing sajroning papan kangge pasrah sajen, paring gandha arum wonten papan kasebat. Papan ingkang resik lan wangi menika supados saged paring *fokus* ing dedonga. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*

“dupa kuwi sing ngambar arum wangine, dadi ngenahi wewangen nang ruangan sing dienggo pasrah sajen, nah kalau ruangnya bersih, baunya harum, berdoa itu jadi lebih khusyuk” (CLW 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 03*

“jadi dupa itu sebagai pemberi keharuman didalam ruangan, agar kita dalam berdoa atau pasrah sajen itu bisa lebih fokus” (CLW 03)

Tegesipun:

“dados dupa menika minangka paring ganda arum sajroning kamar, supados nalika dedongan utawi pasrah sajen menika saged *fokus*” (CLW 03)

Saking andharan-andharan wonten inggil menika saged dipunmangertosi bilih dupa menika saged paring gandha arum sajroning ruangan saengga saged nambah raos khusuk anggenipun dedonga.

Dupa menika minangka sumbering arum, dados simboling arum utawi kasaenan. Dupa wonten sajen menika gadhah pangajab supados jabang bayi ingkang damel Weton Tiron gadhah sipat lan kapribaden ingkang sae saengga saged dados pituladhan marang tiyang sanes. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*.

“duparatus kuwi ngambar arum wangine tegese supaya pribadine sing nglakoni Weton Tiron kuwi bisa ngambar arum kaya wangine dupa kuwi mau, bisa dadi conto kanggo liane...” (CLW 01)

Andharan kasebut dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“Dupa kuwi sing nekakake, sing ngambar-ambar arum jabang bayi si A umpamane...” (CLW 04)

Saking andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih dupa menika simbol pangajab manungsa supados gadhah kapribaden ingkang sae kados aruming dupa saengga saged dados pituladhan marang tiyang sanes.

10. Wajib

Wajib menika ateges kudu utawi kedah wonten. Saben sajen ubarampe Weton Tiron menika kedah wonten wajibipun, menika minangka kangge nutup kekiranganipun sajen. Wajib menika wujudipun arta lan dipunginakaken kangge njangkepi kekirangannipun sajen. Boten saben tiyang ingkang damel Weton Tiron menika tiyang ingkang sugih, wonten ugi tiyang ingkang boten gadhah, saengga boten saben tiyang menika boten mesthi saged damel sajen ingkang jangkep lan sae pramila kangge njangkepi sajen menika dipunparingi wajib awujud arta. Arta wajib cacahipun ganjil menika gadhah *makna* supados sajen ingkang boten jangkep utawi ganjil saged jangkep. Andaharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“Wajib kuwi kanggo nggenepi sajen, yen pas ndhilalah ora duwe duwit kanggo tuku jajan pasar, utawa pas ora duwe kopi, apa gula apa rokok, lha rak ora saben uwong duwe, kuwi digenepi kanggo wajib cacahé ya 2100 digawe ganjil ben ganjil yen ketemu ganjil rak genep, rak ya ngono ta” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 04*

“kan nggagk semua orang itu pas wetone duwe dhuwit, jadi pas buat sajennya nggagk lengkap, nah untuk melengkapi sajen itu pake wajib” (CLW 04)

Saking pamanggih-pamanggih inggil menika saged dipundudut bilih wajib menika dados *simbol* kangge njangkepi sajen menawi wonten ingkang boten

jangkep. Para paraga Weton Tiron menika pitados bilih cacahipun arta wajib kedah ganjil supados sajen ingkang boten jangkep utawi ganjil saged genep menawi dipunjangkepi kaliyan wajib.

Arta wajib menika kangge njangkepi sajen ateges minangka simbol tiyang gesang menika boten wonten ingkang sampurna tansah wonten kekuranganipun pramila kedah nindakaken wajibipun datheng Gusti kaliyan sesaminipun miturut kapitadosanipun piyambak-piyambak. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 03*

“wajib itu ya gunannya untuk melengkapi sajen, kan gak semua orang bisa gawe sajen yang lengkap, bagus, lha maka dari itu dinehi wajib, nek ana kurange isa tuku dhewe, tapi ya itu cuma sanepan yen menungsa itu ndak ada yang sempurna pasti ada kurangnya, mulanya harus melaksanakan wajibnya” (CLW 03)

Tegesipun:

“wajib menika ginanipun kangge njangkepi sajen, boten sedaya tiyang saged damel sajen ingkang jangkep lan sae, pramiladipunparingi wajib, menawi wonten kirangipun saged tumbas piyambak, ananging menika nggih sanepan, boten wonten tiyang ingkang sampurna mesthi wonten kekuranganipun, pramila kedah nglaksanakaken wajibipun.” (CLW 03)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 01*

“wajib kuwi gunane kanggo nggenepi sajen cara bodhone ya yen ana kurange, sajen kuwi mau, iso tuku dhewe.” (CLW 01)

Saking andharan kasebat saged dipunpendhet dudutan bilih wajib menika simbol tiyang gesang ing donya menika boten wonten ingkang sampurna pramila kedah tumindak ingkang sae lan nindakaken wajibipun datheng Gusti lan sesami.

D. Paedah Upacara Bancakan Weton Tiron

1. Paedah religi

Paedah *religi* menika mujudaken Paedah upacara Weton Tiron ingkang wonten gayutanipun kaliyan kapitadosan ingkang dipunanut. Paedah *religi* upacara bancakan weton menika kangge sarana atur panyuwunan manungsa dhateng Gusti Pangeran. Panyuwunan menika dipunaturaken lumantar donga-donga ingkang dipunwaos wonten ing pasarah sajen. Upacara tradhisi Weton Tiron menika minangka sarana ngaturakan pangajab supados tansah dipunparingi umur panjang, kawilujengan, gampil anggenipun ngupados rejeki lan saged ugi dipuntambah panyuwunan pribadhi. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 4*.

“wa niku nggih nyuwun diparingi panjang umur, awet nom badan raga lan jasade, bisa nampa kabegjan, kamulyan, kesejahteraan.” (CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 01*

“Iha gunane kanggo apa? Penting kangge kula sing nglampahi, kangge keslametan sedayanipun, jasmani lan rohani..” (CLW 01)

Saking andharan-andharan ingang sampun kababar ing inggil saged dipunmangertosi bilih Weton Tiron menika dados sarana dedonga dhateng Gusti Pangeran supados tansah dipunparingi kasarasan, kaslametan, yuswa ingkang panjang lan sanesipun.

2. Paedah Psikologis

Upacara Weton Tiron gayut kaliyan paedah psikologi menika saged nuwuhaken raos tentreming batosipun. Upacara Weton Tiron mennika dados sarana kangge njagi badan kaliyan rohaninipun saking 4 nepsunipun amargi

Weton Tiron menika nedahaken bilih manungsa menika kedah saged ngendalekaken hawa nepsunipun supados saged pinaringan manah ingkang tentrem. Weton Tiron menika nedahaken bilih nepsuning manungsa menika kadosta geni ingkang saged paring pepadhang nalika alit, ananging saged dados bebaya menawi ageng. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan*

03

“kalau saya pribadi yang saya alami ketenangan batin, karena Weton Tiron ini mengajarkan kita untuk dapat mengendalikan keempat nafsu yang ada dalam diri kita, ketika kita dapat mengendalikan nafsu kita ketentraman batin itu selalu terjaga, ya bukan berarti masalah itu tidak ada, masalah itu akan selalu ada tapi semua itu bisa kita hadapi dan teratasi, jadi tidak bisa kita ukur dengan kuantitas mas, kalau kuantitas kan nominal, harga, angka ya saya dapat uang 1 milyar misalnya, bukan, bukan itu mas, tapi secara kualitatif, kualitas, ketentraman yang saya alami.” (CLW 03)

Tegesipun

“menawi kula piyambak, ingkang kula raosaken menika tentreming batos menika tansah kajagi, amargi Weton Tiron menika nedahaken bilih manungsa kedh njagi 4 nepsunipunsupados saged dipunkendaleni, menawi nepsu menika sampun dipunkendaleni manah menikatansa tentrem ngadepi masalah, boten ateges masalah menika boten wonten, nanging saged dipunadhepi lan dipunatasi, dados boten saged dipunukur kanthi cara kuantitas mas, menawi ingkang kalebet kuantitas menika nominal, regi, angka, umpamanipun kula angsal arta 1 milyar, boten menika mas, ananging dipuntingali saking kualitatifipun mas, tentreming batos ingkang kula raosaken. (CLW 03)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“yang jelas hati pikiran itu jadi tentram, karena hawa patang perkara bisa kita kendalikan,

Saking andharan ingkang sampun dipunandharaken wonten inggil saged dipunpendhet dudutan bilih Weton Tiron menika gadhah paedah *psikologis* Paedah *psikologis* menika saged dipuntingali saking sisi spiritualipun, Weton

Tiron menika dados sarana kangge njagi tentreming batos awit saking Weton Tiron menika nedahaken supatos tiyang menika njagi nepsunipun piyambak.

3. Paedah sosial

Paedah sosial inggih menika paedah gayutanipun sesambetan antawisipun tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun paedah sosial wonten ing upacara Weton Tiron menika kangge sarane ngrumaketaken sesambetan antawisipun tiyang setunggal dhateng tiyang sanesipun supados saged rukun. Menika nedahaken bilih bilih warga ing Desa Bumirejo menika sami rukun lan sesambetan antawisipun warga setunggal kaliyan warga sanesipun sae, boten wonten ingkang mbedakaken miturut *status soial* lan *ekonomi*. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“...sorene, kira kira jam 3 sajene dibongkar, dilorot mboko sethithik, dipilih sing iseh isa dipangan didheweke, nek kira-kira turah okeh ya isa dinehke kiwa-tengene” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04*

“nek wis jam 3, po bar ngasar sajene dibongkar, dijupuk dipilehi, nek turah ya isa diwenehke kiwa tengene...” (CLW 01)

Paedah sosial ingkang kaping kalih menika kangge ngrumaketaken pasedherekan kaliyan nuwuhaken raos tetulung lan karukunan. Paedah sosial saged dipuntingali saking tumindak tetulung nalika salah satunggal tiyang wonten alangan boten saged damel Weton Tiron piyambak, sajen Weton Tironipun dipundamel dening tangganipun. Boten sedaya tiyang menika saged damel sajen nalika wetonipun. Saben tiyang menika boten sami kahananipun, umpamanipun amargi sakit utawi pedamelanipun tebih sangga boten saged damel Weton Tiron

piyambak, weton menika saged dipundamelaken dening tangganipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“manfaat sosiale? Manfaate ya isa kena nggo sarana sawung karo tanggane, kadang kala ya ana wong sing gawe among nang kene, mergane ya durung duwe papan dhewe utawa nek nang omahe ora isa khusuk dedonga, terus ya isa nggo ngraketke paseduluran, kadang kala ya pas lagi lara, utawa pas nyambut gawe adoh seka ngomah kuwi biasane sok njaluk tulung kene kon gaweke among, contone ora sah adoh-adoh contone ponakanku dhewe kerjane nang Kalimantan, nang pertambangan saben wetone mesthi kon gaweke kene.”

Miturut andharan ingkang sampun kababar ing inggil, pramila saged dipunpendhet dudutan bilih upacara tradhisi bancakan weton menika gadhah paedah soial kangge sarana ngrumaketaken paseduluran kaliyan nuwuhaken raos tetulung lan karukunan antawisipun warga masarakat . Paedah sosial saged dipuntingali saking para warga sami tetulung nalika wonten tangganipun ingkang boten saged damel among kaliyan nalika ngedum bancakan.

4. Paedah pelestari tradhisi

Paedah pelestari tradhisi menika gayut kaliyan upiya masarakat kangge nglestantunaken menapa ingkang dipuntindakaken dening simbah utawi leluhuripun. Upacara Weton Tiron minangka salah satunggaling upacara tradhisi ingkang sampun turun-temurun dipunadani dening warga masarakat desa bumirejo. Warga masarakat ingkang nindakaken Weton Tiron menika nglajengaken menapa ingkang dipuntindakaken dening tiyang sepuhipun. Weton Tiron ingkang dipuntindakaken dening marga masarakat bumirejo menika dados upiya kangge njagi supados upacara tradhisi Weton Tiron menika saged lestantun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*

“yang disebut Weton Tiron yaitu nguri-uri weton utawa dina kelairane...”
(CLW 04)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 03*

“*ya Weton Tiron ini sudah termasuk nguri-uri kabudayan, ajaran nenek moyang dulu*”(CLW 03)

Miturut andharan ing inggil menika saged dipunmagertosi bilih upacara tradhisi Weton Tiron gadhah paedhah pelestari kabudayan menika kanthi ngadani upacara bancakan weton dados salah satunggaling sarana supados tradhisi kabudayan boten tumpes lan sages lestantun.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Panaliten upacara Weton Tiron ing Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo menika kangge nggambaraken lampahing adicara lan *makna simbolik* ubarampe ing bancakan menika. Asiling panaliten menika:

1. Prosesi upacara Weton Tiron

- a) Damel Sajen
- b) Masarahaken sajen
- c) Bongkar sajen

2. *Makna simbolik*

- a) sekul tigan menika simbol hubungan tiyang gesang kaliyan gusti lan sesami menika kedah kanthi dhasar *ikhlas* boten wonten pamrih menapa kemawon.
- b) gudhangan menika dados panyuwunan datheng Gusti supados dipunparingi kasarasan, umur panjang lan saged njalari kabecikan datheng anak turunipun.
- c) jenang 5 menika simbol badanipun manungsa kaliyan 4 nepsunipun inggih menika aluamah, supiyah, amaroh, lan mutmainah
- d) jenang abrit (gendhis jawi) lan pethak menika simbol tiyang sepuhipun ingkang sampun nglairaken lan nggula wentah wiwit lair dumugi dewasa.

- e) sekar pancawarna menika simbol pangajab supados gadhah kapribaden ingkang sae lan saged ngarumaken namanipun tiyang sepuh.
- f) damar kambang menika simbol oboring agesang ingkang tansah paring pepadhang datheng jagad alit lan jagad agengipun.
- g) jajan pasar menika simbol pangajab datheng Gusti ingkang yasa dinten lan pasaran supados dipunparingi kaslametan.
- h) unjukan kopi, teh, toya petak, rokok, kaliyan kinang menika simbol parmatanipun datheng kaki among nini among supados dipunparingi remen anggenipun momong.
- i) dupa menika supados badannipun dipunaringi kapribaden ingkang sae, saged ngambar arum kados arumipun dupa.
- j) Wajib menika kangge njangkepi kekiranganipun ubarampe Weton Tiron.

3. Paedah Upacara Weton Tiron

- a) Paedah reigi menika gayut kaliyan tata upacara ingkang trep kaliyan kapitadosanipun, saha kangge sarana panyuwunan marang Gustinipun.
- b) Paedah psikologis menika gayut kaliyan raos spiritualipun warga ingkang ngadani Weton Tiron, inggih menika tansah pinaringan raos tentrem lan ayem ing batosipun.
- c) Paedah sosial saged dipuntingali saking lampahing adicara ngedum sajen Weton Tiron ingkang saged dados sarana ngrumaketaken pasedherekan lan kerukunan antawisipun warga setunggal lan sanesipun.

- d) Paedah nglestantunaken kabudayan menika kanthi ngadani upacara Weton Tiron dados salah satunggaling sarana supados tradhisi kabudayan boten tumpes lan saged lestantun.

C. Pamrayogi

Weton Tiron menika salah satunggaling kabudayan jawi ingkang kedah dipunlestantunaken, pramila amrih saenipun bilih upacara Weton Tiron menika dipunlampahi kangge nguri-uri kabudayan.

D. Implikasi

Asiling panaliten menika kangge nggambaraken prosesipun upacara Weton Tiron, *makna simbolik* ubarampe ingkang dipunginakaken lan paedah upacara Weton Tiron. Upacara Weton Tiron menika taksih dipunlampahi saperangan masarakat amargi taksih nguri-uri kapitadosanipun leluhuripun. Kanthi nglampahi upacara menika masarakat Desa Bumirejo saged nglestantunaken kabudayan.

KAPUSTAKAN

- Alwi, Hasan. 2007. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Bratasiswara, R. Harmanto. 2000. *Bauwarna Adat Tata Cara Jawa Buku I*.
Jakarta: Yayasan Suryasumirat
- Danandjaja. James. 2007. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng, dan Lain-lain*.
Jakarta: PT Temprint
- Endraswara. Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan: Ideologi, Epistemologi, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Herusatoto, Budiono. 1991. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: P. T Hanindita.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. "Linguistik Folklore": Bahasa Jawa Dialek Surabaya dalam Soedarsono (Ed.) *Kesenian, Bahasa dan Folklor Jawa*. Yogyakarta: Javanologi.
- Koentjaraningrat. 1985. *Pengantar ilmu Antropologi*. Jakarta: PT. Rinka Cipta.
- Moertjipto, dkk. 1997-1998. *Upacara Mohon Hujan Desa Kepuharjo Daerah Istimewa Yogyakarta*. Yogyakarta: Depdikbud.

- Moloeng, Lexy.J. 2007. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Pamarintah Desa Bumirejo. 2013. *Data Monografi Desa Dan Kelurahan Tahun 2018*.
- Poerwadarminta, W. J. S dkk. 1939. *Baoesastra Djawa*.
- Pranoto, Teguh HP Tjaroko. 2007. *Tata Upacara Adat Jawa*. Yogyakarta. Kuntul Press
- Spradley, James. 2006. *Metode Etnografi*. Yogyakarta: Tiara Wacana
- Tashadi. 1994. *Upacara Tradhisi Masyarakat Jawa*. Jakarta: Balai Bahasa.
- Tashadi, dkk. 1992. *Upacara Tradisional Saparan Daerah Gamping dan Wonolelo Yogyakarta*. Yogyakarta: Departemen P dan K.
- Universitas Negeri Yogyakarta. 2012. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.

LAMPIRAN

CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 01

Dinten/Surya : Rebo Pon / 4 Desember 2019

Tabuh : 16.00 WIB

Papan : Dalemipun Bapak Supardal, Dhusun Bangeran, Desa Bumirejo

Topik : Upacara Bancakan Weton

Dinten Rebo Pon surya kaping 4 Desember tabuh 16.00 WIB, Ibu Pur (garwanipun Bapak Supardal) cecawis sajen Weton Tiron. Ibu Pur nyawisaken bahan-bahan bayem, kangkung, kacang panjang, lan thokolan. Sedaya bahan dipungodhog wonten panci lajeng dipunparingaken wonten piring kados gambar ing ngandhap menika.




Gambar 1. Sayur Gudhangan
(Dok. Muh Karesa)

Katrangan

1. Thokolan

2. Bayem
3. Kangkung
4. Kacang Panjang

Ibu Pur nyawisaken bahan-bahan tepung beras, tepung jagung, tepung beras abrit, tepung ketang cemeng, tepung kacang ijem, toya, lan gendhis jawi. Sedaya bahan dipunbagi dados 7, tepung jagung, tepung beras abrit, tepung ketang cemeng, tepung kacang ijem, kaliyan tepung beras 3. lajeng dipunmasak kaliyan toya sinambi dipunudhak. Jenang dipundadosaken werni 7, jenang putih, jenang abang, jenang ijem, jenang ireng, jenang kuning, jenang putih 3 (ingkang setunggal dipunparingi gendhis jawi). Jenang ingkang sampun dados kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 2. Jenang among werni 7
(Dok. Muh Karesa)

Katrangan

1. Jenang kuning
2. Jenang putih(ingkang dipunparingi gendhis jawi)
3. Jenang putih
4. Jenang abrit
5. Jenang ijem

6. Jenang putih
7. Jenang cemeng

Ibu Pur ngracik bumbu tumbar, bawang, gendhis jawi, ron salam, dipunuleg, dipuncampur parutan klapa enem, lajeng dipunbuntel ron pisang. Bumbu gudhangan lajeng dipunkukus wonten liwet. Bumbu gudhangan ingkang badhe dipunkukus wonten liwet kados ing ngandhap menika.



Gambar 3. Bumbu Gudhangan ingkang badhe dipunkukus
(Dok. Muh Karesa)

Tabuh 16.45 Ibu Pur nyawisaken jajan pasar. Sedaya jajan pasar arupi woh-woohan, kadosta pisang, jambu, lan alpukat. Jajan pasar lajeng dipuntata dados setunggal. Jajan pasar ingkang sampun dipuntata kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 4. Sayur Jajan pasar
(Dok. Muh Karesa)

Bibar nyawisaken jajan pasar Ibu Pur nyawisaken mangkok kangge wadhah sekar among. Mangkok dipunisi kaliyan toya mentah lajeng dipunisi sekar among. Sekar ingkang dipunginakaken sekar setaman cacahipun sepasng-sepasang. Wujudipun sekar among kados ing ngandhap menika.



Gambar 5. Kembang Among
(Dok. Muh Karesa)

Tabuh 18.20 WIB Ibu Pur nyawisaken unjukan kopi item, teh tubruk, lan toya anget. Unjukan dipundamel pait lan anyep utawi boten dipunparingi gendhis. Boten kesupen rokok kalih, rek bensol, kaliyan kinang dipunparingaken wonten gelas alit. Wujudipun unjukan sajen ingkang sampun dados kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 6. Unjukan among
(Dok. Muh Karesa)

Katrangan :

1. Kinang
2. Korek
3. Rokok
4. Toya Pethak
5. Kopi
6. Teh tubruk

Salajengipun Ibu nyawisaken sekul tigan, sekul ingkang sampun mateng lajeng dipunler wonten piring supados adhem. Sasampunipun adhen sekul dipuncithak golog kados bal cacahipun tiga. Sekul ingkang sampun dicithak lajeng dipunparingi tigan godhog. Wujudipun sekul tigan kados ing ngandhap menika.



Gambar 7. Sekul Tigan
(Dok. Muh Karesa)

Boten kesupen Dupa dipunsiapaken. Gelas alit ingkang sampun dipuncuci lajeng dipunparingi beras. Dupa lajeng dipuntencepaken wonten beras. wujudipun dupa kangge among kados gambar ing ngandhap menika.




Gambar 8. Dupa
(Dok. Muh Karesa)

Pungkasan Ibu Pur nyawisaken damar kambang kangge among. Damar kambang dipunlap kanthi resik, lajeng dipunparingi sumbu. Sumbunipun saking kain bekas ingkang boten dipunangge. Damar kambang ingkang sampun diparingi sumbu lajeng dipusukani lisah klenthik. Wujudipun damar kambang kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 9. Damar Kambang
(Dok. Muh Karesa)

Tabuh 15.30 WIB, Bapak Supardal mapanaken sajen ing kamar lajeng masrahaken sajen. Kamar ingkang dipunangge masarahaken sajen menika peteng, namung wonten dian kambang ingkang dados pepdhang. Bibar masrahaken sajen, sajen dipuntinggal wonten kamar ngantos dinten salajengipun. Bapak Supardal ingkang badhe masrahaken sajen kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 10. Bapak Supardal ingkang badhe masrahaken Sajen.
(Dok. Muh Karesa)

CATHETAN REFLEKSI

1. Ubarampe ing upacara bancakan weton menika wonten werni 8 inggih menika sekul tigan, gudhangan, jenang-jenangan, sekar among, jajan pasar, damar kambangan, dupa, kaliyan wajib
2. Papan masrahaken Bancakan Weton wonten ing kamar ingkang sampun diresiki.
3. Masrahaken sajen menika wonten papan ingkang peteng, namung damar kambang ingkang dados sumber cahya

CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 02

Dinten/Surya : Selasa Legi / 17 Desember 2019
 Tabuh : 15.00 WIB
 Papan : Dalemipun Mbah Iman Dusun Senik, Desa Bumirejo
 Topik : Upacara Bancakan Weton

Dinten Selasa surya kaping 17 Desember 2019 Mbah Iman cecawis sajen Weton Tiron. Mbah Iman nyawisaken bahan-bahan kangge damel sekul tigan. Uвос ingkang sampun dipuncuci lajeng dipunliwet wonten ketel. Lajeng tigan ayam dipunkukus wonten liwet. Sasampunipun sekul liwet mateng sekul dipunler wonten piring supados adhem, lajeng dipuncithak golog. Sekul tigan ingkang sampun dipuncithak kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 11. Sekul Tigan
 (Dok. Muh Karesa)

Lajeng bahan-bahanipun bayem kaliyan kacang lanjaran. Sedaya bahan dipungodhog. Bumbunipun wonten tumber, bawang, gendhis, ron salam dipunuleg, dipuncampur parutan klapa, dipunwungkus ron pisang lajeng dipungodhog sareng sayur. Sayur kaliyan bumbu gudhangan ingkang sampun mateng lajeng dipuntata kaliyan sekul tigan wujudipun gudhangan ingkang sampun dipuntata kados ing ngndhap menika.




Gambar 12. Sayur Gudhangan kaliyan Sekul Tigan
(Dok. Monica)

Lajeng Mbah Iman nyawisaken bahan-bahan kangge damel jenang-jenangan. Mbah Iman nyawisaken bahan-bahan tepung beras, tepung ketan cemeng, tepung jagung, tepung kacang ijem, kaliyan tepung beras abrit. Sedaya bahan dipuncampur kaliyan toya lajeng dipunmasak sinambi dipunudhak. Jenang dipundadosaken werni pitu, jenang putih kalih, jenang abang (kadamel saking jenang putih dipuncampur gendhis jawi), jenang abrit, jenang kuning, kaliyan jenang cemeng. Jenang ingkang sampun dados kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 13. Jenang-jenangan
(Dok. Muh Karesa)

Salajengipun mbah Iman damel unjukan kopi, teh, kaliyan toya pethak lan kinang. Mbah Iman nyawisaken gelas cacahipun 3, lajeng dipunparingi kopi cemeng, teh, gendhis pasir, kaliyan toya panas. Lajeng Mbah Iman nyawisaken kinang kanthi cara mbako kaliyan injet dipunbuntel ron suruh lajeng dipuntaleni. Wujudipun unjukan kopi, teh, toya pethak kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 14. Unjukan Kopi, Teh, Toya Pethak, kaliyan Kinang
(Dok. Muh Karesa)

Bibar damel Unjukan Mbah Iman nyawisaken mangkok kangge wadhah sekar among. Mangkok dipuncuci lajeng dipunparingi toya pethak. Wujudipun sekar among menika 5 werni sekar inggih menika sekar mawar abrit, mawar pethak, kenanga, kanthil, kaliyan melati. Wujudipun sekar among kados ing ngandhap menika.



Gambar 15. Sekar Panca Warna
(Dok. Muh Karesa)

Sasampunipun nyawisaken sekar among damar kambangan dipunsiapkaken. Damar kambang dipunparingi sembu kalyan lisah klenthik. Wujudipun damar kambang kados ing ngandhap menika.



Gambar 16. Damar Kambangan
(Dok. Muh Karesa)

Mbah Iman nyawisaken jajan pasar ingkang wujudipun woh-wohan. Jajan pasar dipunparinngaken wonten setunggal wadhah. Isinipun jajan pasar wonten maneka warna woh-wohan, kadosta pisang raja selirang, pisang pulut selirang, wortel, lan sanesipun. Wujudipun jajan pasar kados ing ngandhap menika.



Gambar 17. Jajan Pasar
(Dok. Muh Karesa)

Pungkasan Mbah Iman nyawisaken wajib ingkang awujud arta kalih ewu satus rupiyah. Wujudipun kados ing ngandhap menika.



Gambar 18. Wajib
(Dok. Muh Karesa)

Tabuh 16.20 WIB sajen sampun rampung dipundamel, Mbah Iman mapanaken Sajen Weton Tiron wonten kamar.. Salajengipun sajen dipuntutupi supados boten dipunmaem cecak. Sajen badhe dipunpasrahaken mangke bibar maghrib. Wujudipun sajen ingkang sampun dipuntata kados ing ngandhap menika.



Gambar 19. Sajen Weton Tiron ingkang sampun dipuntata
(Dok.Muh Karesa)

Dinten salajengipun tabuh jam 14.00WIB sajen dipunbongkar dening Mbah Iman (Ny). Sajen dipun lorot sekedhik-sekedhik saking papanipun. Ing ngandhap menika gambar Mbah Iman (Ny) bongkar sajen.



Gambar 20. Mbah Iman (Ny) bongkar sajen
(Dok. Muh Karesa)

CATHETAN REFLEKSI

4. Jenang gendis jawi menika, gendhis jawinipun saged dipunmangsak sareng toya kaliyan tepung utawi saged dipuncampur nalika sampun mateng.
5. Gudhangan saged dipunparingaken wonten ing sekul tigan.
6. Damar kambangan menika ngginakaken lisah klenthik.
7. Bongkar sajen menika sampun gantos dinten.
8. Bongkar sajen saged dipunwakilaken kaliyan kulawarganipun.

CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 03

Dinten/Surya : Minggu / 22 Desember 2019

Tabuh : 16.30 WIB

Papan : Dalemipun Bapak Triyono ing Dhusun Senik Desa Bumirejo

Topik : Upacara Bancakan Weton

Dinten Senin surya kaping 22 Desember tabuh 16.30 WIB Bapak Triyono cecawis sajen bancakan Weton Tiron. Pak Triyono nyawisaken bahan-bahan tepung beras, tepung jagung, tepung ketan cemeng, tepung, beras abrit, tepung kacang ijem, gendhis jawi lan toya. Sedaya tepung dipunsukakaken wonten gelas alit-alit. Tepung-tepung wau dipuncampur kaliyan toya lajeng dipunmasak sinambi dipunudhak. Jenang dipundadosaken werni pitu, jenang ijem, jenang abang (kadamel saking jenang tepung beras abrit), jenang cemeng (kadamel saking tepung ketan cemeng), jenang kuning (kadamel saking jenang jagung), jenang pethak werni tiga (saking tepung beras ingkang setunggal dipunparinigi gendhis jawi.). Jenang ingkang sampun dados kados gambar ing ngandhap menika.




Gambar 21. Jenang-jenangan ingkang dipunwadhahi gelas
(Dok.Muh Karesa)

Katrangan

1. Jenang putih (ingkang dipunparingi gendhis jawi)
2. Jenang abrit
3. Jenang putih
4. Jenang kuning
5. Jenang cemeng
6. Jenang ijem
7. Jenang putih

Salajengipun Pak Triyono damel sekul tigan. Tigan ayam dipuncuci lajeng dipunkukus wonten liwet. Sasampunipun mateng sekul dipuncithak wujud tumpeng lajeng dipunparingi tigan. Wujudipun sekul tigan ingkang sampun dipuncithak kados ing ngandhap menika.



Gambar 22. Sekul Tigan
(Dok.Muh Karesa)

Pak Triyono marut klapa enem lajeng ngracik bumbu tumbar, bawang, gendhis, ron salam dipunuleg, dipuncampur, dipunwungkus ron pisang . Salajengipun Pak Tri nyawisaken bahan-bahan bayem, kacang panjang kaliyan thokolan. Sedaya bahan dipungodhog kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 23. Bumbu gudhangan kaliyan sayur
(Dok.Muh Karesa)

Katrangan

1. Bayem
2. Kacang panjang
3. Bumbu gudhangan
4. Thokolan

Tabuh jam 17.00 WIB Pak Triyono nyawisaken unjukan kopi, teh, toya pethak, kinang, rokok, kaliyan korek. Unjukan menika dipundamel manis lan panas. Kinangipun dipunbuntel dados setunggal. Rokok ingkang dipunginakaken rokok samporna kretek. Ubarampe menika dipunparingaken wonten nampan alit kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 24. Unjukan, kinang, kaliyan rokok
(Dok.Muh Karesa)

Katrangan :

1. Kopi
2. Teh
3. Kinang
4. Toya Pethak
5. Rokok
6. Korek

Pak Triyono lajeng nyawisaken mangkok kaliyan toya kangge wadhah sekar among. Sekar among isinipun wonten kanthil, melati, kenanga, mawar abrit, lan mawar petak. Wujudipun sekar among kados ing ngandhap menika.



Gambar 25. Sekar among
(Dok.Muh Karesa)

Bibar damel sekar kangge among Pak Triyono nyawisaken jajan pasar. Isinipun maneka werna woh-wohan ingkang dipuntumbas saking peken kados buah naga, jambu, kaliyan pisang raja. Jajan pasar dipunparingaken wonten keranjang plastik. Wujudipun jajan pasar kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 26. Jajan Pasar
(Dok.Muh Karesa)

Ubarampe salajengipun ingkang badhe dipuncawisaken inggih menika damar kambangan. Damar kambang dipunlap supados resik, lajeng dipunparingi sumbu lan lisah klenthik. Sumbunipun saking gombal ingkang sampun boten diangem. Wujudipun damar kambang kados ing ngandhap menika.



Gambar 27. Damar Kambang
(Dok.Muh Karesa)

Sasampunipun nyawisaken damar kambang, pak Triyono nyawisaken dupa. Pak Triyono nyawisaken gelas ingkang dipunisi uwos kangge nancepaken dupa. Dupa ingkang dipunginakaken cacahipun tiga. Wujudipun dupa kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 28. Dupa
(Dok.Muh Karesa)

Sajen pungkasan ingkang kedah dipuncawisaken inggih menika wajib. Pak triyono nyawisaken arta ingkang cacahipun kalih ewu satus rupiyah. Wujudipun arta wajib kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 29. Arta wajib
(Dok.Muh Karesa)


Tabuh jam 18.00 sajen Weton Tiron sampun rampung dipundamel. Sajen dipunparingaken wonten kamar supados gampil anggenipun nata. Pak triyono nata sajen wonten kamar kados gambar ing ngandhap mneika.



Gambar 30. Pak Triyono nata sajen

(Dok.Muh Karesa)

Tabuh 19.30 WIB sajen sampun siap dipunpasaraken. Pak Triyono masrahaken sajen wonten kamar. Kahananipun kamar peteng amargi lampunipun dipunpateni namung wonten cahya saking damar kambang. Ing ngandhap menika gambar Pak Triyono badhe masrahaken sajen.



Gambar 31. Pak Triyono ingkang badhe masrahaken sajen.
(Dok.Muh Karesa)

CATHETAN REFLEKSI

9. Sekul tigan menika sagen dipuncithak golog utawi tumpeng
10. Sekar ingkang dipunginakaken menika wujudipun wonten werni 5 lan cacahipun kalih saben jinisipun.
11. Wajibipun menika cacahipun dipundamel ganjil
12. Tiyang ingkang masrahaken sajen menika ingkang gadhah among

CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 04

Dinten/Surya : Kemis Pahing / 2 Januari 2020

Tabuh : 16.30 WIB

Papan : Dalemipun Bapak Karibun, Dhusun Jogahan, Desa Bumirejo

Topik : Upacara Weton Tiron

Dinten Senin surya Kemis Pahing tabuh 16.30 WIB Pak Kari kaliyan Bu Ining cecawis sajen bancakan Weton Tiron. Pak Kari nyawisaken bahan-bahan tepung beras, tepung kacang ijem, tepung beras abrit, tepung jagung, tepung ketan cemeng, kaliyan gendhis jawi. Sedaya bahan dipunparingaken wonten mangkok alit dados 7 werni. Setunggal-setunggal sedaya bahan dipunmasak kaliyan toya sinambi dipunudhak. Jenang dipundadosaken werni pitu, jenang putih wonten 3 (ingkang setunggal dipunparingi gendhis jawi), jenang abrit, jenang cemeng lan jenang ijem, kaliyan jenang kuning. Tepung-tepung ingkang dereng dipunmasak kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 32. Bahan kangge damel jenang-jenangan
(Dok. Muh Karesa)

Katrangan

1. Tepung jagung
2. Tepung uwos kaliyan gendhis jawi
3. Tepung uwos
4. Tepung ketan cemeng
5. Tepung uwos
6. Tepung kacang ijem
7. Tepung uwos abrit

Salajengipun Pak Kari nyawisaken jajan pasar kangge among. Jajan pasar arupi woh-wohan kados pisang, apel, pir, lan bahan pangan kados tape kaliyan tempe. Jajan pasar dipunparingaken wonten kranjang buah, dipuntata dados setunggal. Wujudipun jajan pasar kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 33. Jajan Pasar
(Dok.Muh Karesa)

Tabuh 15.00 Pak Kari nyawisaken unjukan kopi item, teh tubruk, kaliyan toya pethak. Unjukan dipundamel wonten cangkir, lajeng dipunparingaken wonten nampan alit. Boten kesupen Pak Karibun nyawisaken korek, rokok kalih, kaliyan arta kangge wajib. Artanipun kalih ewu satus rupiyah. Unjukan kopi, teh, toya pethak, rokok, korek, kaliyan wajib ingkang sampun dipuntata kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 34. Unjukan among, rokok, korek, kaliyan wajib
(Dok. Muh Karesa)

Katrangan :

1. Kopi
2. Teh
3. Arta wajib
4. Toya Pethak
5. Korek
6. Rokok

Bu Ining lajeng damel sekul tigan. Sekul ingkang sampun mateng lajeng dipun ler wonten piring supados gampil dipuncithak. Sekul dipuncithak ngangge tangan. Sekul lajeng dipunbentuk golog cacahipun tiga. Boten kesupen sekul dipunparingi tigan ayam kampung ingkang sampun dikukus wonten liwet. Wujudipun sekul tigan ingkang sampun dipuncithak kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 35. Sekul Tigan
(Dok. Muh Karesa)

Bibar nyawisaken unjukan Pak Kari nyawisaken dupa kangge among. Cacahipun dupa 3, dipunparingaken wonten gelas ingkang wonten berasipun. Wujudipun dupa among kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 36. Dupa kangge among
(Dok. Muh Karesa)

Salajengipun Pak Kari nyawisaken sumbu kangge damar kambang. Sumbunipun saking gombal ingkang boten wonten campuran plastik. Sasampunipun sumbu dipasang, damar kambang dipunparingi lisah klenthik lajeng dipuncobi diurubaken kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 37. Damar kambang
(Dok. Muh Karesa)

Pungkasan Pak Kari nyawisaken sekar among. Sekar among isinipun sekar setaman, dipunparingaken wonten mangkok ingkang sampun disukani toya. Wujudipun sekar among kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 38. Sekar among
(Dok. Muh Karesa)

Tabuh 17.30 WIB Pak Kari mapanaken sajen bancakan ing kamar. Sajen dipunparingaken wonten meja ing kamar supados gampil anggenipun nata. Sajen ingkang sampun siap dipunpasrahaken kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 39. Sajen ingkang badhe dipuntata

(Dok.Muh Karesa)

Tabuh 19.00 WIB sajen dipunpasrahaken dening Pak Kari. Sajen dipunpasrahaken wonten kamar, sedaya lampu dipunpateni saengga namung damar kambang ingkang dados pepadhang ing ruangan. Pak Kari ingkang badhe masrahaken sajen kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 40. Pak Kari ingkang masrahaken sajen

(Dok. Muh Karesa)

CATHETAN REFLEKSI

13. Jenang-jenangan menika bahanipun saking maneka warna tepung inggih menika tepung uwos, ketan cemeng, uwos abrit, kacang ijem, kaliyan jagung
14. Unjukan kopi, teh, kaliyan toya pethak menika dipundamel manis
15. Jajan pasar saged boten kedah woh-wohan nanging saged dipungantos bahan pangan sanesipun kados tempe lan tape.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA (CLW 01)

Nama : Bapak Supardal
 Dinten/ tanggal : Rebo Pon / 4 Desember 2019
 Wekdal : 15.00 WIB
 Papan : Dalemipun Bapak Supardal

Pitakenan ngengingi pangertosan upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : Menapa ingkang dipunsebut Weton Tiron menika?
 Narasumber : Weton Tiron kuwi ngelingi karo uripe, eling karo kelairan, eling karo uripe, karo sing duwe kelairan kuwi mau, ategesing Weton Tiron. Nah, nganti diwujudake nganggo ubarampe rak ngono, antarane mengeti kedadeane uripe menungsa awake dhewe kuwi, perangane nek dikokopi kaya bonggol kae dadi sanga.
 Muh Karesa : Menapa Weton Tiron menika wajib ?
 Narasumber : ya wajib anggone sing yakin karo percaya, sing ora yakin karo percaya ya rasah nglakoni.

Pitakenan ngengingi wekdal upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : Wekdal kangge nglaksanakaken Weton Tiron menika kapan?
 Narasumber : wektu ngleksananake Weton Tiron, kanggo wong-wong sing nglaksanake Weton Tiron kuwi mau, istilahe dina kelairane, dina karo tanggale kelairan ewong kuwi mau, umpamane dina kelairane wong kuwi mau dina kemis legi, nah selapandina pisan diupacarani.
 Muh.Karesa : kangge masrahaken Weton Tiron menika wonten wekdal khusus boten?
 Narasumber : Iha, wektune khusus dari malam H dina laire sampai ketuk pagi jam 12 siang, itu dinei ubarampe karo doa.

Pitakenan ngengingi persiapan upacara Weton Tiron

- Muh.Karesa Persiapanipun menapa kangge nglaksanakaken Weton Tiron menika?
- Narasumber Persiapan ya, persiapan ya cara bodon awake dhewe resik, sing do nggawe kan sing nglakoni kuwi resik lha njur nyepakake jenang-jenang kuwi mau banjur dipasrahake.
- Muh.Karesa Lajeng menika dipunsarengi kaliyan pasa menapa boten?
- Narasumber Malah luwih apik yen dipasanani ngapit dina wetone.

Pitakenan ngengingi papan upacara Weton Tiron

- Muh.Karesa : papan kangge masrahaken Weton Tiron menika, wonten papan ingkang khusus menapa boten?
- Narasumber : Papan kanggo masarahake Weton Tiron kudu resik, senadyan ta cilik, ning bakune resik.
- Muh.Karesa : Lajeng papanipun menika ingkang sae ingkang peteng menapa padhang?
- Narasumber : Papane sing spik ya ruangane sing petheng, yen ana lampune ya dipateni, sing dadi pepadhang nang ruangan kuwi mung dian kambangan.
- Muh.Karesa : Kenging menapa ruanagan ingkang dipunpilih menika ruangan ingkang petheng?
- Narasumber : Papane kuwi luwih apik sing petheng, dadine sing dadi pepadhang kuwi mung cahyane sekadian kambangan, kuwi disimbolke dadi matahrine sing madhangi jagad gedhe lan jagad cilike dhewe, disamping kuwi ya yen peteng kuwi isa luwih khusuk anggane dedonga tinimbang sing ruangane padhang sing akeh godhane.

Pitakkenan ngengingi jinising ubarampe Weton Tiron

- Muh.Karesa : ubarampe menika wujudipun menapa kemawon?
- Narasumber : ubarampene wujud siji jenang, kuwi awujud jenang ireng, jenang abang, jenang putih, jenang kuning, ana jajanan pasar pitung warna, dian kambangan, kembang pancawarna, sekul suci ulam sari, kopi, teh, wedhang putih, kinang, rokok, lan wajib.
- Muh.Karesa : Jenangipun menika werni pinten?
- Narasumber : Jenange kabeh ana 7 jenang ana sing jenenge jenang ireng kuwi seka ketan ireng, jenang kuning kuwi seka jagung, jenang abang kuwi seka beras abang, jenang putih seka beras putih, terus jenang ijem kuwi seka kacang ijem, jenang sing loro meneh seka beras putih sing siji dinei gula jawa.
- Muh karesa : Sedaya bahan-bahan menika dipungiling rumiyin?
- Narasumber : Lha iya
- Muh.Karesa : Anggenipun damel jenang jenangan menika kados pundi?
- Narasumber : Gawene ya tepung-tepung mau dicampur banyu njur digenenni siji-siji..
- Muh.Karesa : Menawi sekul tigan menika ingkang kados pundi?
- Narasumber : Sekul tigan kuwi sego sing diwenei endhog godhog karo gudhangan, endhoge nganggo ndhog pitik jawa, dikukus bareng liwet utawa digodhog bar gudhangan, ning yen kepepete ora ana endhog pitik jawa diganti endhog pitik lehor, utawa endhog liyane ya ora apa-apa.
- Muh Karesa : Sekulipun menika sekul biyasa menapa sanes?
- Narasumber : Segane sega liwet biyasa
- Muh Karesa : Gudhanganipun menika kados pundhi?
- Narasumber : gudhangan kuwi ya isine sayur warna-warna ana bayem, kangkung kacang lanjaran, thokolan, wortel, digodhog trus dinehi bumbu kambil sing wis dikukus

- Muh Karesa : Bumbu gudhangane menika bahanipun menapa kemawon lan damelipun kados pundi?
- Narasumber : bumbu gudhangane ya ana brambang, bawang, uyah, tumbar, gula jawa, godhong salam, diuleg, terus dicampur parutan kambil enom, lagi dikukus apa ditumpangne liwet.
- Muh Karesa : Sekar pancawarna menika ingkang kados pundi?
- Narasumber : sekar pancawarna ki ya ana mawar abang, mawar putih, kanthil, kenanga, melati, kuwi loro-loro
- Muh Karesa : Umpamanipun boten wonten kembang mawar utawi kanthil saged boten dipungantos sekar sanesipun?
- Narasumber : ya isa wae diganti nganggo kembang liyane sing penting ana limang macem
- Muh Karesa : Lajeng wadhah kangge sekar pancawarna menika sanesnipun mangkok saged boten?
- Narasumber : Wadhahe isa nganggo mangkok utawa gelas sing diisei banyu, banyune banyu putih, nggo banyu sumur ya kena sing penting resik mengko nek wis diiseni banyu njur kembang dinehke kono.

Pitakkenan ngengingi maknanipun ubarampe Weton Tiron

- Muh.Karesa : Menapa maknanipun ubarampe ingkang dipunginakaken wonten Weton Tiron menika ?
- Narasumber : Siji Dian kambangan, ateges madangi jagad, sulih matahari nek awan padange jagad, awan ki kan matahari, jagade awake dhewe sing madhangi bengi kuwi, awujud dijupukake dian kambangan utawa senthir. Banjur jenang ireng kuwi kanggo mrengeti kedadeane awake dhewe kuwi saka sari-sarining bumi, sing kasebut aluamah, jenang abang kasebut amarah kedadeane saka sari-sarining geni, jenang kuning kuwi kedadeane saka sari-sarining angin, sufiah, jenang putih

kuwi nerangake kedadeane saka sari-sarining banyu kang kasebut mutmainah, nah jenang ijem kuwi kasebute badan, sing ngurung, amengku hawa patang perkara kuwi mau, dadi kasebute Weton Tiron kuwi meper hawa napsu kanggo awake sing nglakoni tuntunan Weton Tiron, sing ora nglakoni ya ora.

Muh.Karesa : Lajeng wonten kembang panca warna, menika menapa tegesipun?

Narasumber : Kembang pancawarna kuwi tegese supaya bisa ngambar arum pribadine kaya kembang kuwi sing nglakoni upacara Weton Tiron.

Muh.Karesa : Menawi sekul suci ulam sari menika menapa maknanipun?

Narasumber : sekul suci ulam sari ya kuwi sega sing ana endoge, ana gudangane ana kacang panjang, tokolan, kuwi nandakake hubungan yen tuju lempeng, dilingkari gudangan kuwi ben umur panjang ben isa nglanjari kanggo sakturun-turun awake dhewe lan kiwa tengene, tokolan ya ben isa ngrembaka.

Muh.Karesa : Lajeng wonten wedhang tiga menika menapa tegesipun?

Narasumber : lha, ikukan ya kanggo ngerteni, kanggo caos kurmate awake dhewe dijaga rina lan sewengine kuwi ngenei unjukan karo sing momong awake dhewe

Muh Karesa :

Narasumber :

Pitakenan ngengingi mupangat upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : menapa mupangatipun Weton Tiron kangge panjenengan lan masarakat?

Narasumber : lha gunane kanggo apa? Penting kangge kula sing nglampahi, kangge keslametan sedayanipun, jasmani lan rohani, nggih

kangge urip, sampun sujud kalih urip kula dhewe, ngerteni urip kula dhewe.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA 02 (CLW 02)

Nama : Mbah Iman Sukar
 Dinten/ tanggal : Selasa legi / 17 Desember 2019
 Wekdal : 15.00 WIB
 Papan : Dalemipun Mbah Iman Sukar

Pitakenan ngengingi pangertosan upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : Ingkang dipunwastani Weton Tiron menika menapa?
 Narasumber : Oh Weton Tiron mas, tegese Weton Tiron menika minangka mrengeti dinten kelairanipun piyambak-piyambak mas, wong sing duwe weton kelairane dhewe kuwi perlu diprengeti, dadi mrengeti dinten kelairan utawi ngopah-opahi kaki among nini among sing momong jiwa ragane kula panjenngan piyambak-piyambak. Kuwi sing di sebut kaki among nini among nek cara agamai islam kuwi malaikat pamomong sing mapan ana ing pundhak kiwa lan tengen.
 Muh.Karesa : Menawi asal-usulipun Weton Tiron menika saking pundi nggih ?
 Narasumber : Asal - usuling Weton Tiron kuwi seka jawa mas, sebab wong jawa kuwi duwe petung sing ora ditinggalake , ora luput saka petung, dhasare saking dina lan pasaran, lan dina kelairane dhewe- dhewe, kan ra padha mas.

Pitakenan ngengingi wekdal upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : Wekdal kangge nglaksanaken Weton Tiron, dhasar petunge menapa?

- Narasumber : Dasar petunge? Dhasar petunge, ten malem dina kelairane dhewe-dhewe mas.
- Muh.Karesa : Lajeng wekdal kangge masrahaken Weton Tiron menika kapan?
- Narasumber : Nggih, kirang langkung dicakake mangke bakda surup, niku umpaminipun menika wonten malem jumat pon, mangke niku bar magrib mulai dipasrahake.
- Muh.Karesa : Kenging menapa kok bakda maghrib pak? Kok boten enjing menapa siangipun?
- Narasumber : saged mawon niku, saged mas, dadi nek tiyang jawi nyebute malem utawi dina, sing penting ora kliwat dinane jam12, umpaminipun malem jumat pon, nek sesuk nggih jumat pon saged, nek sakderenge kliwat jam12, jumat pon enjinge saged,jumat pon jam10 saged, sing penting ora kliwat jam 12. Nek jam 12 menika sampun mlebu wektune sebtu wage, nek kanggone tiyang jawi

Pitakenan ngengingi papan upacara Weton Tiron

- Muh.Karesa : Kangge nglaksanakaken Weton Tiron menika wonten papan ingkang *khusus* boten?
- Narasumber : Langkung prayogi menika wonten papan ingkang langkung resik utawi ingkang sekeca mas, boten ngarani kudu apik nanging resik, senjata ta papane niku wujud cilik ning bakunipun menika resik.

Pitakenan ngengingi persiapan upacara Weton Tiron

- Muh.Karesa : Lajeng kangge persiapan upacara Weton Tiron menika wonten persiapan *khusus* boten?
- Narasumber : Langkung sae, pasti yang ingkang badhe nglampahi Weton

Tiron menika ditindaki pasa ngapit mas, niku pasa ngapit tegese niku telung dina telung bengi niku dilakoni pasa mutih mas. Niku langkung sae pas malem Weton Tiron pun nggih dipunlampahi, saklajengipun menika sampun mulai, menika mandi basah utawi mandi kramas, nindakaken pasa mutih menika ingkang dipunwastani pasa mutih mas, menika sanes kaliyan pasa romadhon lho niku, nuwunsewu mas, niku kok ana imbal jasane saiki ramangan mengko mangan, ning nek nindakake pasa mutih ,mulai masuk pasa wontene namung niku boten wonten saur. Dadi wontenipun nindakaken pasa mutih, niku tetep siji nang papan sing peteng tegese nang senthong tengah, sing peteng, boten papane, boten, nanging sepisan, ora kena nyuara sing ora apik, krungu swara elek ya batal,aja maneh nggawe rajapati ya wes batal. Dadi selama 3 hari menjalankan pasa mutih menika tetep suci tetep bener, ora duwe pikiran elek,ora nyuara elek.

Muh.Karesa : Dados pasanipun menika tigang dinten? menika wajib menapa boten?

Tigang dalu, tigang dinten, langkung prayogi mas dilakoni karo pasa.

Pitakkenan ngengingi makna simbolik ubarampe Weton Tiron

Muh.Karesa : Lajeng ubarampe ingkang dipunginakaken wonten upacara Weton Tiron menika menapa?

Narasumber : Ubarampe ingkang dipunsiapkaken menika mas, sepindah nyiapaken sepindah bubur ireng sing asale saka ketan ireng, niku minangka pratandha nglambangake, nggambaraken sing rupane ireng, sing asale saka lemah, wujudne ning lor mas, papane neng lor nek cara agama islam nyebute aluamah. Loro, jenang abang, seka bubur abang asale saka beras abang

niku nek cara islame disebut amaroh panjenengan, sing asal saka geni papane nang kidul mas, nek nang yogya kene, kuwi sing mapan nang badan sampeyan. Lha ketelune bubur kuning sing asal seka jagunng kuning kuwi disebut supiyah kuwi nek cara islame, sing asal saka angin kuwi nang kulon papane mas, sing bubur putih kuwi nang wetan, sing disebut mutmainah panjenengan, nek cara islame sing asale saka banyu, mula sing disebut kiblat papat lima pancer, kuwi kiblate papat kuwi sing diarani lor kidul, wetan kulon pancere badan sampeyan. Lha disebut lima badan sampeyan, enem roh idhlofine sampeyan, pitu rasa jatine sampeyan, wolu nur muhammade sampeyan, sanga dununge urip sampeyan, lha niku sakbadan sampeyan isine ana sanga mas, kuwi sing disebut sakane ratu adil kuwi nang awake sampeyan, dadi senajan a siji ning, wujud sampeyan ki siji nanging sejatine ana sanga mas. Kuwi maknane jenang abang, ireng, kuning, lan putih. Kuwi sing ireng duwe daya panguasa dhewe-dhewe mas, sing ireng, sing asale saka lemah kuwi duwe daya panguasa ngreksa ning badane awake sampeyan, kuku rambut lan mripat sampeyan, niku sing ngreksa aluamah sampeyan. Amaroh duwe ngreksa kulit lan getih sampeyan, supiyah duwe daya panguasa ngreksa daging, otot bebayu, balung sumsum, untu lan paru lan kekuatan ususe sampeyan.

- Muh.Karesa : Lajeng menawi sekul ulam sari menika, menapa tegesipun?
- Narasumber : Oh nggih, sekul ulam sari, unjukan kopi, teh, toya pethak, sekar panca warna, lan ganda arum menika ingkang awujud dupa, menika kangge ngopah-opahi kaki among nini among kang momong jiwa ragane sampeyan supados diparingi remen anggenipun momong, slamet wilujeng ingkang dipun emong. Lan menika ingkang saporu malih kangge ngopah-

opahi, menika sedulur nunggal bareng lair panjenengan, yaiku tutup, banyu urip, kakang kawah lan getih tuntunan, adhi ari-arine sampeyan, sing metu saking marga ina, lan sing ora metu saking marga ina, sedulure sampeyan sing karawatan lan sing ora karawatan, sarta sedulure sampeyan 7, nek panjenengan jaler, jaler estri, nek panjenengan estri, menika estri jaler. Nek sik estri niku ya wadone 6 kakunge 1, yen sik njenengan kakung jalere 6 wadone 1. Menika diopah-opahi supados ngreksa, ngganda, lan dhahar sari-sarine, boten kok mangan ngetemel ngene iki mas.

Muh.Karesa : Damar kambing menika tegesipun menapa?

Narasumber : Damar kambing, sing uripe saking lisah klenthik, menika nyepetke minangka dedamaring agesang utawi oboring urip mas, nggih oboring kula kula, nggih oboring gesang tiyang ingkang nindakaken Weton Tiron menika.

Muh.Karesa : Menawi jajan pasar werni 7 ?

Narasumber : jajan pasar werna 7, menika ndherek mrengeti, nek ubarampenipun lengkapipun menika ngedalaken kalawetune bumi, sadreming ndadosaken rejekipun pangeran ganjaranipun kang kuwaos pratandha ndherek merengeti dinten pitu pasaran lima, kang yasa dina lan pasaran sing panjenengan ambah sak rina lan bengine wonten pundi papan sik ditambah panjenengan njaluk diwelasi diasahi wong sak lemahing bumi kureping langit. Lha ingkang saporu malih menika ndherek mrengeti datheng kaki lan nini ingkang yasa dina lan pasaran ingkang sakmenika dipunagem sadaya titah siyang dalunipun tansah jinangkung ing kawilujengan sedayanipun. Nek panjenengan duwe pedamelan, pedamelan menika njaluk diwelasi diasahi, neng endi papan sing dilenggahi sampeyan, niku ndang gampang, isa entuk, isa

diunggahke pangkate, ten riku niku mas. Niku prengetan dina pitu pasaran lima, dadi nek tembunge rada dhuwur sithik tembunge memule, memule artine ngluhurake mas, ngluhurake sing yasa dina lan pasaran, kaki lan nini sing yasa dina lan pasaran.

Muh.Karesa : Dados saben papan niku wonten ingkang ngreksa nggih?

Narasumber : Wonten mas

Muh.Karesa : Lajeng, jenangipun menika wonten kalih malih, menika menapa tegesipun?

Narasumber : Nah, jenang abang lan putih, jenang abang lan putih menika saking bapa lan biyunge panjenengan, jenang abang saking biyunge sampeyan, jenang putih menika saking bapane sampeyan minangka lantaran dumadosipun wujudipun sampeyan, menika diprengeti.

Pitakenan ngengingi mupangat upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : Mupangat menapa kangge panjengan, kok panjenengn nglakoni Weton Tiron menika

Narasumber : wa niku nggih nyuwun diparingi panjang umur, awet nom badan raga lan jasade, bisa nampa kabegjan, kamulyan, kesejahteraan.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA 03(CLW 03)

Nama : Bapak Triyono
 Dinten/ tanggal : Minggu Legi, 22 Desember 2019
 Wekdal : 15.00 WIB
 Papan : Dalemipun Bapak Triyono

Pitakenan ngengingi pangertosan upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : Apa yang dimaksud dengan upacara bancakan Weton Tiron itu?

Narasumber : Upacara Weton Tiron adalah suatu bentuk bagian dari kebudayaan masyarakat Jawa, jadi ketika orang terlahir didunia harus diperingati upacara kelahirannya, salah satu wujudnya Weton Tiron itu.

Muh.Karesa : Kenapa hari lahir itu harus diperingati?

Narasumber : karena kita lahir didunia ini tidak sendiri, ada yang selalu menyertai kita di kehidupan kita ini, jadi Weton Tiron ini sebagai simbol yang tujuannya untuk ngerteni dan ngopah-opahi yang momong kita.

Muh.Karesa : Apa itu wajib mas?

Narasumber : Ya wajib nggaknya itu sudah menjadi kebutuhan diri sendiri bagi orang Jawa yang sudah mencapai kesadaran tertentu, artinya orang yang melakukan weton itu sudah menjadi kebutuhan karena itu menjadi wujud rasa syukur kepada Tuhan karena sudah diberi kesempatan lahir didunia, jadi harus diperingati ha kreri lahirnya.

Muh.Karesa : Jadi melakukan Weton Tiron ini tidak ada paksaan?

Narasumber : Iya mas

- Muh Karesa : Sejak kapan anda melakukan Weton Tiron ini?
- Narasumber : Kalau saya pribadi secara turun-temurun, mbah-mbah saya dulu selalu diperingati hari lahirnya, dulu waktu saya kecil sering dibuatkan among oleh orang tua saya, sekarang sudah dewasa sudah bisa bikin among sendiri.

Pitakenan ngengingi wekdal upacara Weton Tiron

- Muh Karesa : Upacara Weton Tiron itu dilaksanakan setiap kapan?
- Nararsumber : Ya setiap orang beda-beda mas, tergantung hari lahirnya, jadi orang jawa mengambil hari lahir atau istilahnya wetonnya. Ada yang hari lahirnya minggu legi, senin pahing dan lain-lain. Biasanya biasanya orang bikin bancakan Weton Tiron pas waktu menjelang malam hari pas hari lahirnya.
- Muh Karesa : Jadi setiap neptunya mas?
- Nararsumber : Iya, itu perputaran setiap 35 hari atau delapan.
- Muh Karesa : Biasanya setiap pagi hari atau malam hari?
- Nararsumber : Biasanya pas sorenya, misal saya lahir minggu legi, itu berarti malam minnggunya sebelum jam 6, itu udah mulai bikin, lalu antara jam 6-12 itu sudah bisa dipasrahkan istilahnya.
- Muh Karesa : Kenapa harus malam hari mas, apa ada alasan khusus?
- Nararsumber : Itu karena ketika malam hari itu, waktunya orang istirahat mas, keadaan sunyi, kita sudah tidak terusik dengan segala urusan dunia, jadi kita bisa fokus dalam memasrahkan sajen.
- Muh Karesa : Jadi, waktu terbaik untuk memasrahkan among itu sore hari?
- Narasumber : Iya, karena kami berpandangan jam 6-12 malam itu waktu yang terbaik, jadi ketika memasrahkan sudah dalam keadaan *meditatif* atau berpuasa

Pitakkenan ngengingi ubarampe Weton Tiron

- Muh Karesa : Apa saja jenis ubarampe yang digunakan dalam Weton Tiron?
- Narasumber : Ubarampe yang ada Weton Tiron itu secara garis besar ada 9

macam karena menggambarkan tentang manusia itu sendiri, jadi disitu ada yang namanya jenang, jenang disitu ada 5 macam yaitu jenang warna hitam, jenang warna merah, jenang warna kuning, jenang warna putih, dan jenang warna hijau. Terus ada kembang 5 rupa yang ditaruh dalam semangkok air, terus ada yang namanya damar kembang semacam lilin yang menyala tapi pakai minyak itu lho mas, kemudian ada yang namanya jajan pasar, jajan pasar disitu juga ada 7 macam, bebas pokoknya, yang penting jajan pasar kemudian ada nasi atau sega golog gilig, kemudian ada telur, ada air ada 3 macam, teh, kopi, dan wedhang bening, kalau dilengkapi ada rokok, kinang, susur. Kemudian ada jenang putih dan gula merah, kemudian ditambah uang Rp.2100, untuk melengkapi kekurangan.

Muh Karesa : Jenang tadi ada 5 macam itu dibuat dari apa dan bagaimana membuatnya?

Narasumber : Untuk jenangnya sendiri bahan dasarnya dibuat dari tepung. Jenang warna hijau dibuat dari kacang hijau yang digiling, jenang hitam dari ketan hitam, jenang warna merah itu dari beras abang yang digiling, jenang warna kuning itu dari tepung yang dibuat dari jagung, kemudian jenang putih dari beras biasa.

Muh Karesa : Itu cara membuatnya bagaimana?

Narasumber : Caranya sama mas, itu bahannya cuma menggunakan air putih yang dicampur dengan tepung-tepung tadi kemudian dimasak sampai matang.

Muh Karesa : Yang dimaksud dengan kembang 5 rupa itu kembang yang seperti apa?

Narasumber : Kembang setaman, yang penting 5 macam, kembang mawar merah, mawar putih, melati, kenanga, kanthil, dan bunga

yang diambil dari taman, sepasang sepasang.

- Muh Karesa : Itu harus kembang setaman atau bisa diganti dengan bunga yang lainnya?
- Narasumber : Tidak harus setaman mas, yang penting 5 macam, jadi kembangnya itu bisa diganti dengan kembang yang lain yang ada disekitar rumah.
- Muh Karesa : Kemudian nasi telurnya, itu bagaimana cara membuatnya, dan apa saja bahan-bahan yang dibutuhkan?
- Narasumber : Nasi telur itu dibuat dari nasi liwet yang kemudian dibentuk bulat seperti bola, jumlahnya ada 3, kemudian ditambahkan 1 butir telur ayam kampung.
- Muh karesa : Apa harus telur ayam kampung?
- Narasumber : Lebih baik telur ayam kampung atau jawa, tetapi jika memang tidak ada telur ayam kampung, bisa diganti dengan telur yang lain.
- Muh Karena : Damar Kambangnya itu, terbuat dari apa:?
- Narasumber : Damar kambang itu berasal dari tanah liat mas, yang dibentuk sedemikian rupa sehingga menyerupai bola.
- Muh Karesa : Damar kambang itu , buat sendiri atau beli mas?.
- Narasumber : Beli mas ditempat penjual grabah di daerah bendungan.
- MuhKaresa : Tadi ada jenang merah dan jenang putih lagi, itu terbuat dari apa?
- Narasumber : Jenang abang dan jenang putih itu dibuat dari tepung beras mas, yang kemudian salah satunya, diberi gula jawa. Cara membuatnya juga sama dengan jenang-jenang yang lain yaitu air panas dicampur dengan tepung kemudian dimasak hingga matang.
- Muh Karesa : Unjukan kopi teh dan yang lainnya itu, bagaimana cara membuatnya
- Narasumber : Kopi, teh, air putih itu buatnya memakai air panas mas.

Dibuat tanpa gula. Kemudian ada kinang susur itu isinya ada tembakau, daun suruh, injet atau kapur sirih.

Muh Karesa : Kemudian tadi itu ada yang namanya jajan pasar 7 macam, yang termasuk jajan pasar itu apa saja?

Narasumber : Jajan pasar itu bisa apa saja mas yang dijual dipasar, tapi biasanya yang selalu ada itu buah pisang 1 tangkep, kemudian dileengkapi dengan buah yang lainya yang berjumlah 7 macam.

Muh Karesa : Kalau tidak salah dalam sesajen itu ada dupa yang dibakar, apa itu juga menjadi bagian dalam Weton Tiron?

Narasumber : Oh iya mas, dupanya dibakar mas, dikasihkan gelas atau cangkir yang diisi beras untuk menancapkan dupa.

Muh Karesa : Apa harus beras mas?

Narasumber : Enggak mas, bisa diganti dengan yang lainnya.

Pitakkenan ngengingi ubarampe Weton Tiron kalian maknanipun

Muh Karesa : Apa makna dibalik ubarampe Weton Tiron ini?

Narasumber : Ya, ada maknanya khusus mas, jadi tidak sembarangan, kalau dilihat dari tata letaknya sendiri, saya bisa dari situ bisa diambil benang merah bahwa dulu, masyarakat jawa itu sangat memahami asal mula penciptaan manusia, jadi secara penataan ubarampe itu juga disesuaikan dengan segala sesuatu yang ada dalam tubuh manusia. Misalnya disitu ada cara menata jenang aja, disitu ada jenang warna hijau, jenang warna hijau ditengah, itu simbol sukma sejati manusia yang ada dipusat inti tubuh manusia, kemudian dikelilingi jenang 4 macam, yaitu jenang warna hitam, kuning, merah, dan putih. Disitu sebagai simbol nafsunya manusia yang meliputi sukma sejati, warna hitam biasanya orang jawa menyebutnya nafsu aluamah, disitu digambarkan dengan jenang warna hitam,

kemudian jenang warna merah disimbolkan sebagai nafsu amarahnya manusia, kemudian ada jenang warna kuning menyimbolkan nafsu sufiyah manusia, dan jenang warna putih yang menyimbolkan nafsu mutmainahnya manusia. Jadi itu sudah sistematis orang Jawa jaman dulu itu sudah tahu, tidak sembarangan dari menaruh tata letaknya saja sudah seperti itu. Kemudian ada damar kambang, itu sebagai cahaya penerang, sebagai ibaratnya, sebenarnya didalam tubuh manusia itu didalamnya ada cahayanya, cuma kalau manusia tidak dapat mengendalikan keempat nafsunya itu, cahayanya akan redup. Kemudian disitu ada jajan pasar, kenapa ada 7 macam, itu sebagai wujud permohonan manusia kepada Sang Maha Pencipta bahwa ketika manusia tumibal lahir ke alam mayapada itu kakinya harus menginjak tanah, nah disitu, manusia itu harus selalu memohon kepada Sang Maha Pencipta, agar bisa selamat, makanya dalam doanya nanti ada kata-kata “ duh gusti ingkang maha suci, nyuwun slamet, rahayu, wilujeng wonten papan pundhi ingkang kulo ambah” kata-kata itu diwujudkan dalam bentuk jajan pasar, jadi sebagai wujud permohonan manusia kepada Sang Maha Pencipta, agar selalu diberi keselamatan dimanapun kakinya menginjak, kita akan selalu diberi perlindungan sang maha pencipta. Kemudian air itu ada 3 macam, disitu ada teh, kopi, dan air putih, kemudian ada rokok, kinang, tembakau, kemudian ada uang 2100, itu adalah simbol doanya manusia yang diwujudkan dalam wujud benda, yang intinya adalah selama manusia menjalani karma didunia dia selalu didampingi kaki among nini among, jadi ada yang ngemong manusia itu. Mungkin kalau dalam khasanah budaya Arab mereka menyebutnya malaikat ya, malaikat pamomong, yang

mungkin secara bahasa cuma beda penyebutannya saja. Namun masyarakat Jawa secara intisarinya tetap mengakui bahwa ada malaikat pembimbingnya maka mereka menyebutnya kaki among nini among. Saat upacara hari lahir itu juga diikutsertakan, disitu sebagai wujud ya tidak sekedar pengakuan, tapi kita juga, istilahnya ikut mendoakan mereka, ngerteni mereka, agar unsur-unsur dalam diri manusia itu berkesinambungan dengan baik. Ya bukannya kita meminta sesuatu kepada mereka, tetapi mengakui keberadaan mereka, karena mereka bagian dari diri kita yang ikut menyertai perjalanan sukma sejati kita.

Muh Karesa : Tadi, kalau tidak salah masih ada jenang 2 macam lagi, jenang putih dan gula merah, itu maknanya apa mas?

Narasumber : Ada 2 jenang, jenang putih, dan jenang gula merah, disitu sebagai simbol orang tua kita yang ikut ngampeng-ampengi kita, makanya ada gula merah itu karena orang tua yang nggula wentah dari lahir hingga kita dewasa jadi diikutsertakan dalam among kita tidak berdiri sendiri, orang tua yang telah melahirkan kita, maka ikut kita doakan juga disitu.

Muh Karesa : Kemudian ada dupa yang dibakar itu apa maksudnya?

Narasumber : Dupa itu sebagai simbol doanya manusia agar sifat kepribadian kita bisa seperti wanginya dupa itu.

Pitakenan ngengingi mupangat upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : Manfaat apa yang anda rasakan setelah anda melaksanakan upacara Weton Tiron ini?

Narasumber : Kalau saya pribadi, yang saya alami, ketenangan batin, ketentraman batin itu selalu terjaga, bukan berarti masalah itu tidak ada, tapi semua itu bisa kita hadapi dan teratasi. Jadi tidak bisa kita ukur dengan *kuantitas* mas, kalau *kuantitas* kan nominal, harga, angka, ya saya dapat uang 1 milyar misalnya,

bukan, bukan itu mas, tapi secara *kualitatif, kualitas*, ketentraman batin yang saya alami.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA (CLW 04)

Nama : Bapak Karibun
 Dinten/ tanggal : Kemis Pahing / 2 januari 2020
 Wekdal : 15.00 WIB
 Papan : Dalemipun Bapak Karibun

Pitakenan ngengingi pangertosan upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : Menapa ingkang dipunsebut Weton Tiron menika?
 Narasumber : Yang disebut Weton Tiron yaitu nguri-uri weton utawa dina kelairane. Dina kelairane sapa? Ya dina kelairane si A dhewe-dhewe, umpamane dina kelairane Resa, Kari, Tono, dadi dina kelairane dhewe-dhewe.
 Muh.Karesa : Lha menika kenging menapa kok kedah dipunpengeti?
 Narasumber : Ya supaya tau karo asal-usule, ngerti karo uripe, ben ora gampang kena owah gingsire kahanane donya.
 Muh.Karesa : Menapa menika sampun dados kewajiban?
 Narasumber : Ya, nek dibilang kewajiban, wis bukan kewajiban meneh. Weton Tiron itu sudah menjadi bagian dari hidup saya.

Pitakenan ngengingi wekdal upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : Wekdalipun kangge nglaksanakaken Weton Tiron menika, petunge kados pundi?
 Narasumber : Wektune?
 Muh.Karesa : Inggih.
 Narasumber : Wektune, nek dina kelairane, umpamane Resa laire minngu pon, disiapkan setelah maghrib malam minggu pon, kalau

tidak bisa atau waktunya repot, ditinggal bepergian, bisa paginya tapi jangan sampai melebihi pukul 12.

Muh.Karesa : Kenging menapa kok boten pareng langkung jam 12?

Narasumber : Karena nek sudah melebihi jam 12 kuwi wis ganti hari, jadi sudah ndak bisa.

Muh.Karesa : Dados menika saben dinten neptunipun nggih?

Narasumber : Iya, setiap selapan pisan.

Muh.Karesa : Lajeng wekdal kangge masrahaken sajen menika ingkang sae jam pinten?

Narasumber : Ya yang bagus sehabis bakda maghrib, atau jam 6.

Muh karesa : Menika kenging menapa, kok kedah bibar jam 6 aangganipun masrahaken weton?

Narasumber : wong semedi sing khusyuk kuwi pada karo ngibadhah, kuwi sing paling apik kan malam hari, waktunya sunyi, tidak terganggu apa-apa, aktifitas kerja tidak ada, tapi siang hari juga nggak apap-apa, misalnya kita pergi mendadak misalnya. Itu waktu yang mendasar, tapi kalau tidak juga tidak apa-apa.

Pitakenan ngengingi papan upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : Kangge masrahaken Weton Tiron menika wonten papan ingkang khusus menapa boten?

Narasumber : Itu ndelok sikondisi, kalau sudah punya rumah sendiri, itu bisa. Seperti saya, saya tempatkan ditempat sendiri diruangan khusus. Kalau belum punya rumah sendiri, ya usahakan mana tempat yang baik untuk pasrah Weton Tiron.

Muh.Karesa : Lajeng, ruangan khusus menika ingkang kados pundhi?

Narasumber : Ruanagan khususe ya nek wong jaman biyen nyebute senthong, gak harus besar yang penting bersih, bisa enak untuk semedhi.

Pitakkenan ngengingi jinising ubarampe Weton Tiron

- Muh.Karesa : Ubarampe ingkang dipunginakaken wontening Weton Tiron menika menapa kemawon?
- Narasumber : Ubarampenya?
- Muh.Karesa : inggih.
- Narasumber : Ubarampenya, Sekul suci ulam sari, kuwi sega ditumpangi ndog, yen ana ya ingkung. Loro, dupa. Telu, damar kambang yang pakai minyak goreng, kalau tidak ada pakai ciri dan kelapa. Empat, kembang pancawarna sajodo-sajodo, kembang mawar ya abang putih, kanthil loro, kenanga loro, melati ya loro. Kalau nggak ada, ya, kembang blimbing, kembang gayam, atau kembang apa saja yang penting pancawarna. Lima, jenang abang, jenang kuning, jenang ireng, jenang ijem, lan jenang abang loro, jenang putih loro. Ses, ses itu rokok, kinang, korek, ada wajibnya, ada jajan pasar 7 warna, untuk mengeti pitung dina pekenan gangsal yang ada di Jawa.
- Muh.Karesa : Jenangipun menika bahanipun saking menapa?
- Narasumber : Jenang abang dari beras abang, jenang putih dari beras putih, terus jenang ireng itu dari tepung ketan hitam, jenang kuning dari jagung, jenang ijem dari tepung kacang hijau
- Muh.Karesa : Lajeng jenang ingkang kalih malih menika saking menapa?
- Narasumber : Jenang yang dua itu dari tepung beras putih, ning sing siji dikeki gula Jawa utawa gula abang.
- Muh.Karesa : Jajan pasaripun menika menapa kemawon nggih?
- Narasumber : Jajan pasar itu ya, semua yang ada dipasar, yang penting 7 macam kanggo mengeti dina 7 pekenan 5.
- Muh.Karesa : Lajeng menawi dupanipun menika ingkang kados pundi?
- Narasumber : Dupane, cacahé 3 ditancepke nang gelas sing wis dinei beras, disulet pas masrahake sesaji.

- Muh Karesa : Menika dupanipun cacahipun kedah tiga menapa kados pundi?
- Narasumber : Sebenarnya ya ndak harus tiga, itu cuma kebiasaan orang tua dan mbah-mbah saya dulu, jadi saya ikut aja.
- Muh karesa : Menawi berasipun menika saged dipungantos sanesipun boten?
- Narasumber : Bisa, bila ndak ada beras bisa diganti dengan yang lainya

Pitakkenan ngengingi maknanipun ubarampe Weton Tiron

- Muh Karesa : Menapa maknanipun ubarampe menika?
- Narasumber : Dupa, sing nekakake, sing ngambar-ambar arum jabang bayi si A. Damar kambang madangi jagade kang gawe among, ya jagad cilik lan jagad gedhe si gawe among. Terus, kembang pancawarna ki menghiasi awak, badane si A yang gawe Weton Tiron, biar badane tetap sehat mengku 4 perkara.
- Muh Karesa : Ingkang dipunsebut 4 perkara menika menapa nggih?
- Narasumber : Sing disebut patang perkara kuwi, ya nepsune manungsa, kang awujud 4 aluamah, supiyah, amaroh, lan mutmainah.
- Muh Karesa : Kenging menapa kok sajodo-sajodo?
- Narasumber : ya itu hanya naluri dari orang jawa dulu. Menghiasi men apik mengku 4 perkara Jenang ireng kanggo sedulure hawa patang perkara kuwi mau, napsu aluamah, jenang abang kanggo sedulur tua si A.
- Muh Karesa : Dados, jenang abang, ireng, kuning, lan putih, menika simbol napsuning manungsa ingkang awujud 4?
- Narasumber : dadi jenang ireng, jenang kuning, abang, putih, ijem kuwi aluamah, supiyah, amaroh, mutmainah, lan ijem badan. Jenang abang lan jenang putih sijine kuwi kanggo nguri-uri, caos bektos marang wong tuane dhewe, sing ngukir jiwa ragane dhewe, kawit nang kandungan nganti dewasa, mula

diarani jenang abang kaapit kembang pancawarna.

Muh Karesa : Lha berarti menika menika wonten maknanipun piyambak-piyambak nggih ?

Narasumber : lha iya, aluamah, supiyah, kuning itu supiyah, putih mutmainah, abang ki amaroh, dan ijem ki badan. Terus sing jenang abang lan putih sijine kuwi ngenahi caos bektos wong tuane dhewe, sing ngukir jiwa ragane dewe kawit dalam kandungan tekan dewasa, mulane dianake jenang abang kekapit kembang pancawarna karo jenang putih, bapa lan ibune sing ngukir jiwa ragane si awake dhewe.

Muh Karesa : lajeng menika wonten rokok, kinang?

Narasumber : lha sedulure dhewe ki 7 jaler estri, iya ta? Nek wong wedok kuwi wedoke 6 lanange 1, ninga nek wong lanang, lanange 6 wedoke 1.

Muh Karesa : Lajeng ingkang dipunsebut sedulur 7 menika ingkang kados pundi?

Narasumber : ya itu, sedulur pitu itu rangkaianane kedadeane menungsa, dadi ora langsung blegger, yen jaman saiki le ngarani malaikat.

Pitakenan ngengingi prosesi upacara Weton Tiron

Muh Karesa : Lajeng, prosesinipun upacara Weton Tiron menika kados pundi?

Narasumber : Prosesinya, dimulai dari persiapan itu sejak pukul lima, ya sebelum jam lima juga nggak apa-apa, tapi ditutupi jangan sampai diinjak-injak cecak. Setelah itu proses semedinya, itu setelah ditata tempatnya masing masing, misalnya jenang ireng aluamah iring lor asale seka lemah, abang seka geni nang kidul, supiyah seka kulon, putih mutmainah banyu seka wetan, ijem badan jenenge badan, jenenge pancer, 5 pancer pancere urip iki awak, sing mengku patang perkara, kiblat 4 lima pancer, pancere ya awakmu dhewe. Itu prosesinya ya

satu mandi kramas, suci seperti sembahyang karna nguri-uri sing momong, bukan si A si B, biar kita tetap sehat.

Muh Karesa : lajeng menawi sampun dipsrahaken, ubarampe menika sampun saged dipunbongkar napa boten?

Narasumber : Oh ndak, nunggu waktu setelah dipasrahkan malam hari, bongkarnya ya paling tidak nunggu jam 3 sore. Sebetulnya ya tidak apa-apa, tinggal niatnya sendiri, tapi ya *etisnya* ya sorenya sekitar ngasar.

Muh Karesa : Dados anggenipun bongkar menika, nengga dinten wetonipun menika telas?

Narasumber : Siapkan, dipasrahkan, sudah ta? Sudah.ditaruh diruangan sendiri, besok sore pukul 3 baru dibongkar. Tapi ya dibongkar langsung ya nggak apa-apa, tapi ya cara sembahyang kurang *etis*.

Muh Karesa : Anggenipun nata ubarampe menika boten sembarangan nggih?

Narasumber : O, ada penataannya, tapi itu ya hanya aran, tempat ning rak tempate, oh aluamah ki seka lor, oh amarah ki seka kidul geni, oh angin ki seka kulon supiyah, kan kalau sudah tau ditempatkan ketempat yang tepat, kalau tidak tahu ya hanya aran. Kamu Resa saya panggil Kari ya nggak ada apa-apanya.

Pitakenan ngengingi mupangat upacara Weton Tiron

Muh.Karesa : menapa mupangat saking Weton Tiron menika, kangge panjenengan ?

Narasumber : masyarakat sekarang pada umunya sudah *modern*, karena termasuk keyakinan, tidak bisa. Ning nek orang jawa seperti kita ini, karena mbah-mbahku jawa, leluhurku jawa jadi saya hanya ikut mbah-mbahku dulu. Kalau di masyarakat umum karena sudah *modern* jadi tidak buat, nek orang dulu pasti

buat among. Bagi manfaat tubuh yang merasakan ya dia sendiri, seperti saya manfaatnya ya kesehatan terjaga, tidak pernah mengeluh, kalau sakit, ya biasa sandangnya orang sakit, ya biasalah, yang *fatal* tidak bisa, karena malaikat yang momong itu sudah dingerteni.

:
:

KERANGKA ANALISIS UPACARA WETON TIRON

A. Deskripsi Setting Panaliten

Upacara Tradhisi Weton Tiron, Desa Bumirejo, Kecamatan Lendah, Kabupaten Kulon Progo dipunadani 35 dinten sepisan, ing dinten Rebo Pon surya kaping 4 Desember 2019, Selasa Legi surya kaping 17 Desember 2019, Minggu Legi surya kaping 22 Desember 2019, kaliyan Kemis Pahing surya kaping 2 Januari 2020. Papan Upacara Bancakan Weton kalampahan ing senthong utawi kamar ingkang sampun resik. Paraga Upacara Bancakan Weton menika para warga Desa Bumirejo ingkang tasih kagungan naluri tiyang Jawi inggih menika Bapak Supardal, Mbah Iman, Bapak Triyono, kaliyan Bapak karibun. Fungsipun ngawontenaken Upacara Bancakan Weton kangge ngopah-opahi ingkang momong.

B. Prosesi Upacara Bancakan Weton

1. Cecawis

a. Wadah bancakan weton

b. Sajen bancakan weton

- 1) Sekul Tigan
- 2) Gudhangan
- 3) Jenang-jenangan
 - a) Jenang ijem
 - b) Jenang cemeng
 - c) Jenang kuning
 - d) Jenang pethak
 - e) Jenang ijem
 - f) Jenang pethak
 - g) Jenang gendhis jawi
- 4) Sekar Pancawarna
- 5) Damar Kambang

- 6) Unjukan kopi, teh, toya pethak, kinang, kaliyan rokok
- 7) Dupa
- 8) Wajib

2. Lampahing Adicara Upacara Bancakan Weton

a. Masrahaken Sajen

Lampahing masrahaken sajen menika dipunlampahi bibar sedaya cecawis rampung. Papan kangge masrahaken wonten ing kamar utawi papan ingkang resik. Sajen dipunpasrahaken dening tiyang ingkang gadhah among.

c. Mbongkar Sajen Bancakan

Bongkar sajen menika menika sampun gantos dinten, sajen saged dipunbongkar sontenipun bibar wangsul saking padamelan.

C. Makna simbolik Sajen

- 1. Sekul Tigan
- 2. Gudhangan
- 3. Jenang-jenangan
 - a) Jenang ijem
 - b) Jenang cemeng
 - c) Jenang kuning
 - d) Jenang pethak
 - e) Jenang ijem
 - f) Jenang pethak
 - g) Jenang gendhis jawi
- 4. Sekar Pancawarna
- 5. Damar kambang
- 6. Unjukan kopi, teh, toya pethak, kinang, kaliyan rokok
- 7. Dupa
- 8. Wajib

D. Fungsi Upacara Bancakan Weton

1. Religi

Nyuwun Keslametan

2. Psikologis

Damel tentreming batos

3. Sosial

Ngrumaketaken Pasedherekan

4. Pelestari Tradhisi

Nglestantunaken Kabudayan